# Рио-де-Жанейрэ Джэду Іэниуар дыжьын медаль къыщехь!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№160 (23.318) ● 2016 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Темыркъан Ю. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхук Іэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Музыкэ гъуазджэм зегъэужьыным зэфІэкІышхуэ зэрырихьэлІам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын Темыркъан Юрий Хьэту и къуэм - Урысейм щІыхь зиІэ и гупым - филармонием и академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІым икІи и дирижёр нэхъыщхьэм, «Шостакович Д. Д. и цІэр зезыхьэ филармониеу Санкт-Петербург дэтыр» федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и художественнэ унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ**
**КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм шыщхьэуІум и 18-м*
*№94-УГ*

**Темыркъан Юрий Хьэту и къуэр Санкт-Петербург дэт къэрал филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІщ икІи и дирижёр нэхъыщхьэщ 1988 гъэм къыщыщІэдзауэ.**



1965 гъэм Темыркъан Юрий япэу утыку къихьащ Ленинград къалэм оперэмрэ балетымкІэ и театрым игъэува, Верди Дж. И «Травита» оперэм и дирижёру. 1966 гъэм къыщыщІэдзауэ 1972 гъэ пщІондэ а театрым и дирижёру лэжьащ, 1968 гъэм Санкт-Петербург филармонием и академическэ симфоние оркестрым и унафэщІ къалэнри дзыхь къыхуащІащ.

1976 - 1988 гъэхэм Темыркъан Юрий Хьэту и къуэр оперэмрэ балетымкІэ театрым, Кировым и цІэр зезыхьэм, и художественнэ унафэщІщ икІи и дирижёр нэхъыщхьэщ. Абы и унафэм щІэту театрым щагъэуващ «Война и мир», «Мёртвые души», «Пётр I», «Пушкин», «Маяковский начинается» жыхуиІэхэр. И режиссёр лэжьыгъэхэм ящыщщ «Евгений Онегин», «Пиковая дама» оперэхэр. Лондон щигъэлъэгъуащ «Борис Годунов» оперэр.

СССР-м, РСФСР-м, КъБАССР-м я цІыхубэ артистщ. СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ къыхуагъэфэщащ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтуи тІу кърат ащ, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори къыхуагъэфэщащ. Ленин орденыр кърат ащ. Санкт-Петербургрэ Налшык къалэмрэ щІыхь зиІэ я цІыхущ.

# Темыркъан Юрий ягъэлъапІэ

● Дыгъуасэ

**СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэ и цІэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, Санкт-Петербург щІыхь зиІэ и цІыху, а къалэм и къэрал филармонием и академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІ, дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрий «Дыгъэпс къалэм» шыщхьэуІум и 19-м щагъэлъэпІащ.**



КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, республикэм и Парламентым, Правительствэм я лІыкІуэхэм, Темыркъаным и творчествэр фІыуэ зылъагъу налшыкдэсхэм маэстрэр ІэгуауэшхуэкІэ кърагъэблэгъащ.

«ДыгъафІэ къалэм» и пэш Іэхуитлъэхуитхэм, еджапІэ зэпэщхэм, лабораторэхэм, шхапІэхэм зыщрагъэплъыхьа иужь, Темыркъан Юрий и цІэр зыфІаща музыкэ классыр ирагъэлъэгъуащ. Дирижёр цІэрыІуэм жиІащ апхуэдэ тыгъэр хуабжьу и гуапэ зэрыхъуар, икІи абы псалъэ гуапэкІэ къыпежьа ныбжьыщІэ цІыкІухэм хьэщІапІэ къахуэкІуэну къигъэгугъащ. Классым и блынхэр Темыркъан Юрий и псалъэ Іущхэмк Іэ, сурэтхэмрэ, музыкэ ІэмэпсымэхэмкІэ гъэщІэрэщІат.

- Ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэр зыгъэлъэпІэну къытхуеблэгъа псоми фІыщІэ ин фхузощІ, - захуигъэзащ КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм. - Дэ хуабжьу щхьэусыгъуэ дахэщ дызэхуэзышэсар, дэ псоми фІыуэ тлъагъу ди хэкуэгъу, зэрыгушхуэ цІыху ди хьэщІэщ. Абы и цІэр дунейпсо гъуазджэм и тхыдэм хэтщ. Творческэ ехъулІэныгъэ уи бэу, уузыншэу иджыри илъэс куэдкІэ уи хэкуэгъухэр дыбгъэгуфІэну сыпхуохъуахъуэ. ФІыщІэ ин пхузощІ укъызэрытхуеблэгъам папщІэ.

Музыкэ гъуазджэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэ иныр къалъытэри, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр КъБР-м ти Іэтащхьэм Темыркъан Юрий иритащ.

- Шэч хэмылъу, нобэ къысхуащІа гулъытэр къызэрымыкІуэу си гуапэ хъуащ, фи фІэщ мыхъунри хэлъщ, ауэ сэ хуабжьу сагъэукІытащ. ФІыщІэ ин фхузощІ,- жиІащ Темыркъан Юрий къыщыпсалъэм.

АдэкІэ утыкур хуит зыхуащІа, сабий творческэ гупхэм зэфІэкІыр дирижёр цІэрыІуэм и пащхьэ щагъэлъэгъуащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Пиротехникэр къызэрагъэсэбэпым хабзэ пыухыкІа халъхьэнущ

**Абы теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков А. ТІ. иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм, КъБР-м и прокуратурэм, республикэм щыІэ МВД-м, Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм я лІыкІуэхэр.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ пиротехникэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм, ар къыщагъэсэбэпыну щІыпІэмрэ зэманымрэ теухуауэ гу зылъытапхъэхэм, цІыхухэр мыгъэпІейтеиным хуэгъэза законодательствэр гъэзэщІа зэрыхъум.

ЗэІущІэм щыжаІахэм япкъ иткІэ зэгурыІуащ пиротехникэр къызэрагъэсэбэпыр убзыхуным хуэгъэза Іуэхухэр ягъэхьэзыру КъБР-м и Правительствэм къыщыхалъхьэну.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

# Нобэрей къыдэкІыгъуэм и гуэдзэныр

Ди газетымкІэ хъыбар зэрывэдгъэщІащи, Кфар-Камэ (Израиль) къыщызэрагъэпэща Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым хэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ Адыгэ Республикэм и «Ислъэмей» уэрэджыІакІуэ гупымрэ. ЦІыху минихым нэблагъэ зыхэта а концертыр зэрекІуэкІам и мызакъуэу Израилым адыгэхэр щыпсэууэ ит къуажэ цІыкІуитІым - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ - и щыІэкІэпсэукІэм, журтхэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм я гупсысэкІэ, дызэрыщыІа тхьэмахуэм кърикубыдэу ядэтлъэгъуахэм, нэгъуэщІхэми тедухуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и нобэрей къыдэкІыгъуэм и гуэдзэныр.



● Гу зылъытапхъэ

*Сурэтыр* **Выщхьэ Іэдэм** *трихащ.*

● Олимпиадэ-2016



# Уи насып нэхъыбэ ухъу!

**Шэч къытетхьэркъым: ди республикэм щыщу бэнэкІэ хуит спорт лІэужьыгъуэм дихьэххэм я мызакъуэу, абы зыкІи пымыщІа цІыху минхэри пІейтейуэ, ягухэр иубыдыным нэсауэ дыгъуасэ кІэлъыплъащ Джэду Іэниуар и утыку итыкІам. Олимп джэгухэм я алэрыбгъум ар къыщытехьэнур къызыхуэмыгъэсу пэплъахэм дащыщщ «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэри.**

КИЛОГРАММ 74-м нэс зи хьэлъагъхэр щызэпеуэ гупым, Джэду Іэниуар зыхэтым, щыщу япэу ар зыпэщІэувар Узбекистаным икІа Абдурахмонов Бекзодэщ. ЗэІущІэм зэрыщІидзэу Іэниуар бжьыпэр иубыдри, и ныкъуэкъуэгъум Іэмал иритакъым щытыкІэр зэридзэкІыжыну. Очко бжыгъэу щІалэхэм иратахэми къагъэлъагъуэ Іэниуар куэдкІэ нэхъ лъэщу зэрыбэнар - 10:5-уэ ди хэкуэгъу щІалэр узбекым ефІэкІри, зэпеуэм и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэм кІуащ.

Сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкІыу Джэдур аргуэру утыкум къихьащ. Иджы абы къыпэщІэтыр бэнакІуэ нэхъ Іэчлъэчыжт - 2012 гъэм Инджылызым и къалащхьэ Лондон щекІуэкІа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм бэнэкІэ хуитымкІэ чемпион щыхъуа Барроуз Джордант. Ар бэнакІуэ лъэщу зэрыщытым дыщыгъуазэти, абы нэхъ дытегузэвыхьырт, ауэ, дызэрыщыгугъауэ, Іэниуар абыи къыфІихьащ текІуэныгъэр - 3:2.

Зэпеуэм и кІэух Іыхьэм нэсын папщІэ Іэниуар иджыри зы утыку къыхьэгъуэ къыщІэлът - Азербайджаным щыщ Гасанов ДжэбрэІил ефІэкІын хуейти, ари лъэкІащ ди щІалэм - 5:4-уэ абы текІуащ.

Финалым Джэду Іэниуар къыщыпэщІэтащ Ираным щыщ Язданишарати Хьэсэн. Ари апхуэдизкІэ лъэщти, уфІэмыкІыфыным хуэдэт. ЗэІущІэм щІидзэри иухыным секунд бжыгъэ фІэкІа къэмынэжыху Джэду Іэниуар бжьыпэр иІыгъащ, ауэ бжыгъэр 6:6 ищІын хузэфІэкІри, иран спортсменыр чемпион хъуащ. Джэду Іэниуар дыжьын медалыр къихьащ.

Олимп джэгухэм дыжьын медаль къыщыпхьынри гуфІэгъуэшхуэщ. А гуфІэгъуэр Джэду Іэниуар даІэт къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысей Федерацэми, адыгэ щыпсэу щІыналъэ псоми.

«Уи насып нэхъыбэ Тхьэм ищІ!» - дохъуэхъу дэри адыгэ щІалэм.

*«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм я цІэкІэ*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ.**

# Нэмыцэхэм дыкъызэранэкІ

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ Гъэмахуэ Олимп джэгухэм и иужьрей махуитІым зы дыщи къыщызымыхьыфа Урысей Федерацэм и спортсменхэр официальнэу щымыт гуп зэпеуэм зы увыпІэкІэ къыщекІуэтэхащ. Абыхэм япэ къиищащ нэмыцэхэр, японхэри къалъэщІыхьэпащ. Къэнэжа зэпэщІэтыныгъэхэм къарикІуэм емылъытауэ, США-м и спортсменхэр XXXI Олимпиадэм щытекІуащ. Псори зэхэту абыхэм медали 100 къахьакІэщ, 35-р дыщэу.

Бэрэжьей кІуам зэхэта зэхьэзэхуэхэм ди къэралым дыжьын медалу тІурэ зы жэзрэ къахьэхуащ. Дызыщыгугъар, дауи, нэхъыбэт.

ЦІыхубзхэм бэнэкІэ хуитымкІэ я зэпеуэм Урысей Федерацэм икІауэ 3 зэуэ а махуэм утыку къихьащ. Абыхэм ящыщу тІур финалым нэсащ.

ИлъэсиплІ ипэкІэ Лондон щекІуэкІа Олимпиадэм килограмм 69-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэхьэзэхуэм чемпион щыхъуа **Воробьёвэ Наталье** а ехъулІэныгъэм Рио-де-Жанейри къыщыпищэну хущІэкъуащ. Ар абы пэгъунэгъу дыдэ хъуат икІи зыкъомрэ 2:0-у япэ итащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, кІэух зэІущІэм и иужь секундхэм Японием щыщ Досэ Сарэ къыщытридзащ.

Апхуэдэ дыдэу къыщыщІащ килограмм 58-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щыбэна **Кобловэ Валерие**. Абыи секунд бжыгъэкІэ зиІыгъыжыфакъым. Иужьрей олимпиадищми щытекІуа Ичэ Каори ар хуэфэщэну пэщІэтащ икІи хуабжьу хигъэзыхьащ. ИкІэм-икІэжым япон бэнакІуэм текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ икІи, зэи къэмыхъуауэ, бзылъхугъэхэм ящыщу япэ дыдэу олимпиадиплІым зэкІэлъхьэужьу чемпион щыхъуащ.

БоксымкІэ финал ныкъуэ зэІущІэр **Беляковэ Анастасие** и дежкІэ гуузу иухащ. Килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм къыщыпэщІэхуа франджы боксёр Моссели Эстель абы и блэгъукІэр иригъэпкІащ икІи ди хэкуэгъур сымаджэщым къыщІэхутащ. АдэкІэ мызэуэфынуми, Беляковэм жэз медалыр зыІэригъэхьакІэщ.

Вэсэмахуэрей зэхьэзэхуэхэм Урысей Федерацэм къыхуихьар зы дыжьынрэ жэз медалитІрэщ. ТхэквондомкІэ зэпеуэм етІуанэ увыпІэр иубыдащ **Денисенкэ Алексей**. Килограмм 68-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм и финалым абы къыщефІэкІащ игъащІэм япэу олимп медаль (занщІэу дыщэу!) Иорданием къыхуэзыхьа Абугъэуш Ахьмэд. А къэралыгъуэм ар и лъэпкъ махуэшхуэ хъуащ икІи цІыхухэр минищэ бжыгъэкІэ уэрамхэм къыдыхьащ, гуфІэгъуэр зэдаІэту.

Ди къэралым жэз медалхэр къыхуахьащ боксёр **Никитин Владимиррэ** бэнакІуэ **Букинэ Екатеринэрэ**.

Бразилием еянэу Олимп чемпион щыхъуащ Ямайкэм щыщ Болт Усэйн. Вэсэмахуэ ар щытекІуащ метр 200-м къыщызэдэжэм.

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ Олимпиадэр иухыным къэнэжар махуитІщ. Абыхэм къызэщІаубыдэнущ хуабжьу дызэрыпІейтей Іуэхугъуит І: Джэду Іэниуаррэ Махуэ Билалрэ бэнэкІэ хуитымкІэ зэхьэзэхуэм зэрыхэтынур. КъищынэмыщІауэ, хуабжьу удэзыхьэх хъунущ футболымкІэ финалым Бразилиемрэ Германиемрэ я цІыхухъу командэ къыхэхам я зэпэщІэтыныгъэр, гандболымкІэ Урысей Федерацэмрэ Франджымрэ я цІыхубз гуп къыхэхахэр дыщэм папщІэ зэрызэныкъуэкъунур, нэгъуэщІ куэди.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

**XXXI Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр**
*(шыщхьэуІум и 19-м ирихьэлІэу гуп нэхъыфІипщІыр)*

| № | Къэралыр | Дыщэу | Дыжьыну | Жэзу | Псори |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **США** | **35** | **33** | **32** | **100** |
| 2. | **Великобритание** | **22** | **21** | **13** | **56** |
| 3. | **Китай** | **20** | **16** | **22** | **58** |
| 4. | **Германие** | **13** | **8** | **11** | **32** |
| 5. | **Урысей Федерацэ** | **12** | **15** | **17** | **44** |
| 6. | Япони е | 12 | 6 | 18 | 36 |
| 7. | Франджы | 8 | 12 | 14 | 34 |
| 8. | Италие | 8 | 9 | 6 | 23 |
| 9. | Нидерландхэр | 8 | 4 | 4 | 16 |
| 10. | Австралие | 7 | 10 | 10 | 27 |

# Мудрэн Беслъэн Іэтауэ кърагъэблагъэж

**Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ медаль къыщыхуэзыхьа адыгэ щІалэ Мудрэн Беслъэн гуфІэгъуэ щытыкІэм иту дыгъуасэ Тамбукъан гуэлым деж къыщрагъэблэгъэжащ.**



КъБР-м и вице-премьер Битокъу Владимир, Дзэлыкъуэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Руслан, республикэм и Правительствэмрэ и Парламентымрэ щыщхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Мудрэн лъэпкъым я лІыкІуэхэр шыгъупІастэкІэ а щІыпІэм чемпионым щыпежьащ, хъуэхъу гуапэхэр щыхужаІащ, джэгу щращІэкІащ.

ИужькІэ чемпионымрэ абы и гъэсакІуэ, 2004 гъэм Афинхэм щекІуэкІа Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа Тау Хьэсэнбийрэ «Бгырысхэр» мотоклубым хэтхэр зыщІыгъу авточырэмкІэ Налшык къагъэзэжащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуэзащ.

Республикэм и УнафэщІым къыхигъэщащ Мудрэн Беслъэн и текІуэныгъэм Урысейм и командэ къыхэхам дежкІэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриІэр, сыту жыпІэмэ щхьэусыгъуэншэу ди къэралым къыщытракъуэзэ мы лъэхъэнэм Олимп джэгухэм я япэ махуэм абы текІуэныгъэр къиихьащ.

- Олимп джэгухэм нэгъуэщІ дыщэ медалхэри къызэрыщытхьынум шэч къытесхьэркъым, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщІыр чемпионым хуэупсащ пэшиплІ хъу фэтэр Налшык и къалэкум къызэрыщратым и сертификатымрэ «Mercedes-Benz GLS 400» автомашинэм и ІункІыбзэІухымкІэ. Тау Хьэсэнбии Іыхьэншэ хъуакъым - абы «Тойота Камри» автомашинэ тыгъэ хуищІащ.

Мудрэн Беслъэн къыщыхъуа Бахъсэн къалэми ар Іэтауэ щрагъэблэгъэжащ и Іыхьлыхэм, къызыдэхъуа и ныбжьэгъухэм.

*Тхыгъэри сурэтри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу

# Щоджэн Iэбу и щапхъэ



**1931 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ Щоджэн Iэбу.**

КЪУАЖЭ школым классибл къыщиуха нэужь, республикэм щыIэ интернат-школым ягъэкIуащ. Ар дыжьын медалкIэ къиухри, Ломоносовым и цIэр зрихьэу Москва щыIэ къэрал университетым и юридическэ къудамэм щIэтIысхьащ.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, илъэс 23-м иту лэжьэн щIидзащ Iэбу. Налшык цIыхубэ хеящIэ къалэныр хьарзынэу щрихьэкIыурэ, и зэфIэкIхэм гу къылъатэри, КъБАССР-м и Суд Нэхъыщхьэм хеящIэу яшащ. Зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну ехъуапсэ щIалэр 1958 гъэм МКъУ-м и аспирантурэм щIэтIысхьат, ауэ унагъуэ Iуэху щхьэусыгъуэкIэ къыщIэкIыжын хуей хъуащ.

Мэлбахъуэ Тимборэ ирегъэблагъэри, Щоджэныр КПСС-м и обкомым и аппаратым и инструктору илъэситIкIэ мэлажьэ. ИужькIэ Iэбу республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэ хъуащ. Ар икIи хеящIэт, граждан Iуэхухэмкlэ къудамэми и унафэщIт. 1973 гъэм КъБАССР-м и прокуратурэм уголовнэ-суд Iуэхухэмкlэ къудамэм и унафэщI ящIащ.

Нэхъ иужьыIуэкIэ Щоджэным и диссертацэр пхигъэкIри, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. 1991 гъэм ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм правэмкIэ и къэрал къудамэм и секретариатым и унафэщI IэнатIэм пэрыуващ. 1994 гъэм щIидзэри, ар КъБР-м и Конституционнэ Судым конституционнэ правэмкIэ къудамэм и унафэщIу илъэсиблкIэ лэжьащ. 2003 гъэм пенсэм кIуащ.

Жэуаплыныгъэшхуэ зэпхьэлIэн хуей къулыкъушхуэ зэхуэмыдэхэм пэрыту илъэс куэдкIэ лэжьа Щоджэным и гуащIэр гулъытэншэ хъуакъым. 1983 гъэм абы Москва къыхурагъэхауэ щытащ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщI Яснов Михаил и Iэр зыщIэлъ тхыгъэ:

«Ныбжьэгъу Щоджэн Iэбу Къамбот и къуэ! 1983 гъэм щIышылэм и 10-м къыдэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Социалист хабзэхэр гъэбыдэным епхьэлIа уи гуащIэм папщIэ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыпхуигъэфэщащ «РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр.

**МЫРЗЭКЪАН Дисэ.**

● Абы дегъэпIейтей

# «Кавказым и Имарат» жыхуаIэр къапхъэным ихуащ

**Урысейм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм зэрыщыжаIамкIэ, терроризмэм пыщIа щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр илэжьыну зызыгъэхьэзыр «Кавказым и имарат» жыхуаIэм хэтхэр здэщыIэ щIыпIэр наIуэ къэхъуащ егупсысауэ ирагъэкIуэкIа оперативнэ лэжьыгъэм и фIыщIэкIэ. Псори зэрыщыгъуазэщи, шыщхьэуIум и 17-м ахэр Санкт-Петербург и хьэблэхэм ящыщ зым хабзэхъумэхэм къыщаухъуреихьри, абдеж къыщыхьея зэхэуэм щаукIащ федеральнэ IэнатIэм къыщалъыхъуэ боевикхэмрэ абыхэм я дэIэпыкъуэгъумрэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ахэр псори ди республикэм щыщщ.**

«КАВКАЗЫМ и имарат» террорист зэгухьэныгъэм хиубыдэ «Къэбэрдей-Балъкъэр «вилайет» жыхуаIэ гупым и Iэтащхьэ Шыбзыхъуэ Залым Борис и къуэр 1986 гъэм къалъхуащ (щатха адресыр: КъБР, Налшык къалэ, Ватутиным и уэрам, 33, фэтэр №19). КъБР-м щыIэ щэхурылажьэ бандэхэм я «ищхъэрэ - къуэкIыпIэ Iыхьэм и амир» цIэр зэрихьэрт 1991 гъэм къалъхуа Шэру Астемыр Аслъэн и къуэм (щатха адресыр: КъБР, Бахъсэн къалэ, Нэгумэм и уэрам, фэтэр №50). Бандэм и лэжьыгъэм нэхъ жыджэру хэтхэм ящыщ зыт 1982 гъэм къалъхуа Ныр Вячеслав Леонид и къуэр (щатха адресыр: Бахъсэн къалэ, Ломоносовым и уэрам, унэ №63).

Санкт-Петербург щаукIа щIэпхъаджащIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм къыщыхъуа хабзэншагъэ куэдым хэтащ. Ахэр 2013 гъэм накъыгъэ мазэм хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм ятеуахэм, 2015 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъБР-м и прокуратурэм и лэжьакIуэр зыукIахэм ящыщщ.

Дунейпсо терроризмэм и зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэм я мурадащ Шыбзыхъуэ Залым Кавказ Ищхъэрэм щыIэ бандэ гупхэм я Iэтащхьэ ящIыну. Абыхэм къыхуагъэув къалэнхэм япкъ иткIэ Шыбзыхъуэм лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIырт щIалэгъуалэр бандэ гупхэм хэшэным хуэгъэзауэ икIи абы папщIэ Интернетри нэгъуэщI Iэмалхэри къигъэсэбэпырт икIи и лъэныкъуэ къищIахэр къыхуриджэрт Iэщэ яIыгъыу къэрал властым пэщIэувэну.

Хабзэхъумэ органхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм и фIыщIэкIэ зэфIэкI лъэпкъ бгъэдэмылъыжу къэнащ «Кавказым и имарат» террорист зэгухьэныгъэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыIэр.

● Электросетхэр

# ЩIэкIэ яхъуэж

**Налшык и Къэбэрдей уэрамыр къэгъэщIэрэщIэным теухуа лэжьыгъэм хыхьэу, абы и уэгу кIапсэхэр «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м ихъуэжащ.**

КЪЫЩОКЪУЭМ и уэрамым къыщыщIэдзауэ Нэгумэм ейм нэсыху Къэбэрдей уэрамым ток кIуапIэхэр щыIуахри, Чеховым и цIэр зезыхьэ, Свободэ, Малэ-Къэбэрдей, Революционнэ уэрамхэм я лъэныкъуэкIэ псэуалъэхэм щыпадзащ. Фэ зытелъ кIапсэу метр 1640-рэ яукъуэдиящ, киловольт минихым хуэщIа кабелу метр 70, киловольт щиплI зрикIуэм хуэдэу метри 120-рэ далъхьащ, псэуалъэхэмрэ фэтэр куэд хъу унэхэмрэ екIуалIэхэр яхъуэжащ.

**АНЗОР Олег.**



● Мэшыкъуэ-2016

# Егъэджэныгъэр гъэщIэгъуэнт

**«Мэшыкъуэ-2016» щIалэгъуалэ зэхыхьэм и япэ Iыхьэм зэхэта егъэджэныгъэ утыкухэм къарикIуахэр къызэщIакъуэж.**

«МРСК Северного Кавказа» компаниеращ псом нэхърэ нэхъыбэ зэпеуэ, джэгукIэ хьэлэмэтхэр езыгъэкIуэкIар. Форумым зэхуишэса ныбжьыщIэхэм я жыджэрагъыр «Instagram-м» щиIэ напэкIуэцIым къегъэлъагъуэ. ЩIалэгъуалэ зэхыхьэр къызэрызэIуахрэ абы цIыху мелуани 2,6-рэ хыхьэурэ еплъащ, цIыху мини 142-м ар ягу ирихьу къагъэлъэгъуащ.

Япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ цIыхум зэрыхуэпщIэнур Гошэ роботым яригъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэм, апхуэдэуи викторинэ, акъылым и жанагъыр къэзыгъэлъагъуэ джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ. Псом хуэмыдэу ныбжьыщIэхэм ягу ирихьащ инджылыз псалъэ щхьэхуэхэм ещхьу урысыбзэм хэтхэр къыщагъуэтын хуейзэпеуэр. «МРСК Северного Кавказа»-м и генеральнэ унафэщIым и чэнджэщэгъу Дзюбэ Геннадий зэрыжиIамкIэ, зэфIэкI, акъыл жанагъ къэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэм гулъытэ хэха хуащIащ.

- Дэ ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ зи щIалэгъуэхэм дахэплъэу, ди компанием дяпэкIэ щыдгъэлэжьэнухэр къыхэтхыныр. Апхуэдэуи гулъытэ хэха худощI ди нэIэ щIэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ волонтёр гупхэр гъэхьэзырыным, - жиIащ Дзюбэ Геннадий.

Зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къыхэжанык Iахэм ящыщщ «Ростелеком» IуэхущIапIэри. «Что? Где? Когда?», «Брейн-Ринг», «Харьковский квартет» зэхьэзэхуэхэм цIыху 200-м щIигъу хэтащ. Абы къищынэмыщIауэ, 3D принтерым, 3D ручкэм узэрырилэжьэнумкIэ мастер-классхэр ирагъэкIуэкIащ. Интелект IэрыщIкIэ къызэгъэпэща робот Фёдор куэдым гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ, махуэм цIыхуи 100 - 200 къыщыхуэкIуэ щыIэт. Кином, сурэт щIыным я щэхухэмкIэ, мылъку зэгъэзэхуэнымкIэ тренинг зэмылIэужьыгъуэхэри щрагъэкIуэкIащ абы.

Форумым хэтхэм я IэдакъэщIэкIхэм я «Хобби-дом» гъэлъэгъуэныгъэр махуэ къэс къыщызэрагъэпэщырт. Зэхыхьэм и япэ Iыхьэм цIыху 500-м нэблагъэм я IэдакъэщIэкIхэр утыку ирахьащ.

«Мэшыкъуэ-2016» щIалэгъуалэ зэхыхьэм фIагъыу хэлъхэм ящыщщ абы хэтхэм я зэпэщIэуэ утыкухэр езыхэм къызэрагъэпэщыжыну хуитыныгъэ зэраIар. Апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэм и усакIуэхэр зэкъуэзыгъэувэ зэхыхьэ гъэщIэгъуэн Табаков Олег и театр школым (Москва) хэтхэм къызэрагъэпэщат. Абы къекIуэлIахэм зи усэ къеджэжаи яхэтащ.

*«Мэшыкъуэ-2016» щIалэгъуалэ зэхыхьэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



● ФщIэн папщIэ

# Хэхыныгъэхэр щекIуэкIынухэр мафIэсым щыхъумэн

**ФокIадэм и 18-м Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, УФ-м и субъектхэм я къулыкъущIэ нэхъыщхьэхэр, УФ-м и щIыналъэхэм я къэрал властым и хабзэгъэув органхэм я депутатхэр, муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я администрацэ центрхэм я депутатхэр хахынущ.**

АIУЭХУМ зыщыхуагъэхьэзыр пIалъэмрэ Iэ щаIэтыну махуэмрэ хэхыпIэ участкэхэм мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэмрэ республикэм МафIэсым пэщIэтынымкIэ и IэнатIэмрэ я къалэн пажэщ мы зэманым. Куэд елъытащ мафIэм зыщыхъумэным теухуауэ щIапхъэхэр щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я унафэщIхэм тэмэму зэрагъэзащIэм.

Абы и лъэныкъуэкIэ хэхыпIэ участкэхэм ягъэзэщIапхъэу хуагъэувхэм топсэлъыхь КъБР-м и ГПС-м мафIэс-профилактикэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщI **Такъ Анзор**:

- Псом япэрауэ, хэхакIуэ комиссэм хэтхэм щыгъуазэ зыхуащIын хуейщ а хабзэхэм. ХэхыпIэ участкэхэр здэщыIэ щIыпIэхэмрэ зыщылажьэ пэшхэмрэ къабзэу зэлъыIухауэ щытын хуейщ. ЩIыхьэпIэ-щIэкIыпIэхэр хуиту щытыпхъэщ. ХэхыпIэ участкэхэм я пэшхэм я щхьэгъубжэхэр гъущI хъархэмкIэ ягъэбыдэну хуит ящIыркъым. МафIэс къыщыхъукIэ къагъэсэбэп кранхэр зыхуей хьэпшыпхэмкIэ къызэгъэпэщауэ шкафхэм дэлъын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, хэхыпIэ участкэхэр щылажьэ пэшхэм мафIэр зэрагъэунэкIыфI IэмэпсымэхэрЮ электрокъарур Iуач хъужыкъуэмэ, къагъэсэбэпыну фонархэр щIэлъын хуейщ. МафIэс къэхъумэ, цIыхухэр къызэрыщIагъэIэпхъукIыну щIыкIэр къызытещыр цIыхухэм хуиту щалъагъуну щIыпIэм щыфIадзэну я къалэнщ. ХэхыпIэ участкэхэр здэщыIэ унэхэмрэ щIыналъэхэмрэ тутын щефэ, мафIэ щащI, ежьужьыр щагъэс, апхуэдэуи псынщIэу къэлыд ткIуаткIуэхэр, нэгъуэщIхэр щахъумэ хъунукъым.

МафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ, псом япэу «01» номерымкIэ (стационар телефонымкIэ) е «101», «112» (жып телефонхэмкIэ) мафIэсгъэункIыфIхэм хъыбар ирагъэщIэн хуейщ. ЦIыхухэми, щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIми къэхъуамкIэ псынщIэу хъыбар ирагъащIэ, щIэкIыпIэ псори зэIуахри, цIыхухэр шынагъуэншэ щIыпIэм яшэ, бюллетенхэр зрадзэхэмрэ езы бюллетенхэмрэ къыщIах.

Зыщывмыгъэгъупщэ, сыт хуэдэ мафIэсым дежи мафIэсгъэункIыфIхэр къевджэн зэрыхуейр, уеблэмэ Iугъуэ къыхиху къудейми. Мафlэр мыинмэ, ар ягъэункIыфIыным яужь ихьэн хуейщ яIэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ.

Зи гугъу тщIа псори ягъэзащIэмэ, хэхыпIэ участкэхэр мафIэм, нэгъуэщI къэхъукъащIэхэм щыхъума хъунущ.

**СЭБАН Арсен,**
*КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и къэрал къулыкъум и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

● Футбол

# ХэщIыныгъэхэм къахохъуэ

**«Балтика» (Калининград) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Калининград. «Балтика» стадион. Шыщхьэуlум и 17-м. ЦIыху 3000 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Арсланбеков (Мэзкуу), Богданов (Верея), Филимонов (Орехово-Зуевэ).

«**Балтика**»: Барановский, Зимулькэ, Почивалин (Бутаков, 88), Пономарёв, Марущак, Родионов, Макарчук (Елисеев, 69), Малеев, Суханов (Сердюк, 65), Цимбал, Подбельцев.

«**Спартак-Налшык**» Антипов, Тебэрды, Мурачёв, Соблыр, Дашаев, Семёнов, Войнов (Кузнецов, 72), Ахриев (Мэкъуауэ, 81), Мухьэммэд (Марченкэ, 62), Дроздов, Бажэ (Крамаренкэ, 75).

**Топхэр дагъэкIащ** Соблырым, 24 (0:1), Подбельцевым, 52 - пенальтикIэ (1:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Соблырым, Войновым, Мурачёвым, Сухановым, Крамаренкэ.

**Джэгум къыхахуащ** Мурачёвыр (58-нэ дакъикъэм).

2016 - 2017 гъэхэм япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и еянэ джэгугъуэм Калининград щызэпэщIэува «Балтика»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» зэрызэщхьэщыкIышхуэ щымыIэу зэпеуэм ирагъэжьащ. Хьэлэмэтраще, дагъэкIа топ бжыгъэмкIи, къыхудагъэкIамкIи ахэр зэтехуэрт - 3 - 4 - икIи зыхэт гупым щынэхъ мащIэ дыдэхэм ящыщ зыт. Дауи, ущыгугъ хъунутэкъым мы зэIущIэми топ куэд щыдагъэкIыну.

«Спартак-Налшыкыр» Калининград кIуащ хэщIыныгъэшхуэхэр иIэу. Пасэу фэбжь зыгъуэтахэу Гъурф Азэмэтрэ ЛIуп Ислъамрэ гъусэ яхуэхъуат Каркаев Алимрэ Гугуев Магомедрэ. Багъэтыр Альберти хъужыпатэкъым, ауэ IэмалыншагъЭм къыхэкIыу къызэдащтащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, налшыкдэсхэр текIуэныгъэм хущIэкъуащ. Япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ абыхэм джэгупIэ губгъуэм тепщэныгъэр щаубыдащ. Ар пщIэншэ хъуакъым икIи мыгувэу Соблыр Астемыр бжыгъэр къызэIуихащ.

Куэд дэмыкIыу хэгъэрейхэм абы хуэфэщэн жэуап кърататащ. Ди штрафнойм пэмыжыжьэу гъуэм къеуэну «Балтика»-м Iэмал игъуэтащ икIи, хьэщIэхэм я насыпти, топыр штангэм техуащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ къэхъуар зыгурыгъэIуэгъуейщ - «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэр къыпхуэмыцIыхужыну зэIыхьащ. Абы папщIэ лъэкI къигъэнакъым зэIущIэм и судья нэхъыщхьэ Арсланбеков Тимури. ЯпэщIыкIэ пенальти ди гъуэм кърригъауэри, хэгъэрейхэм бжыгъэр зэхуэдэ иригъэщIыжащ. КъыкIэлъыкIуэу налшыкдэсхэм я гъуащхьэхъумэхэм ящыщ Мурачёвым етIуанэу дагъуэ хуищIри, джэгум хихуащ.

Зы цIыхукIэ нэхъ мащIэу зэман кIыхькIэ къэна «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр зэрызыIэригъэхьэн къару, дауи, иIэжтэкъым. Абы хузэфIэкIар зы очко закъуэр ихъумэу, здэщыта увыпIэм къыщынэжынырщ. Ауэ сыт хуэдэ уасэ абы щIитар? НэхъапэIуэкIэ зи гугъу тщIа футболистхэм къищынэмыщIауэ, къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм хэтыфынукъым мы зэIущIэм къыхахуа Мурачёвыр, дагъуэ къыхуащIахэр Калининград плIым щынэзыгъэса Соблырыр, фэбжь зыгъуэта Семёновыр. Хэт ищIэн, зыкъагъэлъэгъуэну Iэмал зыгъуэтыну адрей ди футболистхэм зыкъызэкъуахынкIи хъунщ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым бэрэжьей махуэм щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Енисей**» (Красноярск) - «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - **0**:**4**, «**Сокол**» (Саратов) - «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - **2**:**3**, «**Факел**» (Воронеж) - «**Химки**» (Химки) - **2**:**0**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **1**:**1**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Мордовия**» (Саранск) - **1**:**0**, «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **2**:**1**, «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Тосно**» (Тоснэ) - **1**:**2**, «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **3**:**2**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Тамбов**» (Тамбов) - **2**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Шыщхьэуlум и 21-м абы кърригъэблэгъэнущ Санкт-Петербург и «Зенит-2»-р.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Динамо»** | **8** | **6** | **2** | **0** | **18-5** | **20** |
| **2. «Тосно»** | **8** | **5** | **3** | **0** | **11-5** | **18** |
| **3. «Факел»** | **8** | **5** | **2** | **1** | **13-6** | **17** |
| **4. «Зенит-2»** | **8** | **4** | **4** | **0** | **12-6** | **16** |
| 5. «Спартак-2» | 8 | 4 | 2 | 2 | 13-10 | 14 |
| 6. «Нефтехимик» | 8 | 3 | 3 | 2 | 6-6 | 12 |
| 7. «Шинник» | 8 | 3 | 2 | 3 | 10-7 | 11 |
| 8. «Волгарь» | 8 | 3 | 1 | 4 | 7-11 | 10 |
| 9. «Тамбов» | 8 | 2 | 4 | 2 | 7-8 | 10 |
| 10. «СКА-Хабаровск» | 8 | 2 | 4 | 2 | 9-10 | 10 |
| 11. «Сибирь» | 8 | 2 | 4 | 2 | 6-6 | 10 |
| 12. «Балтика» | 8 | 2 | 3 | 3 | 4-5 | 9 |
| 13. «Тюмень» | 8 | 2 | 2 | 4 | 6-10 | 8 |
| 14. «Енисей» | 8 | 2 | 2 | 4 | 3-9 | 8 |
| **15. «Спартак-Налшык»** | **8** | **1** | **5** | **2** | **4-5** | **8** |
| **16. «Мордовия»** | **8** | **2** | **1** | **5** | **8-7** | **7** |
| **17. «Химки»** | **8** | **1** | **4** | **3** | **7-12** | **7** |
| **18. «Сокол»** | **8** | **1** | **3** | **4** | **9-12** | **6** |
| **19. «Луч-Энергия»** | **8** | **1** | **2** | **5** | **5-12** | **5** |
| **20. «Кубань»** | **8** | **0** | **5** | **3** | **4-10** | **5** |

● ЩIэ

# Сыт нетворкингыр зи щIысыр?

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэ нетворкинг бизнес зэхыхьэ зэхуэщIар Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ щызэхэтащ. Ар къызэригъэпэщащ «Гармония» мыкоммерцэ фондым. ЗэIущIэм хэтащ предприятэшхуэхэм, нэхъ цIыкIухэм я унафэщIхэр, республикэм и спикер жыджэрхэр, Европей юридическэ службэм и президентымрэ REWOLD компаниемрэ я чэнджэщэгъуу Тэн Iус Ростов къалэм щыIэ Кирст Константин, «BERRYGROUP» кафе гупым и нэхъыжь Даур Заринэ, КИФЩI-мрэ ИФЩI-мрэ щыщ нэгъуэщI хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэхэр.**

- ЗИ IУЭХУ зезыхьэж ныбжьэгъухэр, цIыхугъэхэр, лэжьэгъухэр, дарэгъухэр ди куэдщ. Ди мурад нэхъыщхьэр я зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжэн, щIэ гуэрхэр къащIэн папщIэ, хэкIыпIэфIхэр зэрыщыIэр хэIущIыIу щIынырщ, - къыхигъэщащ зэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэ, «Гармония» мыкоммерцэ фондым и правленэм и унафэщI Тхьэщыгугъ Еллэ.

Нетворкингыр - лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэдэлажьэ, хъыбархэр зэрызэIэпах Iэмал гъэунэхуащ. Зэхыхьэм хэта псоми Iуэху зехьэкIэхэмрэ зэпыщIэныгъэхэмрэ я гъэпсыкIэ нэхъыфIхэм зыхагъэгъуэзащ, кризисым щхьэкIэ къэмынэу бизнесым псынщIэу зезыгъэужь нетворкингым и хабзэ нэхъыщхьэхэр зрагъэщIащ, къищынэмыщIауэ, зэфIэкI зиIэ хьэрычэтыщIэхэр, политикхэр, инвесторхэр я щIэгъэкъуэну, IэнатIэхэр дяпэкIэ ирагъэфIэкIуэфынущ.

ЗэIущIэм щызэгурыIуащ «Гармония» мыкоммерцэ фондым бизнес клуб къыщызэрагъэпэщу, нетворкингым и хабзэм тету, проект зэмылIэужьыгъуэхэр пхагъэкIыну.

**НАКIЭ Аннэ,**
*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым хэт.*



● ТхылъыщIэ

# Аргун ПIатIэ и цIэр ноби яIуатэ

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, Лениным и орденитI, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденитI зыхуагъэфэща, КъШР-м и Хьэбэз районым щыIа «Путь Ильича» колхозым и унафэщIу щыта Аргун Iэбубэчыр (ПIатIэ) къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу абы теухуа тхылъ екIу къыдагъэкIащ.**

КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и пэублэ псалъэм иужькIэ, тхылъым итщ Аргун Iэбубэчыр къызэринэкIа гъуэгуанэм, зыпэрыта IэнатIэм, хэлъа цIыхугъэм, иIа пщIэм, и унагъуэм, дуней тетыкIам фIы дыдэу ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэ ин. Тхылъым ихуащ Iэбубэчыр «и лъэхъэнэр» нэгум къыщIэзыгъэхьэж сурэт дахэхэр. Абы и гъащIэ гъуэгуанэм щызэфIиха Iуэхухэмрэ къыдэгъуэгурыкIуа цIыхухэм зэрахущытамрэ къыбоджыкI газетым къытрадзауэ щыта тхыгъэу тхылъым щызэхуэхьэсахэм. И ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, къуэшхэм я гукъэкIыжхэмрэ ПIатIэ и зэманым псэуахэм я гупсысэхэмрэ къыпхуаIуатэ а лIым и гуащIэдэкIым и инагъыр.

Лъэхъэнэхэр зэпызыщIэр щIэблэхэрщ. Аргун ПIатIэ и гуащIэмрэ щIыхьымрэ къыпащэ и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ. Абы къыщIэхъуахэм адэшхуэм и жыджэрагъымрэ Iущагъымрэ зэрахэлъырщ и къуэм, ипхъухэм, къуэрылъхум ятеухуа тхыгъэхэм узыщагъэгъуазэр.

Аргун ПIатIэ и цIэр тхыдэм къыхэнащ, кIуэдакъым абы дунейм щилэжьа Iуэху щхьэпэхэри.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Мы махуэхэм

**Шыщхьэуlум и 20,** *щэбэт*

♦**Псэущхьэ екIуэлIапIэншэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Эстонием егъэлъапIэ СССР-м къыхэкIыу къэрал щхьэхуит щыхъуа махуэр**. 1991 гъэм Эстоние Республикэр къэрал щхьэхуэ зэрыхъужам теухуа унафэ къищтащ абы и Совет Нэхъыщхьэм.

♦**1721 гъэм** Петергоф щаутIыпщащ иджы дуней псом щыцIэрыIуэ псыутх телъыджэхэр. А щIыпIэм уардэунэхэри псыутххэри зыхэт ансамбль щыухуэныр зи жэрдэмыр Пётр Езанэрт.

♦**1915 гъэм** дзэм къулыкъу щищIэну хыхьащ зи ныбжьыр илъэс пщыкIуий ирикъуа Жуков Георгий - иужькIэ дзэзешэ лъэщ, Совет Союзым и Маршал хъуар, Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь хъуауэ щытар.

♦**1945 гъэм** СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ ураныр къэгъэсэбэпыным елэжь гупым кIэлъыплъ, зи Iуэхущlафэхэр яущэхуу щыта комитет хэха.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Мейкъуапэ щIыхь зиIэ и цIыху **ЩхьэкIуэмыдэ Нуриет** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Ерчэн Казимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Режиссёр, сценарист, УФ-м и цIыхубэ артист **Михалков-Кончаловский Андрей** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Югославием и 4-нэ президенту щыта **Милошевич Слободан** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Индием и премьер-министру щыта **Ганди Раджив** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Хэхэс адыгэхэм я литературэр зыдж **Чурей Дыжьын** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 21,** *тхьэмахуэ*

♦**УФ-м и Хьэуа флотым и махуэщ**

♦**1561 гъэм** Урысейм и пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие).

♦**1911 гъэм** Луврым щIадыгъукIащ Леонардэ да Винчи и сурэт цIэрыIуэ «Джоконда» зыфIищар. А щIэпхъаджагъэр зылэжьар а музейм щылажьэ Перуджи Винченцэт. ИлъэситI дэкIа нэужьщ абы и лъэужь техьэу сурэтыр къыщагъуэтыжар, дыгъуакIуэри щагъэтIысар.

♦**1923 гъэм** СССР-м и Къэрал планыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1964 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэм я V съезд екIуэкIащ.

♦**1991 гъэм** ГКЧП-м къэралым къыщызэригъэпэща зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ я мурадахэр къазэремыхъулIар наIуэ къэхъуащ, Совет Союзым властыр щызыубыдыну хущIэкъуахэр ягъэтIысащ.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Артмане Вие** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 32-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 22,** *блыщхьэ*

♦**Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зи мычэзу сессием унафэ къищтащ иджырей Урысейм и ныпыщIэр - плъыжь-щIыху-хужь плъыфэхэу зэгуэлъыр - къэралым и дамыгъэу къэлъытэным теухуауэ.

♦**1864 гъэм** къащтащ япэ Женевскэ конвенцэр - зауэ щекIуэкIкIэ гъэр, уIэгъэ хъухэм ятелъ гугъуехьхэр ящыгъэпсынщIэным, апхуэдэхэм цIыхугъэ якIэлъызехьэным хуэгъэпса хабзэхэр щыубзыхуа дэфтэрыр.

♦**1880 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург щаутIыпщащ электрокъарукIэ лажьэ трамвайр.

♦**1937 гъэм** КIыщокъуэ Пщымахуэ дунейм ехыжащ.

♦**1959 гъэм** Тэрч къалэ щатащ налмэс IэмэпсымэхэрЪ къыщыщIагъэкI завод.

♦**1990 гъэм** Тыркумэн ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ къэрал щхьэхуэ зэрыхъум теухуауэ.

♦**1990 гъэм** япэу эфирым къихьащ «Эхо Москвы» радиостанцыр.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Iэбу** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 30, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЛIыгъэ тегъэ ищIэркъым.**

# Лъэпкъ гъуазджэм и хъугъуэфIыгъуэ

## Композитор цIэрыIуэ Къэбэрдокъуэ Борис къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

### Тхьэр зэфIэкIкIэ зыхуэупса



*Композитор Къэбэрдокъуэ Борис ящыщщ ди лъэпкъ гъуазджэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм. Ар 1941 гъэм Арщыдан Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Борис къыщыхъуар Къэбэрдейм щыцIэрыIуэ унагъуэт. И адэ Iэюб артистт, драматургт. И анэ Щынахъуэ Мэржан япэу кхъухьлъатэзехуэ хъуа адыгэ цIыхубзхэм ящыщт, парашютист Iэзэт. Ар яхэтат Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу Москва нэс кхъуафэжьейкIэ кIуа спортсмен гупым. ИужькIэ Мэржан ди драмтеатрым щылэжьащ. Аращ «Къамботрэ Лацэрэ» спектаклым япэ дыдэу Лацэ и ролыр щызыгъэзэщIар.*

*Апхуэдэ интеллигент унагъуэм къыхэкIа Бориси фIы дыдэу еджэрт. МузыкэмкIэ зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр къалъытэри, 1953 гъэм ар щIагъэтIысхьащ а зэманым щыIа школ-интернатым. 1967 гъэм ар фIы дыдэу къиухри, гобой музыкэ Iэмэпсымэм еуэныр и IэщIагъэу лэжьэн щIидзащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ ар щеджащ Тбилиси дэт консерваторэм.*

*Борис сыт илэжьами, дэнэ щыIами, уэрэд тхыныр зэи IэщIыб ищIакъым икIи а IэнатIэм ехъулIэныгъи щиIащ. 1977 гъэм ар СССР-м и МВД-м иригъэкIуэкIа зэпеуэм и лауреат хъуауэ щытащ. Илъэсит I дэкIри, Къэбэрдокъуэм и сабий уэрэдхэм къыхуагъэфэщащ «Сабийм и дунейпсо гъэм» и лауреат цIэр.*

*1991 гъэм къыдэкIащ композиторым и сабий уэрэдхэр щызэхуэхьэса «Къешх, си уэшх» и япэ тхылъыр. А лъэхъэнэм Борис нэхъыбэу ядэлэжьащ Къанкъул ФIыцIэрэ Джэрыджэ Арсенрэ.*

*Япэ тхылъым къыкIэлъыкIуащ «Хъыринэ», «Уэрэдхэр» тхылъитIыр. Къэбэрдокъуэм и еплIанэ тхылъри игъэхьэзырат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар дунейм ехыжащ хузэфIэкIыну псор имылэжьауэ, зыщIэхъуэпсахэм ящыщ куэдым хунэмысауэ. Ауэ абы къызэринэкIащ сабийхэми балигъхэми гукъыдэж къезыт уэрэд куэд. Абы и зы щыхьэтщ Борисрэ Къанкъул ФIыцIэрэ зэдатха «Нэхъыжьхэм къытхуэфщIам унафэ» уэрэдым дуней псом щыцIэрыIуэ ди хэкуэгъу щэджащэ Темыркъан Юрий щрагъэдэIуам: «Мыр адыгэхэм я гимнщ», - зэрыжиIар.*

### Куэд зэзыгъэхъулIа

**<u>Композитор IэщIагъэм хуемыджами, Къэбэрдокъуэ Борис Тхьэм къыбгъэдилъхьауэ зэфIэкI иIэт. Ар гобой макъамэ Iэмэпсымэми Iэзэу еуэрт. Ар нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. Борис фIы дыдэу къехъулIэрт сабий, лирическэ уэрэдхэр. Псом хуэмыдэу сабийхэм куэд дыдэ яхуитхырт. Совет властым и зэманым радиом и хорым щылэжьа ди уэрджыIакIуэ нэхъыфIхэм Борис и уэрэдхэр жаIэу щытащ. Джэдгъэф Борис, Къэжэр Пётр, Къанкъул ФIыцIэ, нэгъуэщIхэми ядэлажьэрт.</u>**

«ПСОРИ мэкIуэдри, уэрэдыр къонэ», - жиIащ адыгэм. Борис уэрэд куэд къыхуигъэнащ. Дэтхэнэ и зы лэжьыгъэри лъэпкъым и макъамэ гъуазджэм дежкIэ хэлъхьэныгъэшхуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Борис пасэIуэу дунейм ехыжащ. Абы къимыгъэщIар и бынхэм Тхьэм къахуипищэ. Езым и зэчий къудейкIэ куэд зэзыгъэхъулIа Борис и щIэинхэр лъэпкъ гъуазджэм и хъугъуэфIыгъуэщ!

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**
*УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор цIэрыIуэ, усакIуэ.*

### Пщалъэ нэхъыщхьэ

**<u>Борис и уэрэд жьгъырухэр сабийхэми балигъхэми куэдрэ жаIэнущ адыгэ лIыгъэр къраIуатэу, адыгэ хьэл-щэн дахэр щIэблэм ирыхапщэу.</u>**

КЪЭБЭРДОКЪУЭМ сабийхэм уэрэд яхуитх къудейтэкъым, ахэр и ныбжьэгъут, дахагъэм, гуапагъэм хуигъасэрт, гъуазджэр яригъэджырт, абы дригъэхьэхырт.

Макъамэ тхыным къыдэкIуэу, Къэбэрдокъуэм сабий ансамбль цIыкIухэр къызэригъэпэщурэ ядэлажьэрт. Апхуэдэ сабий гуп Борис щиIащ Налшык дэт курыт школ №27-м. СыщыхущIыхьэхэм деж сэри абы сыздишэрти, уэрэд жызигъэIэурэ, цIыкIухэр иригъэдаIуэрт. «Фэ къыфхэкIынущ мы Хъусен хуэдэу Iэзэу уэрэд жызыIэхэр, - жиIэрти, щапхъэу сакъыхуихьырт. - Ауэ абы папщIэ гугъу зевмыгъэхьу хъунукъым: псалъэхэр зэвгъащIэ къудей мыхъуу, ахэр дахэу, тэмэму къывжьэдэкIыни фи макъхэм зевгъэлъэщIыни хуейщ. Абы щхьэкIэ мыбдеж щызэдгъащIэхэр унэм фыкIуэжа нэужьи къытевгъазэурэ щыжыфIэ».

Зэчий нэхъ яIэу гу зылъитахэр къигъанэрти, щхьэхуэу ядэлажьэрт: пшынэм, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэфу иригъасэрт. ЗгъэщIагъуэрт абы и тэмакъкIыхьагъыр: мыгубжьу, я щхьэфэ цIыкIухэм Iэ дилъэурэ, емызэшу къытригъэзэжурэ яригъэлъагъурт, яжриIэрт. Апхуэдэурэ гъуазджэм и мызакъуэу, гугъуехьым, бэшэчагъым хуигъасэрт, творчествэм и щэхухэм кууэ хишэрт.

Абы и къарури и зэманри апхуэдэу зрихьэлIэ Iуэхугъуэр къехъулIауэ къыщилъытэм и деж сыт хуэдэу нэщхъыфIэ, жан хъурт!

А ансамбль цIыкIум иригъэщIа уэрэдхэр школакIуэ цIыкIухэм я гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм щагъэзащIэрт, ди радиом щригъэтхырти, республикэ псом хэIущIыIу щищIырт.

Борис балигъхэми яхуэлажьэрт: «Нэхъыжьхэм къытхуэфщIам унафэ» - уэрэдыр щитхам: «Зыпхуэзгъэщ IэгъуэнусыкъыпхуэкIуащ», - жиIэри, пианинэм бгъэдэтIысхьэри, и нэгум гуфIэгъуэ къырихыу абы сригъэдэIуат. Усэм хэт псалъэ уардэхэр макъамэ телъыджэм щIеIэтэри, фоупсу псэм Iурелъхьэ уи гур игъэину. «Ди Тхьэ, - жызоIэ, мыр къэзыгъэщIар сыт зэчий, сыт Iэпэ!» ИкIи си ныбжьэгъум и Iэзагъэм, си лъэпкъэгъухэм я хахуагъэм, я лIыгъэм, я хабзэм сропагэ, срогушхуэ. Си гум макъ лъэщ къоIукI: «Хэт жызыIар адыгэр дыкIуэдыжыну?!»

А уэрэд уардэм къыщIэлъэIуурэ радиом куэд дыдэрэ кърагъэтащ. Нобэми ар ди цIыхухэм яIурылъщ, я тхьэкIумэм итщ. Апхуэдэ уэрэд Iэджэ итхащ Къэбэрдокъуэм. Адрейхэм я гугъу сщIынкъыми, сэ згъэзащIэу уэрэд щэ ныкъуэм щIигъу щыIэщ. ЖысIэнуращи, Борис а зи гугъу сщIа уэрэд закъуэм фIэкIа имытхами, и лъэпкъым ар лъагэу иIэтыпхъэщ, пщIэшхуэ хуищIыпхъэщ.

Ди ныбжьэгъу лъапIэр дунейм тетыху хущIыхьэгъуэ иIакъым. Абы лъэужьыфI къызэринэкIащ. Ауэ Къэбэрдокъуэ-композиторми абы и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэми яхуэфащэ пщIэ нобэкIэ ягъуэтакъым.

**МЭРЕМЫКЪУЭ Хъусен,**
*КъБР-м и цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ.*

### Псалъэхэмрэ макъамэмрэ

**<u>Борис псэууху етIысэх имыщIэу лъэпкъ гъуазджэм телэжьащ, Iэужь хъарзыни къызэринэкIащ. Сэ абы фIыуэ сыщыгъуазэщ, сыту жыпIэмэ, илъэс плIыщIым щIигъукIэ дызэдэлэжьащ, си ныбжьэгъуфIу, дызэкIэлъыкIуэу щытащ. ЖыпIэ хъунущ Къэбэрдокъуэм усэ зытхэми «щхьэхыпIэ» къыдимыту дигъэлажьэу щытауэ.</u>**

- УА, БОРИС, сабий усэхэр хъарзынэу, фIы дыдэу къохъулIэ, щхьэ нэхъыбэрэ уахуэмытхэрэ цIыкIухэм? Сыхэгъаплъэ нэхъ иужьыIуэкIэ птхахэм, уэрэд хъун яхэтынкIэ хъунщ, - къызжиIэрт.

Сэ Къэбэрдокъуэм сыхуэарэзыт. Абы тегъэцIэфтауэ зы уэрэди къыIэщIэкIыртэкъым. Уэри уигъэтыншынутэкъым, езыми гугъу зригъэхьырт. Аргуэру къытригъэзэжурэ и уэрэдхэм «етхъунщIэуэжырт». Апхуэдэурэ абы и Iэпэ угъурлыхэм къащIэкIа уэрэдхэр зыхуитха цIыкIухэм я мызакъуэу, зи усэхэм макъамэ щIилъхьэхэри дигъэгуфIэрт. Псалъэм папщIэ, адэ-анэ дапщэ къызэхъуэхъуа сэ «ТIыркъэ-тIыркъэ, къатыр цIыкIу» уэрэдым папщIэ. Ар нэхъыбэу и фIыщIэщ си псалъэхэм дамэ яхуэхъуа макъамэм.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**
*2006 гъэ*

### Удэлэжьэну тыншт

**<u>Борис кууэ зыхищIыкIыр гъуазджэм и закъуэтэкъым. Макъамэ зыщIилъхьэну усэр къыщыхихкIэ ар сабийм и псэм къызэрищтэнур, и гум зэрыхыхьэнур, зэрыдихьэхынур къилъытэрт. Зэчийуэ бгъэдэлъым и цIыхугъэмрэ и гуапагъэмрэ и гъусэжти, удэлэжьэну тыншт.</u>**

ЗЭГУЭРЫМ радиом и студием дыщIэту, абы композитор цIэрыIуэ Даур Аслъэн къыжриIауэ щытащ: «Уи Iэ лъэныкъуэр дахэ-дахэу къызэрыдэмыбзми хуэдэу (Къэбэрдокъуэм автомашинэ аварием фэбжьышхуэ хихауэ щытащ) уэ пианинэм къибгъэкIхэр сэ схузэфIэкIыу щытамэ, нэгъуэщI Аслъэну сыкъэплъагъунт!». Даурым Борис щхьэкIэ апхуэдэ псалъэхэр ауэ сытми жиIатэкъым. Къэбэрдокъуэр пианинэм хуабжьу хуэIэзэт.

**ВЫНДЫЖЬ Марие,**
*журналист, усакIуэ.*

### Ерыщагъ, Iэзагъ, ехъулIэныгъэ

**<u>И гъащIэр, и творческэ гъуэгуанэр тыншакъым, уэрэд 1000-м нэблагъэ, нэгъуэщI произведенэ ин зыбжанэ зытха ди лъэпкъ композитор нэхъыфIхэм ящыщ Къэбэрдокъуэ Борис. Псэуну, еджэну, лъэпкъым хуэлэжьэну зи мураду къекIуэкIар, къызэралъхурэ, музыкант IэщIагъэм зэрызритрэ лъэпощхьэпо мащIи Iууакъым, бэлыхь мащIи ирагъэшэчакъым. КIэщIу жыпIэмэ, Къэбэрдокъуэр ящыщкъым зи Iуэху дэкIыу къекIуэкIахэм.</u>**

ЗАУЭ нэужьым цIыхухэр зэхэзехуэн ящIащ: Хэкум епцIыжауэ хэти хуагъэфащэу ягъэкъуаншэрт, хэти пцIы къытралъхьэрт - гугъут а зэманым ущымыуэу хейри мысэри зэхэбгъэкIыну. Лажьэншэу цIыху куэд зэхэзедзэн ящIырт, уеблэмэ ягъэтIысырт, ягъэкIуэдырт... Борис и унагъуэр зэхэзехуэн ящIауэ щытахэм ящыщти, къуажэм щыIэ я унэри, я лъапсэри зэрыхьзэрийм хэкIуэдащ.

... 1953 гъэр екIуэкIырт. А зэманым Налшык дэт Музыкэ школ №1-м хэту интернат къызэIуахати, зэфIэкI зиIэ сабий зеиншэхэр абы щIагъэтIысхьэну, щрагъэджэну, къуажэ-къуажэкIэрэ къакIухьурэ къалъыхъуэрт. Борис и анэр Куба къуажэ клубым и унафэщIу щылажьэрти, унагъуэри абы Iэпхъуауэ щыIэт. Борисрэ езым нэхърэ илъэсрэ ныкъуэкIэ нэхъыжь и къуэш Альфред цIыкIурэ клуб бжэIупэм щызэрызехьэу Iутт, балалайкэ яIыгъым япэ еуэнум щхьэкIэ зэныкъуэкъуу. (Зауэ нэужьым балалайкэр хуаб-жьу яфIэщIэщыгъуэт. ЗэкъуэшитIри абы фIы дыдэу еуэфырт, Шэджэм Езанэ къуажэм дэсу фэтэру зыщIэса Хьэлыш Николай иригъэсауэ). Абы хэту лIитI къабгъэдыхьащ, щхьэ фызэрыгъэкIийрэ, хэтхэ фарей, жаIэри. ЦIыкIухэм, абыхэм жэуап щратым, дэ къэтлъыхъуэм фрибыни, жаIэри я анэр къыщIрагъэшащ. ЛIитIыр ди лъэпкъ музыкальнэ гъуазджэм и зыужьыныгъэм куэд хэзылъхьа Шейблер Труворрэ Хьэсанэ Мусэрэт, интернат къызэIуахам щIагъэтIысхьэну зэчий зиIэ сабий къэзылъыхъуэхэрт. Арати, мохэр къеплъыну щызэрахылIа махуэм анэм и бынитIыр зыщIигъури къалащхьэм ишащ. Нэхъыжь цIыкIум комиссэр къеджэри, пэшым щIашащ. Куэдрэ щIэса, мащIэрэ щIэса, сытми, Борис цIыкIу и гур къызэфIэнэри и нэпсым къызэпижыхьащ - хуабжьу и жагъуэ хъуат и къуэшыр щIашэу езыр къазэрыщыгъупщар.

Комиссэм хэта псори къыщIэкIыжауэ, и къуэр къызэрамыщтам щхьэкIэ анэм ехъуэхъуу, абдеж уэршэру зыкъомрэ зэхэта нэужьщ, бжэ къуагъым къуэт щIалэ цIыкIум гу щылъатар. Хэтхэ уарей, мыбдеж угъыу щхьэ ущыт, щыжаIэм, мыбы срикъуэшщ, сэри седжэну сыхуейщ, жиIащ. (А зэманым Борис и ныбжьыр илъэс 12-м ита щхьэкIэ, апхуэдизу гъур цIыкIути и школ кIуэгъуэ хъуауэ къыпхуэщIэнутэкъым). Мохэр зэщIэдыхьэшхащ.

Борис цIыкIу хуэмышэчыжу къыщиудри, макъкIэ къэгъащ, мор здэкIуэм сэри сыкIуэнущ, жиIэри. «Зэсащ, а тIур зэкIэрыпчмэ ягу къызэреуэнур си псэм ищIэрт», - анэм щыжиIэм, комиссэм хэтхэр щIыхьэжри къеплъащ. «Мыр дызэримыгугъауэ нэхъ тхьэкIумэ жану, нэхъ гурыхуэу къыщIэкIаи», - жаIэри, сытми, зэкъуэшитIри музыкальнэ школым щеджэну икIи щыпсэуну щIагъэтIысхьащ. Ауэ къуэш нэхъыжьыр а школым куэд дыдэрэ щемыджэу къыщIэкIыжащ. Борис ар 1960 гъэм фIы дыдэу къиухащ, накъырапщэ IэщIагъэри зригъэгъуэтауэ.

Музыкальнэ школым илъэс зытIущкIэ щеджауэ, Борис макъамэ тхыным зрипщыту хуежьат, ауэ а итххэр зэрымыныкъусаныгъэншэр къыгурыIуэжырти, утыкум кърилъхьэну дзыхь имыщIурэ, екIуэкIащ. Зы уэрэдщ а лъэхъэнэм итхауэ къэнар, Къущхьэ Къанщобий и псалъэхэр зыщIэлъ «Уузыншэу, Мэзкуу!» жыхуиIэрщ.

1959 гъэм и кIэхэм, Борис зыщIэс музыкальнэ школым Шейблер Трувор композицэмкIэ класс къыщызэIуех, макъамэ тхыным гу хуэзыщIа ныбжьыщIэхэм ядолажьэ. А ныбжьыщIэ гупым яхэтащ иджы цIэрыIуэ хъуа композиторхэу Жырыкъ Заур, Къардэн Юрэ, Къэбэрдокъуэ Борис сымэ, нэгъуэщIхэри. ЕгъэджакIуэм, теориер яригъащIэм нэмыщI, макъамэ цIыкIу фтхыи къэфхь, жиIэурэ унэ лэжьыгъэ яритырт. Абы зы жиIамэ, Борис тIу-щы итхырт. ИужькIэ, псалъэ щIэлъу, профессионалхэм зэратх хабзэу зефпщыти феплъ, жиIэри ныбжьыщIэхэр тригъэгушхуащ. Къэбэрдокъуэм уэрэдиплI итхыу егъэджакIуэм щригъэлъэгъуам, уэ зыгуэр къыпхэкIынущ, къыжриIат.

Налшык къалэм и Музыкэ училищэм фортепианэмкIэ и къудамэр 1967 гъэм къиухащ. А гъэ дыдэм Налшык къыщызэIуаха Музыкэ театрым Борис япэ гобоисту къащтащ.

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, Къэбэрдокъуэ Борис икъукIэ уэрэд куэд итхащ, абы щыщу цIэрыIуэ хъуари мащIэкъым. Апхуэдэхэщ «НэкIэ ба пхуэсщIащ» (Щоджэн Хь.), «Фхъумэт щIалэгъуалэ насыпыр», «ФIыуэ слъагъум сыкъыдоуджэкI» (Къанкъул ФI.), «А уи нитIым сыщIэплъати», «ФымыукI кърухэр», «Сэлэт уэрэд» (Къэжэр П.), «Налшык парк», «Уэшх нэужьым си лъахэр» (Сонэ А.), нэгъуэщIхэри. Уэрэдхэм нэмыщI, композиторым итхащ симфоническэ оркестрым щхьэкIэ квинтет, квартет, пьесэ, Iыхьищу зэхэлъу оркестрыр и гъусэу флейтэм щхьэ-кIэ сюитэ, духовой Iэмэпсымэхэм щхьэкIэ квинтет зытхух, флейтэу зэхэт ансамблым щхьэкIэ пьесэ, адыгэ пшыналъэм щхьэкIэ оркестрыр и гъусэу сюитэ, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдокъуэм Налшык и курыт еджапIэ №27-м и ныбжьыщIэхэр хорым хуигъэсащ. Апхуэдэу Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм композиторым къыщызэригъэпэща «Псынэ цIыкIу» уэрэджыIакIуэ ансамблым и унафэщIу лэжьащ. Гупыр «Налшык пшэплъхэр-94» зэпеуэм и лауреат хъуащ, 1995 гъэм ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу Налшык еплъыныгъэ щекIуэкIам япэ увыпIэр къыщихьри. Ансамблым Черкесск, Мейкъуапэ, Сыхъум, Москва, Иорданием, нэгъуэщI щIыналъэхэми зыкъыщигъэлъэгъуащ.

**ХЬЭТУ Пётр,**
*усакIуэ.*

### Лъэужь дахэ

**<u>Борис сэрэ Музыкэ школ №1-м епхауэ щыта интернатым дыщызэдеджащ. Япэу дыщызэхуэзари дыщызэрыцIыхуари аращ. ЩIалэ къуэгъу кIыхьыр сэ нэхърэ нэхъ лъагэт икIи илъэситху-хыкIэ нэхъыжьт.</u>**

ИНТЕРНАТЫМ щIэс щIалэ гуп макъамэ зэхэлъхьэным дихьэхырт. Абыхэм яхэтт Бориси. А лъэхъэнэм ди школым композиторхэу Шейблер Труворрэ Кирякин Александррэ щылажьэрт. Абыхэм щIалэхэр зыхуэпабгъэхэм гу лъатэри, макъамэ тхыкIэм хагъэгъуазэу щIадзащ. А щIалэ гупым я IэдакъэщIэкIхэм Къэбэрдокъуэм итх макъамэхэр ефIэкIырт. Ар езыр музыкэмкIэ гурыхуэт, тхьэкIумафIэт, арауи къыщIэкIынт нэхъ къыщIехъулIэри. А зэманым дунейм къытехьащ Къэбэрдокъуэм и япэ «пцIащхъуэ цIыкIур» - иджыри къэс радиом къит, ноби яфIэщIэщыгъуэ «Къэрабгъэ» уэрэдыр. Абы иужькIэ Музыкэ училищэр гобой IэмэпсымэмкIэ къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр филармонием и оркестрымрэ Музыкэ театрымрэ щылажьэу щIидзащ.

Къапщтэмэ, Борис макъамэ зэхэлъхьэным и гур нэхъ етат икIи зэманым къигъэлъэгъуащ абы и Iэзагъэр зыхуэдэр. Абы и лъэныкъуэкIэ уэрэдусхэм я нэхъыфI дыдэхэм ящыщт Къэбэрдокъуэр. Гумрэ псэмрэ къищтэу, мыхьэнэ иIэу, цIыхум и гупсысэхэм пэджэжу уэрэд Iэджэ дунейм къытригъэхьащ. ЖыIапхъэщ, сабийхэм папщIэ Къэбэрдокъуэр псэемыблэжу зэрылэжьар. ЩыIэу къыщIэкIынкъым абы и уэрэдхэр зи щэнхабзэ программэхэм хэмыта школ, сабий гъэсапIэ. Езыри гуапэу абыхэм ядэлажьэрт. Сабий ансамблхэр къызэригъэпэщырт, утыкум къришэрт.

Симфоние оркестрым папщIи лэжьыгъэ зыбжанэ итхащ Борис. Ахэр радиом и фонотекэм хэлъщ икIи щIэх-щIэхыурэ къат, нобэр къыздэсым ягъэзащIэ «Ислъэмей» уэрэдыр. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, Борис хьэлэлагъэм, дахагъэм, гуапагъэм хуэхейуэ щытакъым. Аращ и уэрэдхэми укъызыхураджэр.

**ЖЫРЫКЪ Заур,**
*композитор.*

### Тщыгъупщэ хъунукъым

**<u>Къэбэрдокъуэ Борисрэ сэрэ дызэкIэрыкIыххакъым. А цIыху гъуэзэджэр сэзыгъэцIыхуа, ныбжьэгъу схуэзыщIа си къуажэгъу Къанкъул ФIыцIэ, ар сигу къэкIыжыху, гукIэ фIыщIэ хузощI.</u>**

ЯПЭУ Борисрэ сэрэ зэдэттхауэ щытар «Хуэмыху» уэрэд цIыкIурщ. Гугъуи зыкъыздригъэхьат абы щыгъуэм, макъамэ дахи щIилъхьат. Абы иужьым уэрэд Iэджэ къракIуащ. Ахэр псори макъамэтх Iэзэм и фIыгъэщ. Япэрауэ, си усэхэм макъамэ телъыджэ ящIилъхьащ, етIуанэрауэ, ахэр «пхигъэкIащ», гъуэгу тригъэуващ. Апхуэдэт Борис. ЩIидзамэ, нимыгъэсауэ Iуэху ныкъуэщIэ къигъанэртэкъым.

ФIыуэ слъэгъуа композиторымрэ сэрэ икъукIэ уэрэд куэд зэдэттхащ. Пэжщ, ахэр псори плёнкэм тхутетхакъым.

Борис цIыкIухэм я мызакъуэу, балигъхэми яхуэтхэрт. Налшык къалэр илъэс 280-рэ щрикъу махуэшхуэм зыщыхуагъэхьэзырым абы си усэ зыбжанэм макъамэ щIилъхьауэ щытащ. «Налшык къалэ», «Хъуэпсэгъуэ къалэ» уэрэдхэр жюрим къыхихахэм яхэхуэри, радиокIэ къатауэ, республикэм щрагъэкIуэкIа пшыхьхэм щагъэIуауэ щытащ.

Къэбэрдокъуэ Борис и уэрэдхэр зытеухуам набдзэгубдзаплъэу упхыплъа нэужь, утегушхуауэ пхужыIэнущ абы къаруэ иIэр ди лъэпкъыр лъэ быдэкIэ щытыным, абы и адыгэ хабзэр, и анэдэлъхубзэр хъумэным, егъэфIэкIуэным ирихьэлIауэ. Псэухэм ар тщыгъупщэ хъунукъым.

**ЩОДЖЭН Леонид,**
*егъэджакIуэ, усакIуэ.*

### ЩIэщыгъуэ лъыхъуэрт

**<u>Къэбэрдокъуэр зэпымыууэ дахэ гуэрхэм, щIэщыгъуэ гуэрхэм лъыхъуэрт, и уэрэдхэр жызыIэхэм, абыхэм едаIуэхэм ягу нэсын, зыщыгуфIыкIын къигъэщIыну иужь итт. Тхылъ тедзапIэм, «Нур» журналым щылажьэхэр и ныбжьэгъути, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу гуфIэжу нытхыхьэурэ зыкъытхуигъазэрт: «Мастэнэм къызэрыфIачауэ зыгуэр фимыIэу пIэрэ?» Абы нэхъ къищтэрт иджыри дунейм къытемыхьа гуэрым елэжьыну.</u>**

КЪЭБЭРДОКЪУЭР зыдэтхэ усакIуэхэр куэд хъурт. Сэри икъукIэ сигу нэсу къыздэлэжьащ Борис. Дауи, абы макъамэ зыщIилъхьа си уэрэд псори зэхуэдэу цIыхухэм къащтауэ къыщIэкIынкъым. Ауэ «Налшык парк», «ЗекIуагъащIэм и уэрэд», нэгъуэщIхэри щIэх дыдэ цIэрыIуэ хъури, школхэм, сабий садхэм щыжаIэу щIадзат. ИкIи нобэми ахэр цIыкIухэм яжьэдэкIыркъым.

Къэбэрдокъуэм уэрэдхэм нэмыщI нэгъуэщI тхыгъэ хьэлэмэтхэри IэдакъэщIэкIащ. Абы къызэринэкIа и иужьрей уэрэдхэри и лэжьыгъэ нэхъ инхэри хъумэн, зэхуэхьэсауэ къыдэгъэкIын хуейуэ соплъ. АбыкIэ жэрдэмщIакIуэу щытыпхъэр дэращ, и лэжьэгъуу щытахэрщ, КъБР-м и Композиторхэм я союзырщ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэрщ.

**СОНЭ Абдулчэрим,**
*усакIуэ.*

### И уэрэдхэр яхъумэ

**<u>Борис псэухукIэ зэи зыщысхьыжакъым - зэпымыууэ лэжьащ. Абы и IэщIагъэмкIэ иIэ къалэным япэ зыри иригъэщыртэкъым. Абы хуищI пщIэмрэ хуиIэ лъагъуныгъэмрэ ар лъэпощхьэпо псоми трагъакIуэрт.</u>**

ЩЫЛЭЖЬЭН пэш имыIэу, Iэмэпсымэ бгъэдэмылъу, дыунагъащIэрэ, нэгъуэщI дызыхущыщIэхэр куэдыкIейуэ псэун щIэддзат. Езым и щхьэм макъамэхэр, бжьэм хуэдэу, къепщIати, сыт щыгъуи тхэну хуейт. Сабий дгъуэтри, и Iуэхур нэхъ гугъуж хъуат. Ар згъэжеижа нэужь, зы плIанэпэ дэтIысхьэрти, зыгуэрхэр зэрихъэурэ, зыбгъэдэс стIол хуэдэм и щхьэр телъу жеяуэ нэху къекIырт. Уеплъмэ, уи гур щIэузу апхуэдэу илъэс куэд ирихьэкIащ Борис, псэху жыхуаIэр имыщIэуи лэжьащ. КъызгурыIуэрт и гъащIэр зыхэлъыр музыкэр зэрыарари, сэри зэрысхузэфIэкIкIэ зыщIэзгъэкъуащ. Аурэ унэ тIэкIуи къыдэтхащ, пианини къэтщэхуащ.

Си гур хэхъуэрт и Iуэхур къехъулIауэ, нэщхъыфIэу Борис нэху къыщекIахэм деж. Езыри бзэрабзэу, и макъамэщIэри бзу макъыу зыщIэз пэшым насыпу щыIэр щIэлъу къысфIэщIырт.

Зэман дэкIри, Борис ныбжьэгъу куэд дыдэ иIэ хъуат. Абыхэм я зэхуэсыпIэт, я зэхуэзапIэт ди унэр. Я гур хэхъуэу, нэщхъыфIэхэу щхьэж зригъэхъулIахэр зэхуаIуатэрт, зэчэнджэщхэрт, уэрэдыщIэхэр зэгъусэу ягъэIурт.

«Джэду и къуэ дзыгъуащэщ» жыхуаIэм хуэдэу, ди бынитIми гъуазджэр фIыуэ ялъэгъуащ. Айнэ щыцIыкIум игъэзэщIа сабий уэрэд куэд ди радиом и гъэтIылъыгъэхэм хэлъу яхъумэ. Ди къуэрылъху Кристинэ цIыкIу музыкэ школыр къиухащ.

Радиокомитетым уэрэджыIакIуэ гупыр зэбгригъэкIыжу, фонограммэхэр имытхыж щыхъуами, Борис и уэрэдхэр езым и ахъшэкIэ иригъэтхыурэ, радиом и фондым хилъхьэу щытащ.

Лъэпкъ гъуазджэм и дыщэ фондкIэ зэджэ а гъэтIылъыгъэхэм нобэ хэлъщ Борис и IэдакъэщIэкIыу щэ бжыгъэхэр.

Апхуэдизу игури и псэри етауэ гъуазджэм хуэлэжьа, и къаруи и мылъкуи емыблэжа цIыхум хуэфащэ пщIэ зэримыгъуэтар икъукIэ ди гум къоуэ и унагъуэми и Iыхьлыхэми. Абы дэлажьэу щыта усакIуэхэм ящыщ дэтхэнэ зыри псэлъамэ, жиIэр зыщ: «Къэбэрдокъуэм хуэдэу макъамэ гуакIуэ зыгъэпсу республикэм исар зытIущщ». Апхуэдэу щытми, ар Композиторхэм я союзым хэмыту, ар и гум къеуэу дунейм ехыжащ. Си щхьэкIэ сыщогугъ, Борис мыпсэужми, абы и IэдакъэщIэкIхэм, и псэемыблэж лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ, щIыхь зэгуэр игъуэтыжыну.

**КЪЭБЭРДОКЪУЭ Тосэ.**



Борис и унагъуэр.

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**




● Фэ фщIэрэ?

# Псалъэхэм я мыхьэнэр

**ПщIантIэдыхьэжыбжьэ**. Фызышэм епха хабзэщ. Япэм щыгъуэ фызышэ къикIыжахэр куэбжэм деж къыщызэтеувыIэрт. Гупым я нэхъыжьыр шым къепсыхырт, и къамэр пщIантIэ дыхьэжыпIэм и деж щIым щыхитIэрти къэувырт (язынықъуэхэми къамэр хатIэртэкъым), ирагъэблэгъэжыным ежьэу. Нысэ къэзышэ лъэпкъым я нэхъыжьыр я пашэу яIущIэрт фызышэ щыIахэм, итIанэ нэхъыжьыр фызышэ тхьэмадэм ехъуэхъурт Iуэхур тэмэму зэрызэфIигъэкIам щхьэкIэ, бжьэ иритырти иригъафэрт. А бжьэм «пщIантIэдыхьэжыбжьэкIэ» е «куэбжэдыхьэжыбжьэкIэ» еджэрт. Хабзэр ди зэманым щыIэ нысашэм хэтыжкъым.

Иджы фызышэ къикIыжахэр псори зэгъусэу унэм щIохьэжри, абы щофэ, щошхэ, щохъуахъуэхэр.

**ПыIэехьэжьэ (ПыIэзэфIэхь)**. Фызышэм хэта хабзэщ. Ар къыщыкIуэжкIэ, хэгъэрей шу гуп абыхэм къадежьэрти къуажэм къыдашыжырт. Къуажэр къаухыу шу гъусэхэм ягъэзэжын щыхъукIэ, хабзэм къызэриубыдымкIэ, хьэщIэхэм я пыIэ щхьэрачу яхьыну хуитт. ХьэщIэхэм ящыщу зи пыIэ зыщхьэрачар кIэлъыпхъуэу ар къытрихыж хъурт, армырамэ, щIэупщIэ имыIэу, езыхьэжьам къыхуэнэрт. Фызышэ кIуахэм хэгъэрейхэм я пыIэ кърахьэжьэртэкъым.

Хабзэр XX лIэщIыгъуэм и 30-40 гъэхэм кIуэдыжащ.

**ПыIэеуэ**. Фызышэ къикIыж гупыр къуажэм гъунэгъу къэхъужа иужькIэ, гъуэгум пыIэ тралъхьэрти, шэрыуагъэкIэ щIалэхэр зэпеуэрт. Абыхэм я IэкIуэлъакIуагъэр къагъэлъэгъуэну яужь итт: хэт шы жэрыжэм и уанэгум иту пыIэм еуэрт, хэти щIым лъоIэс жыпIэну зригъэзыхырти, еуэрт. ПыIэр гъуэгум къытезыдзэр нысашэм пежьа благъэ-Iыхьлыхэрт.

Хабзэр XX лIэщIыгъуэм и 30-40 гъэхэм кIуэдыжащ.

**ПIэ лъапэ шхын**. Жылагъуэ зэхэтыкIэм ехьэлIа хабзэщ. Ипэ зэманым адыгэхэм хьэщIэщ яIэт, сыт хуэдэ гъуэгурыкIуэри абы щIыхьэу щышхэ, зыщигъэпсэху хъууэ. ГъуэгурыкIуэр ягъэхьэщIэу ягъэгъуэлъыжа иужь, хьэщIэщым шхын щIагъэувэрт, жэщым е пщэдджыжьым жьыуэ ежьэжын хуей хъумэ, ишхын папщIэ. Абы зэреджэр «пIэ лъапэ шхынт».

**СабийгъэгуфIэ**. НысащIэр дыщасэм къыщикIыжкIэ, сабийхэм яритын папщIэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэр къыздихьырт. Абыхэм зэреджэр «сабийгъэгуфIэт». Хабзэр кIуэдыжащ.

**Сарихыхьэ**. Лэжьыгъэм, жылагъуэ зэхэтыкIэм епха хабзэщ. Балигъ хъуа щIалэр япэу лэжьакIуэ гуп щыхыхьэм деж, махъсымэ хуащIырт, джэдкъаз хуаукIырт, нэхъ зылъэкIхэм - мэл. Шхынымрэ фадэмрэ иIыгъыу щIалэр лэжьакIуэ ягъакIуэрти, зыхыхьа гупыр ягъэхъуахъуэрт. А хабзэр «сарихыхьэкIэ» еджэрт.

**ТехьэпщIэ**. ХабзэмкIэ япэм тхьэмадэмрэ нысащIэмрэ зэрымылъагъуу зы илъэс екIуэкIыу щытащ. А тIур япэу щызэтрагъэхьэм деж, тхьэмадэм нысэм бостеяпхъэ, Iэлъэщl, нэгъуэщI хьэпшып гуэрхэр иритырт. И ныбжьэгъухэр тхьэмадэм къриджэрти, ерыскъы Iэнэ къахуищтэрт, игъэхъуахъуэрт.

Тхьэмадэм нысэм хуищI тыгъэхэм «техьэпщIэкIэ» йоджэ.

ТехьэпщIэ яту щытащ нысащIэр зылъагъуну лэгъунэм щIыхьэ щIалэгъуалэми Iыхьлыхэми.

Ди зэманым тхьэмадэмрэ нысэмрэ зэтемыхьэу дахыр зы тхьэмахуэ-тхьэмахуитIщ, ауэ хабзэр къэнауэ иджыри ягъэзащIэ, «техьэпщIэри» нэхъ лъапIэ хъуащ.

**ДУМЭН Хьэсэн**.


Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артист, пшынауэ Iэзэ Мыщэ Анзаур.


Унэ дахэ куэд дэтщ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм *(Израиль)*.
*Сурэтхэр* **Выщхьэ Iэдэм** *трихащ*.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Хъарбыз фо

Хъарбызыр ятхьэщI, ялъэщIыж, зэгуагъэж, жылэр и гъусэу и кур кърагъэжри, тепщэч куушхуэм иралъхьэ. ИтIанэ хъарбызыкур зэхапIытIэ, жылэр къыхах е жылэр къыхэкIын щхьэкIэ кхъузанэм щIагъэкI.

Шыуаным иралъхьэ, мафIэм трагъэувэри, тхъурымбэр къытрахыурэ, зэзэмызи зэIащIэурэ и щхьэр техауэ ягъавэ зы сыхьэт, сыхьэтрэ ныкъуэкIэ. ИтIанэ мафIэр нэхъ ин ящI, нэхъ щIэх-щIэхыури зэIащIэурэ ягъавэ.

Хьэзыр хъуа хъарбыз фор плъыжь дахэщ, Iувщ. Псори зэхэту абы и гъэвэным сыхьэти 2,5 - 3 ехь.

Хьэзыр зэрыхъуар къызэращIэр: абы щыщу тепщэчым зы ткIуэпс ирагъаткIуэ, ар упщIыIуа нэужь зэкIэщIэмыжу е ухэIэбамэ, уи Iэпэхэ зэкIэригъапщIэу щытын хуейщ.

Хъарбыз фор тIэкIу ягъэупщIыIу (градус 30 - 40), абдж хьэкъущыкъум иракIэри, и щхьэр ягъэбыдэж. Лэкъум хуабэ, щIакхъуэ докIу. IэфI дыдэщ, мэ гуакIуэ къыхех.

**Халъхьэхэр**:
хъарбызыкуу - г 3000.

## Кхъуей цIынэрэ джэдыкIэрэ

ДжэдыкIэ игъэвыкIар фIыуэ ягъэупщIыIу, яукъэбз, тхъунщIалъэкIэ ятхъунщI е цIыкIу-цIыкIуурэ яупщIатэ. Кхъуей цIынэри ятхъунщI е яупщIатэ, бжьыныху укъэбзар шыгъу хэлъу яуб. Ахэр зы хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, шыбжий плъыжь хьэжа, шыгъу хадзэ, шатэ Iув хакIэжри зэхагъэзэрыхь, ягъэдиин щхьэкIэ, щIыIапIэм е щIыIалъэм ягъэув и щхьэр тепIауэ. Дакъикъэ 15-20 хуэдизкIэ щагъэтри, тепщэч куу цIыкIум пIинэу илъу Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ е щIакхъуэ гъусэ хуащI. Хуабжьу ерыскъы гурыхьщ икIи къэуатщ.

**Халъхьэхэр** *(цIыхуитI Iыхьэ):*
джэдыкIэу - 2, кхъуей цIынэу - г 100, бжьыныху укъэбзауэ - г 10, шатэу - г 120-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Тхыгъэ кIэщIхэр

## Мывэ цIыкIу

Гуэлым хэлъ мывэ хужь цIыкIур дахащэу дыгъэм поцIу. Сехъуапсэри, ар псым къыхэсхауэ си Iэгум илъщ. Ауэ мывэ цIыкIур иджы цIуужыркъым, фэншэ хъуащи, гуэлым хызодзэж. Арыххэуи абы щIедзэж цIуун.

Дэ псори дыщыдахэр дызыхуей дыщыхуэзэм дежщ.

## Зумыгъэзэкl

Зы щхьэмыжым адрейм зыхуеший, къэкIыгъэу щыIэм зыхуаший дыгъэм. Сэтlэ зызыхуэсшийр уэращ, уи лъагъуныгъэрщ. КхъыIэ, зумыгъэзэкI.

## ГъащIэм и бжьыхьэ

Гъэмахуэкум деж и ужь ихьэт жыгхэм я пщIащэр къыпыбгъэхуу мэзыр пцIанэ пщIыну. Ар зыхузэфIэкIын щыIэкъым, а лъэхъэнэм пщIащэм и къару илъыгъуэщи.

Ауэ бжьыхьэр къэгъэси еплъыт – жыгхэм пщIащэр тынш дыдэу икIи псынщIэу къаполъэлъыж.

Аращ, псоми яIэщ я щIэрэщIэгъуи я кIуэдыжыгъуи.

Уо, си гъащIэ, уи бжьыхьэр къэсмэ, сэр дыдэми зыри пхуэсщIэжыфынукъым.

**ГУРУНЦ Леонид**, *ермэлы тхакIуэ*.
*Зэзыдзэкlар* **КЪАГЪЫРМЭС Борисщ**.

## Си адыгэ

**Уи тхыдэр гуауэщ, си адыгэ,**
**Уи лIыгъэр уардэщ, си лъэпкъ Iущ.**
**СыщIапIыкIащ сэ уи цIыхугъэм,**
**Си гъуазэщ нобикI нарт Амыщ.**
**Си гъуазэщ нобикI, фIыр зи гугъэу,**
**Зи пщIэнтIэпс къабзэкIэ псэужыр.**
**Си гъуазэщ нобикI ди бзылъхугъэу**
**Зи Iэпкълъэпкъ дахэкIэ зэкIужыр.**
**Iэт лъагэу уи щхьэр, си адыгэ,**
**Ар хъуакъым зэикI екIуэрэхауэ,**
**ЯхуэукIакъым уэ уи лIыгъэр,**
**ХэкIэкхъуэкIагъэ къыуахами.**
**Биишэм уи бгъэр пхрихами,**
**ЗыбгъэцIыкIуакъым, убгырысти,**
**Нэмысиншагъэ къыуахами,**
**ЯхуэукIакъым уи нэмысыр.**
**Iэт лъагэу уи щхьэр, си адыгэ,**
**Ар хъуакъым зэикI екIуэрэхауэ,**
**Къопс нобэ хуиту уэ уи дыгъэр**
**ГугъапIэ нэхухэр пхухихауэ.**
**Мис а гугъапIэр нахуэ хъуауэ**
**Сыхуейщ гуфIэгъуэм сыхэтыну,**
**Си лъэпкъ и бынхэр зы хъужауэ**
**Утыкур хуиту яубыдыну.**
**Сыхуейщ адыгэр зэрыпагэу**
**И нэмыс дахэм зиубгъуну,**
**Сыхуейщ нэхъыжьхэм я щIыхь лъагэр**
**Си лъэпкъ дамыгъэу ялъагъуну.**
**Сыхуейщ адыгэм и Iущагъыр**
**ЩIэблэщIэм гъуазэ хуэхъужыну,**
**Сыхуейщ бзылъхугъэм и дахагъыр**
**Бын зэрипIыфкIэ къапщыжыну.**
**Ди Тхьэшхуэ, хъунумэ, солъэIур**
**А псор си лъэпкъым къептыжыну.**

## Къыппэплъэм егупсыс

**Кхъащхьэ мывэр щIыIэу щытми,**
**Псэм и хуабэр зыкIуэцIысщ.**
**Къызбгъэдыхьэ, къысщхьэщыти,**
**Уэ къыппэплъэм егупсыс.**

ПСЫХЭМЫХЬЭ Мусэ.
*Черкесск къалэ*

● Псалъэжьхэр

## Уэшхым щIым псэ къыхелъхьэж

- ♦**Жьындури гугъат тхьэрыкъуэ къришыну.**
- ♦**Зи щхьэ щымыIэм и шыд хьэм ешх.**
- ♦**Зы цIыхум жылэм фэ трегъэуэф.**
- ♦**Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.**
- ♦**ЛэжьэкIэмыщIэ и Iуэху хэщIыркъым.**
- ♦**Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.**
- ♦**Уэшхым щIым псэ къыхелъхьэж.**
- ♦**ФIыуэ плъагъу Iуэхум Iэр хуэпсынщIэщ.**

● Къуажэхьхэр

## Псым хэмыхьэу зэпрыкI

**ЩыбгъажьэкIэ къэпщ,**
**УщедзакъэкIэ пщэх.**

**Мэзми пабжьэми**
**пхрыкI,**
**Iэщи цIыхуи зытекIукI.**

**Псым хэмыхьэу зэпрыкI,**
**ГъуэгурыкIуэхэр зытекI.**

**МэкъупIэм щылажьэ,**
**Iэщхэм яхуэлажьэ.**

**ГуфIэгъуэм къыпигъанэ,**
**Гузэвэгъуэм**
**игъэункIыфI.**

**Макъамэ зэхэшэ,**
**Зэхэшэ зэшибл.**

ЖЭУАПХЭР:
Лакъум. Лъагъуэ. Лъэмыж. Мэкъуауэ. Нэ. Нотахэр.

*Зэхэзылъхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ**.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Адыгэ цIыхухъухэм зэрахьэу щыта, лъапэ зыпымыт щыгъын лIэужьыгъуэ. **7**. Хьэцэпэцэ къэкIыгъэ. **9**. Зыгуэрым къыкIэрыщэща е унагъуэр зыхуэмеижу куэншыбыжь идзыпIэм ишэхэр. **10**. Бын. **11**. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и артисткэ ... ФатIимэ. **12**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **13**. КIыгуугу и ... ирeIуэж. **14**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **15**. Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **17**. КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **19**. Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэжь. **20**. Уи щхьэ мыузым ... иумышэкI. **21**. ... и пIэ ... къокIэж. **24**. Бжэгъу кIыхь, къурагъ гъум. **25**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щыIэ псыежэх. **27**. Джатэ, сэшхуэ, ... **28**. Ди гъунэгъум и къуэ нэхъыжьым ... къищэхури унэ ирищIыхьащ. **30**.... и къуэ нарт Щэуей хахуэ. **34**. Ди республикэм и гъунэгъу къалэ Пятигорск адыгэхэр зэреджэр. **35**. 1943 гъэм СССР-м, Инджылызым, США-м я лIыщхьэхэу Сталин, Черчилль, Рузвельт сымэ а къалэм щызэхуэзащ. **38**. ЩоджэнцIыкIу Алий и усэхэм щигъэфIа удз гъэгъа къащхъуафэ-шакъафэ цIыкIу. **41**. ЩIэпхъаджагъэ зылэжьам нэхъапэм и тезырыр щихьу щыта мащэ куу. **42**. Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **43**. «ФIыцIэ» псалъэр нэгъуэщIу зэрыжаIэ. **44**. Фадэ гуащIэ. **47**. Егъэджак Iуэр урокым техьэулеикI еджакIуэм щIокIие: «ЖьэкIэ ... уемыщэу жысIэм едаIуэ». **49**. Щхьэц къызытемыкIэ цIыху. **50**. Ди республикэм къыщыщIах: ухуэныгъэм ирахьэлIэ, блыныр ирыдращIей. **52**. Унагъуэм къахуеблэгъа хьэщIэм ... - къубгъан къыхуащтэри зрагъэтхьэщIащ. **54**. Егъэлеяуэ щыщIыIэ зэман. **55**. Къуэш ... нэхъргэ - ныбжьэгъуфI. **56**. Лышхуэ зытелъ, пшэр, зэпэхъурей. **57**. Пасэрей зауэлI джанэ. **58**. «Бацэ сопхъ, ... сопхъэх» - адыгэ шыпсэм щыщщ. **60**. ... вы бжьакъуэм къокI. **61**. Iэщым и кIуэцIфэцIым къыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. **62**. ЩIакхъуащхьэ тежьыкIа. **63**. ГъэшхэкI.

***Къехыу:*** **1**. Ухэныпэ нэхърэ - ... **2**. ЩIымахуэ щыгъын. **3**. Хадэхэм щагъэкI пхъэщхьэмыщхьэ. **4**. МахуэцIэ. **5**. ЗэщыхьэитIыр зэбгъэдишыжын хьисэпкIэ яку дыхьэ. **6**. Къуажэ унагъуэм и ерыскъыпхъэ гъэтIылъыпIэ. **8**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **12**. Нэхъапэм, лIэщIыгъуэ зытIу и пэкIэ, адыгэ унагъуэм и нэхъыбэм арат я унащхьэр зэрагъэбыдэр. **16**. Дунейм ехыжам и цIэкIэ тхьэмыщкIэм ират ахъшэ. **18**. Шым и пщэм тет цы кIыхь. **22**. Литературэ тхыгъэ. **23**. ЩIы къиуда. **26**. Псэлъэрей. **27**. Хъуржынышхуэ. **29**. Лы гъэжьами нэгъуэщI шхыныгъуэ куэдми ар докIу. **31**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, адыгэм къуэпс быдэкIэ къытпыщIа лъэпкъ. **32**. Iэпслъэпс. **33**. Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **36**. Урысей Федерацэм и президентым и лIыкIуэу, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэ ... Олег. **37**. Адыгэ республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ ... **39**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **40**. Къуалэбзу пщэ кIыхь, лъакъуэ псыгъуэ кIыхь. **45**. ЩIалэм и ... илъыгъуэщ. **46**. Алыхьым и Iэмырхэм ерыщу тет цIыху. **48**. «Е гуфIэгъуэщ, е гузэвэгъуэщ» жаIэри, лIыжь-фызыжьым ... тIэкIу дадзыхащ. **50**. «... уанэр си шым, уей, си шынэхъыщIэ, зауэм кIуэ жаIауэ ТэрчкIэ соукъуэдий» - ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ КIыщокъуэ Алимрэ яуса, Тут Заур игъэзащIэ уэрэд цIэрыIуэ. **51**. Колхозым иIэщ... гъэш. **52**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **53**. Спорт лIэужьыгъуэ. **59**. ... пэтрэ илъэсым зэ мэфтырей.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.



***Шыщхьэуlум и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Мэз. **5**. КIыщ. **7**. Сэшхуэ. **8**. Дадэ. **10**. Псым. **12**. Тхьэзэплъ. **14**. Ныбгъуэ. **16**. Лъабзэ. **18**. Дарий. **21**. Напэ. **23**. Удын. **27**. Пэщ. **29**. ПщIий. **30**. Лэгъуп. **31**. Пэу. **33**. Пшэм. **35**. Хьэсэ. **36**. Шыпсэ. **38**. Щыблэ. **39**. Амман. **44**. Сэтэней. **46**. Гурыгъу. **47**. Чынт. **48**. Набдзэ. **50**. Шыгъу. **51**. КIэн.

***Къехыу:*** **1**. Мудрэн. **2**. Псыхьэ. **3**. Еш. **4**. ХьэIупэ. **6**. Щомахуэ. **9**. Дэ. **11**. Сэ. **13**. Заур. **15**. Гъуджэ. **17**. Аму. **19**.Алъп. **20**. Инщ. **21**. Насып. **22**. Пыпхэ. **24**. Дапхъэ. **25**. Набгъэ. **26**. Щиху. **28**. Шэд. **31**. Пхъы. **32**. Уэс. **34**. Мыл. **35**. Хьэм. **37**. Пагэ. **38**. Щхьэгуэш. **40**. Нартан. **41**. Лэгъунэ. **42**. ТепIэн. **43**. Вы. **45**. Чы. **49**. Бо.

# Лъэмыж цIыкIум деж

● Зы уэрэдым и хъыбар

Илъэс 60 хуэдэкIэ узэIэбэкIыжмэ ятха усэщ нобэ зи гугъу тщIынур. Илъэс 30 дэкIыжри, ар уэрэд цIэрыIуэ хъуащ. ДэнэкIи къэрагъауэу щызэхэпхырт «Лъэмыж цIыкIум деж» уэрэдыр. Зи насып къэкIуэгъуэ пщащэ цIыкIуу абы дэпыхьам и гугъу умыщIыххэ!

АтIэ сыт и хъыбар апхуэдиз цIыху зытхьэкъуа уэрэдым?

Уэрэдым и хъыбар зэхуэсхьэсыну сыщежьэм, япэу сэ зыхуэзгъэзащ уэрэдус Джэдгъэф Хъусен.

- Сыту зэман жыжьэм сыхэбгъэплъэжа, Аня,- жиIэри, пыгуфIыкIыурэ хъыбарыр къыщIидзащ Хъусен. - А уэрэдыр щыстхам си щIалэгъуэ дахэт, ауэ унагъуэ сыхъуат. ХьэIишэт и цIэу хъыджэбздэсу шыпхъу нэхъыщIэ гушыIэрейуэ сиIэт. Абы езым ещхьыркъабзэу зы ныбжьэгъу иIэт, ари ХьэIишэтт. ТIуми я насып къэкIуэгъуэт, я дахэгъуэт. А зэманым сэ егъэджакIуэу Зеикъуэ дэт школым сыщылажьэрт. Махуэ гуэрым лэжьапIэ сыкъикIыжу, унэм сыдэмыхьэж щIыкIэ, джабащхьэм тIэкIу сытесынщ, жысIэри абыкIэ сунэтIащ. Зызгъэпсэхуну сетIысэхауэ, солъагъу а хъыджэбзитIыр псыхьэ кIуэуэ. Псы къыздрахыр жыжьэт, Бахъсэныжьым псы гуэж цIыкIу иIэти, аддэ лъэгум нэс фIыуэ уехын хуейт. Сытми, пхъэхькIэ псы пэгун тIурытI джабэм къыдахауэ загъэпсэхуу щытт. Соплъэри, ди унэкъуэщ щIалэ Хьэжмурат къыкIуэцIрыкIыу солъагъу. ХъыджэбзитIым Хьэжмуратыр къызэралъагъуу, я псы пэгунхэр иракIутыжри, аргуэру псыхьэ кIуэ хуэдэу ягъэзэж. Iуэхур зытетыр къызгурыIуат, ауэ сыкIуэжа иужькIэ си шыпхъум соупщI апхуэдэу щIащIамкIэ. «ЗэгуэкIуаитIыр зэхуэзгъэзэну арат», - жиIащ абы дыхьэшхыурэ. Аращ хэлъар, а пщыхьэщхьэ дыдэм усэр стхащ. Ауэ илъэс куэдкIэ щылъащ зыми езмыгъэлъагъуу. Сытми, зы гъэ гуэрым АфэщIагъуэ Зое естри, абы макъамэ дахэ дыдэ хуитхащ. ИужькIэ радиом къэсхьри, Къардэн Хьэсэнрэ Сэкрэк Хьэсэнрэ езгъэдэIуащ. «Мыр Аслъэн Iэсият и макъым фIы дыдэу хуэкIуэнущ», - жаIэри, абы естауэ щытащ. Нобэр къыздэсым яфIэфIу цIыхубэр йодаIуэ, ар зи фIыщIэр Iэсияту къызолъытэ.

**КIУНТIЫЩ-ХЬЭПЦIЭ Аннэ**.

**Мазэ цIыкIур, бгыпэм къыкъуэкIауэ,**
**Пшэхэм зыщигъэпщкIуу докIуэтей.**
**Пшапэ зэхэуэгъуэм, сфIэемыкIуми,**
**Псыхьэ сокIуэ лъэмыж цIыкIум деж.**

**Псы Iущащэм сэ сынищыхэплъэкIэ,**
**Мазэр къысхуэщыгъуэу къысхукъуоплъ.**
**Псалъэу къызжепIахэм уепцIыжами,**
**Псыхьэ сокIуэ лъэмыж цIыкIум деж.**

**Лъэмыж цIыкIум сакъыу уэ сынипшурэ,**
**Лъагъуныгъэр Iуащхьэу сыбгъэщIащ.**
**«ДэкIуэ», - жаIэм, сыдэкIуэн сымыдэурэ,**
**НэгъуэщI уи лэгъунэм къыщIэпшащ.**

**Иджы лIыкIуэ схуощI, ибгъэкIыжауэ,**
**МафIэр жьэгум пхьыжкIэ мыхуэбэж.**
**Ауэ, бампIэр сщхьэщыун къысфIэщIурэ,**
**Псыхьэ сокIуэ лъэмыж цIыкIум деж.**




**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Изэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.).* *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэти 2-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1323

# Израилым щыпсэу адыгэ къуажэхэр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№161-162 (23.320) ● 2016 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Адыгэ псалъэ» газетым и нобэрей гуэдзэныр ди гуапэу тедухуащ Израилым щыпсэу адыгэхэм. А къэралым щыIэ къуажитIым - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ - гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ Адыгэ щэнхабзэм и фестивалым иджы япэу хэтащ КъБР-м и лIыкIуэхэр, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, зыбжанэрэ щыIауэ нытрагъэзащ АР-м и «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым. Адыгэ щэнхабзэм и фIыпIэмрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм и курыхымрэ къэрал куэдым щигъэлъэгъуащ «Кабардинка»-м, иджы Израилым нэсати, абы щыпсэухэм я дэрэжэгъуэри къиIэтащ.

Километр мин бжыгъэкIэ я хэку пэIэщIэми, адэжь щIэинхэр хуэсакъыу яхъумэу, анэдэлъхубзэр шэрыуэу яIурылъу, адыгэ хабзэр я Iэпэгъурэ я деж лъэпкъ зэхэщIыкIым зыщиужьауэ псэу ди лъэпкъэгъухэм я гур хамэщIым щыкIуэдыркъым.


Иерусалим. Аль-Аксэ мэжджытым деж.














Рихьэние къуажэ.




«Ислъэмей» гупым щыщхэр. ХъуакIуэ Сусаннэ, Мыщэ Анзаур, Агъыржанокъуэ Саниет.


«Ди псэ» гупым хэт сабийхэр.


Акко къалэм.


ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ я пшыхь.



Кфар-Камэ. Беслъэней уэрам.


Кфар-Камэ и къуажэкур.

# ХамэщIым гур

**Израилыр журт лъэпкъым и хэкущ. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хиубыдэ къэралщ, ЩIыкурытыхым и Iуфэм Iусщ. Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ - Ливаныр, ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ - Сириер, къуэкIыпIэмкIэ Иорданиер, ипщэ-къухьэпIэмкIэ Мысырымрэ Газэ ЩIыналъэмрэ къыщысщ. ЖыпIэнуракъэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ фIыуэ зызыужьа къэралщ. Къапщтэмэ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хиубыдэ къэралхэм ящыщу Израилращ зи псэукIэр нэхъ зэIузэпэщыр. Журт къэралыгъуэ щхьэкIэ, мыр лъэпкъ куэд щызэхэс, демократиер щытепщэ щIыналъэщ. Абы нэхъыбэу исыр журтхэрщ (процент 75,4-рэ), хьэрыпхэр - процент 20,6-рэ, нэгъуэщI лъэпкъ мащIэхэр проценти 4 ирикъуу аращ. Журт лъэпкъымрэ Израиль щIыгумрэ зэпыщIэныгъэшхуэ яIэщ, аращ здэщыIэр журтхэм я дежкIэ лъапIэ щIыпIэ псори.**

ЗИ ХЭКУ иIэпхъукIа лъэпкъ куэд зэрыщызэхэсым къыхэкIыу, мыр бзэ куэд «зыIурылъ» къэралу къалъытэ. Абы исхэм шэрыуэу ящIэ ивритыр, инджылызыбзэр, хьэрыпыбзэр, уеблэмэ уэрам, къалэ гъэнэхуапIэхэм бзищымкIи теттхащ.

Езы журтхэм къадэкIуэу, хуитыныгъэ зэхуэдэ щаIэщ хьэрып-муслъымэнхэми, хьэрыпчыристэнхэми, друзхэми, бедуинхэми, самаритянхэми, ермэлыхэми, адыгэхэми.

Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ Израилымрэ адыгэхэмрэ зэпыщIа зэрыхъуам щхьэхуэу и гугъу тщIынщ. Иджыпсту сызытепсэлъыхьынур хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэр нобэ здынэсарщ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ икIа лIыкIуэ гуп абы тхьэмахуэкIэ зэрыщыхьэщIарщ.

Израилым ит адыгэ къуажитIым - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ - гъэ къэс чэзууэ Адыгэ щэнхабзэм и фестиваль щрагъэкIуэкI. Абы къырагъэблагъэ Тыркум, Сирием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэм щыхэхэс адыгэхэм я уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэр. Мы гъэм Кфар-Камэ и жылэ Хасэм къызэригъэпэща а фестивалым ирагъэблэгъат «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым хэтхэмрэ. Егъэблагъэ тхылъыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и пащхьэ щралъхьэм, абы ищIа унафэм тету, Израилым кIуэну гупымрэ абы и пашэмрэ ягъэбелджылащ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Iэпщэ Заур**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, «Кабардинка» ансамблым и художественнэ унафэщI **Атэбий Игоррэ** балетмейстер нэхъыщхьэ **Битокъу Аслъэнбэчрэ** зыщIыгъу гупышхуэр шыщхьэуIум и 27-м гъуэгу техьащ. Налшык аэропортым къэкIуа «Ислъэмей» ансамблым хэт ди лъэпкъэгъухэри гъусэ тхуэхъужри, Истамбыл и «Ататюрк» кхъухьлъатэ къэтIысыпIэм дылъэтащ, адэкIэ Истамбыл - Тель-Авив рейсым дитIысхьащ. Тель-Авив дызыхьыну кхъухьлъатэм и теплъэ, и инагъ къудейм къыбжиIэрт дыздэкIуэ къэралым и къулеягъыр. СыхьэтитIым дакъикъэ 20 хуэдиз нэхъ щIимыгъуу гъуэгу дытета нэужь дыздынэса аэропортым, Бен-Гурион Давид и цIэр зезыхьэм, къуигъащIэрт журтхэм я псэукIэр зыхуэдэр. Лъэс гъуэгур зыгъэпсынщIэ траваланорхэм дытету дыкIуэ пэтми, щIэкIыпIэр къэблагъэртэкъым, аэропортыр апхуэдизкIэ инти. Зы мэскъали къыхуэмыту зэгъэпэща кхъухьлъатэ къэтIысыпIэр, ауи цIыху зэтрихьэ щымыIэу узыблэкI къэпщытапIэхэр, техникэкIи лэжьакIуэкIи зэщIэузэда Iуэхущ IапIэ иныр дыздикIа Налшык ейм пхуегъэпщэнутэкъым. ГуфIэжу къытпежьащ Кфар-Камэ жылэ Хасэм и лэжьакIуэ **Нэпсо Норэ**, адыгэ музейм и тхьэмадэ **Тхьэухъуэ Зухьейр**, сабийхэр къафэм хуэзыгъасэ **Iэпщэ Рустам** сымэ. Абыхэм гуапэу драгъэблагъэри, ди нэ къызыхуикI адыгэ жылэм дыкIуэну дежьащ.

## ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэIуощIэ

КФАР-КАМЭ Тель-Авив и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ километри 120-кIэ, Тиберие гуэлым километр 20 - 25-кIэ япэIэщIэу щысщ. СыхьэтитI нэблагъэкIэ икIу гъуэгур къызэднэкIри, къуажэм дэт шхапIэм драгъэблэгъащ. Хьэрып, журт шхыныгъуэ куэд тхузэблахащ а пщыхьэщхьэм, щIэщыгъуэу, дагъэхьэщIэмэ яфIэфу, ауэ адыгэ шхыныгъуэхэри зэраIэщIэмыхуар нэрылъагъуу, адыгэ кхъуей зыдэлъ хьэлывэ, лым къыхэщIыкIа ерыскъыгъуэхэр, пIастэ, щIакхъуэ Iэрыпщ хуэдэхэр Iэнэм къытралъхьащ. Мы Iуэхум нэхъ щхьэпэу, гуапэу хэлъахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ икIыу Кфар-Камэ кIуа гупыр цIыху тIурытIу унагъуэхэм зэрызэбграшар. Ар я хабзэщ къуажэдэсхэм, хьэщIэр хьэщIэщ щIагъэтIысхьэркъым. А пщыхьэщхьэм хьэщIэ къызылъымыса унагъуэм насыпыншэу зилъытэжми ярейт. Бысымхэр иригушхуэрт хэкум къикIа цIыху махуэ бжыгъэкIэ я жьэгу зэрыдэсынум, хъыбар гъэщIэгъуэн зэрызэхуаIуэтэнум, ныбжьэгъу зэрызэхуэхъунум.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэр куэдым къэрацIыхуу хэлъа хьэщIэ егъэблэгъэкIэмрэ гъэхьэщIэкIэмрэ къуажэдэсхэм ди нэгу щIагъэкIащ а махуэхэм. БысымкIэ ехъулIауэ зибжыжырт ди гупым щыщ дэтхэнэ зыми, пщэдджыжьым зэIущIэж къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ зыхуаIуатэр я бысымхэм я гуапагъымрэ гумащIагъымрэт. Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, АР-м и телевиденэм и лэжьакIуэ ТIэш Светланэ сэрэ зы Iуэху зэрызэдэтщIэм, дызэрызэныбжьэгъум къыхэкIкIэ, зэгъусэ зытщIыну дызэгурыIуат. Бысым тхуэхъуари ди гупсысэкIэм къытехуэ, уеблэмэ шыпхъу пэлъытэ тхуэхъуауэ зи унэ дыкъикIыжа Нэпсо-Натхъуэ Симэщ. Симэ и цIыху щIыкIэкIэ гуфIэнэгуу, узыщимыгъэукIытэрэ и нэIэ къыптримыгъэкIыу, и Iэнэгур зэтетрэ и унагъуэр хъуэпсэгъуэу апхуэдэт. Езыр гъунэгъуу къэзмыцIыху щIыкIэ сигу щIыдыхьами зы щхьэусыгъуэ иIэт. И адэ Нэпсо Нихьэт илъэс зыбжанэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтат, Израилым щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэу. Лъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ, Мейкъуапэ унэ щиIэу абы щыпсэу, адыгэм папщIэ Iуэху щхьэпэ куэд зэфIэзых лIыт (мазэ зыбжанэ ипэкIэ дунейм ехыжащ, и ахърэтыр дахэ Тхьэм ищI). Апхуэдэ адэм и бынхэри хуэфэщэн защIэт. Симэ и дэлъхухэри и шыпхъухэри езым хуэдэу адыгэгущ. Ар апхуэдизкIэ жанти, сыт хуэдэ Iуэхури гупсысэри къыддигъэпсынщIэрт, и машинэмкIэ дызыхуей щIыпIэм дынигъэсырт, гъащIэм хуэIущти, и дэтхэнэ псалъэми купщIэ хэлът. И къуэ Натхъуэ Саусэр илъэс 22-м итщ, полицэм хыхьагъащIэ щIалэ щыпкъэщ. Ипхъу Нэхунэ илъэс 14 и ныбжьщ, курыт школым щIэсщ. Къуажэм дэтлъэгъуа дахагъэмрэ фIыгъуэмрэ ди бысымхэм я деж къыщежьэрт.


Кфар-Камэ дэт Адыгэ Хасэм и унэр.


Къэбэрдей уэрам.


Кфар-Камэ дэсхэм захуегъазэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимир.






Шапсыгъ уэрам.


49-нэ каналым и оператор ХьэцIыкIу Мартин.

# щыкIуэдыркъым

## Адыгэбзэ фIэкIа щызэхыумых жэнэт лъахэ

КФАР-Камэ жэнэт лъахэ цIыкIу хуэдэщ, хэкум зэрыпэIэщIэр думыгъуэмэ. Куэбжи бжыхьи щумылъагъу жылэщ ар, и жьэгу пащхьэр зэщIэгъэнарэ берычэтыр дэзу. Махуитхум къриубыдэу зы хьэрыпыбзи журтыбзи щызэхэтхакъым, я нэхъ цIыкIухэри щIалэгъуалэри зэрызэпсалъэр адыгэбзэщ, я нэхъыжьыр зэрыущиер анэдэлъхубзэрщ. Къуажэ дэлъэдапIэм къыщыщIэдзауэ абы щызыхэпщIэ адыгагъэм уи хэкужь уисыж хуэдэу къыпщегъэхъу. АдыгэбзэкIэ «Фыкъеблагъэ» зэрытетхар умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, къатищу зэтету къуажэкум ит Хасэр, дэ администрацэкIэ дызэджэр, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзащ, библиотекэ хэтщ. Къалэм и кур зыхуэзэ а щIыпIэм куэбжэ зэIуха ин, удз зэмылIэужьыгъуэхэр къегъэтIысэкIауэ, щытщ. А зы куэбжэрщ Кфар-Камэ щыплъагъунур, ари зэIуха зэпыту зэрыщытым къыбжеIэ ди лъэпкъэгъухэм ягури я псэри зэIухауэ дунейм зэрытетыр.

Къулей, къулейсыз псалъэхэм къарыкIыр ящIэ хъункъым абыхэм, псоми я унэхэр зы ухуакIуэм ищIа хуэдэу зэщхьщ. Езыхэр гъунэгъу къалэхэм щыIэ фабрикэхэм, заводхэм щолажьэ, дзэм, полицэм къулыкъу щащIэ, абы къыдэкIуэуи тыкуэн, шхапIэ, щхьэц щIэщапIэ хуэдэхэр къызэIуахауэ ягъэлажьэ, щIыгум толэжьыхь, былым ягъэхъу, жыг хадэ хасэ. Къыхэгъэщыпхъэщ унагъуэ Iуэху гуэр зэфIагъэкIын е цIыхур зыхуей хъу Iуэхутхьэбзэр игъуэтын папщIэ ахэр нэгъуэщI къалэ кIуэн зэрыхуэмейр. Кфар-Камэ псори щыбогъуэт, сабий гъэсапIэ, курыт еджапIэ, сымаджэщ, банк, пощт, ЩэнхабзэмкIэ унэ, спорт клуб, футбол, баскетбол стадионхэр - псори дэтщ, тыншу ущопсэу. ПщIантIэхэм машинэ зыбжанэ зэбгъурыту дэтщ, зи ныбжыр илъэс 14 ирикъуа ныбжьыщIэм (щIалэми хъыджэбзми емылъытауэ) машинэ къехуэкIыным зыхуегъасэри, щыхьэт тхылъыр къыдех. Хъыджэбз цIыкIухэри, зи ныбжь хэкIуэта бзылъхугъэхэри машинэ исщ. «Фи дежкIэ цIыхубзыр машинэ дэмытIысхьэр пэж?!», - щыжаIэм, иужьрей илъэсхэм нэхъ къызэраублар яжетIащ. ТокIэ лажьэ электромобилхэр къуажэм дэзу дэтщ, ахэр нэхъ тыншщ уи Iуэху иризэфIэбгъэкIыну. Абы тесхэр щызэблэкIкIэ, адыгэбзэкIэ сэлам зэрахыу зэрызэхэпхыр гухэхъуэт. ИужькIэ десэжащ: къуажэм дэс псори зэроцIыху, адыгэбзэ фIэкIа нэгъуэщIыбзэ щызекIуэркъым.

Хэкужьым ит адыгэ къуажэ уикIауэ, адыгэбзэр зэхэпх щхьэкIэ къыпфIэIуэхун хуейкъым, ауэ къысфIэIуэху къудейм къыщымынэу, сыкъигъаскIэрт журт къэралым ис адыгэ къуажэ цIыкIум дэсхэм я анэдэлъхубзэм пщIэ зэрыхуащIым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхэсх адыгэбзэ ныкъуэм, нэгъуэщIыбзэм худиIэ пыщIэныгъэм, ди бзэр хамэ псалъэхэмкIэ зэрыдуцIэпIым, адыгэбзэ зымыщIэ адыгэ зэрысцIыхум, адыгэбзэр егъэджэным пыщIа гугъуехьхэм езгъапщэрт. Анэдэлъхубзэр ди школхэм щаджыну сабийхэр, адэ-анэхэр зэрыхуэмейм, ар зэрызэрамыпэсым щхьэусыгъуэ къыхуэзгъуэтырт - школ нэужьым еджапIэ щIэтIысхьэнуми, лэжьапIэ увынуми, къулыкъу ирахьэкIынуми адыгэбзэр зыщIыпIи къыщысэбэпыркъыми, ращ щIамыджыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, абы гугъу зыщIрагъэхьын щхьэусыгъуэ яIэкъым, икIи къэслъытэрт а щхьэусыгъуэр властым къигупсысын хуейуэ, адэ-анэм нэгъуэщI къащыгурымыIуэкIэ. Кфар-Камэ адыгэбзэм и гъусэу бзищ щадж. Курыт школым и класси 9-р къызэраухыу, хьэрыпхэмрэ журтхэмрэ яхохьэри, ядоджэ, адэкIэ я щIэныгъэм хагъахъуэ, итIанэ лэжьэн щIадзэ... Къуажэм зэрыдэбэкъукIыу къагъэсэбэпыр зыхэс къэралым и бзэхэрщ, ауэ пщыхьэщхьэм къызэрагъэзэжу, я анэдэлъхубзэм тохьэж. Абы хьэкъ сщищIащ: уи бзэр пщIэн щхьэкIэ гукIи псэкIи уадыгэн хуей къудейуэ аращ, армыхъумэ, ар къэралми властми елъытакъым.

## Лъэпкъ хабзэр яхъумэ

КФАР-КАМЭ дэсхэм я процент 90-р шапсыгъщ, абазэхэхэр, хьэтыкъуейхэр, бжьэдыгъухэр унагъуэ зыбжанэ мэхъу. Зи лъэпкъым къыкIэрыча хъуа, нэгъуэщI дин, политикэ, бзэ зезыхьэ гупым хэхуа, зи бжыгъэкIэ мащIэ ди къуэшхэм я щэнхабзэмрэ псэукIэмрэ а псоми яжь къыщIимыхуу къэнауэ къыщIэкIынкъым. Абы щыпсэу адыгэхэм я хабзэ зехьэкIэ, псэукIэ щхьэхуэ зэрагъэпэщыжащ. Езыхэр, дэ дэщхьу, зэрызэджэжыр адыгэщ, «шапсыгъ», «абазэхэ» псалъэхэр къыщагъэсэбэпыр зыщыщ лIакъуэр щызэхагъэкIым дежщ.

Ахэр къызыхэкIа лъэпкъым, я адэжьхэм, адыгэ мамлюкхэм яхэлъа лIыгъэмрэ яIа щIыхьымрэ, я хабзэ дахэмрэ нэмысымрэ ирипагэу мэпсэу нобэр къыздэсым икIи къыдэкIуэтей щIэблэр абы зэрыщIапIыкIыр нэрылъагъущ. Къуажэм адыгэбзэ фIэкIа зэрыщыземыкIуэр щыхьэт тохъуэ я лъэпкъ зэхэщIыкIым зэрызиужьам. ИтIанэ я лъэпкъыр, я бзэр, щэнхабзэр зэрахъумэжыфар зи фIыгъэр я лъэпкъ лIыхъужьыгъэмрэ къэмыланджагъэмрэ арагъэнущ. Арыншамэ, ахэр зэпымыуэ къэзыухъуреихь я бий куэдым - псыр, гъавэр, щIыр трахын щхьэкIэ кIэншэу къатеуэу щыта бедуинхэмрэ друзхэмрэ - япэщIэтыфынкIэ Iэмал иIакъым. Ди лъэпкъэгъухэр къыщIызэтенэфам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ я лъэпкъыр яхъумэжын щхьэкIэ, Iэмал зэриIэкIэ, нэгъуэщI лъэпкъ зэрызыхамыгъэхьэр. Япхъухэр нэгъуэщI лъэпкъ зэрырамытыным, щIалэхэм хамэ пщащэ къызэрырамыгъэшэным пылъхэщ. НэгъуэщI къэрал щыпсэу адыгэ къашэныр, дэкIуэныр я гуапэщ.

Израилым щыпсэу адыгэ цIыхубзхэм, апхуэдэ лъэпкъ хабзэ димыIэ пэтми, щхьэтепхъуэ ятелъщ, ауэ иджырей пщащэхэм щхьэтепхъуэ зэрахьэжыркъым. Унагъуэ ихьа цIыхубз псоми «щамий» жари щэкI хужьым къыхэщIыкIа Iэлъэщ I зытралъхьэ зэхуэс, джэгу кIуэн хуей хъуамэ, я щхьэцри я пщэри щIихъумэу.

Ахэр я лъэпкъ щэнхабзэм хуосакъ, адыгэ хабзэр зэрахузэфIэкIкIэ яхъумэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, нэхъыжьым тхьэмадэ тIысыпIэр ейщ, япэ псалъэр ират, и жыIэм йодаIуэ. ПщIэшхуэ хуащI адэанэм. А псоми къихъумащ ахэр илъэси 150-м щIигъукIэ, ноби я бзэр яIурылъу, я гур мыкIуэдауэ дахэу мэпсэу.

Кфар-Камэ и псэукIэр зэрызэIузэпэщыр щыхьэт тохъуэ зы Iуэхугъуэм - къэралыгъуэр зей журтхэмрэ ди лъэпкъэгъухэмрэ зэгурыIуэрэ лъытэныгъэрэ я зэхуаку дэлъу зэдопсэу. Журтхэми пщIэ къыхуащI адыгэхэм, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, я жылэр зыхуей хуэзэу, къабзэу зэрахьэу зэрыщытым гу лъатэ, абы нэхъри зиужьын папщIэ мылъкукIэ зыкъыщIагъакъуэ зэпытщ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**.


Битокъу Владимир, НэщIэпыджэ Замирэ, Къумахуэ Мухьэдин Иерусалим ущыхэплъэ Iуащхьэм тетщ.


Кфар-Камэ и зы уэрам.




Уэрэджыiакiуэхэр, къэфакIуэхэр, журналистхэр ЩIыкурытыхым и Iуфэм.


Кфар-Камэ и жэщщысхэр.




«Кабардинка» ансамблым хэт пщащэхэр.


Битокъу Владимиррэ Нэпсо Закариерэ тыгъэр зэIэпах.


«Кабардинка»-р къуфэ.

# Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым

## «Кабардинка», «Ислъэмей», «Ди псэ» гупхэм Кфар-Камэ и утыкум зыкъыщагъэлъагъуэ

**Израилым адыгэу исыр зыпэплъа махуэр къэсащ. Бадзэуэгъуэм и 30-м, щэбэтым, Кфар-Камэ щекIуэкIынут гъэ къэс къызэрагъэпэщ дунейпсо фестивалыр. БлэкIа илъэсхэм Тыркум, Иорданием щыIэ адыгэ къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр кърагъэблэгъамэ, иджы утыкум итынур «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым хэтхэмрэт.**

КОНЦЕРТЫМ щIидзэным иджыри сыхьэт бжыгъэ иIэу цIыхухэм къызэхуэсын щIадзащ. ГуфIэгъуэ пшыхьым хэтынур ди бысым къуажэдэсхэм я закъуэтэкъым, атIэ абы къеблэгъэнут Рихьэние щыщхэри, гъунэгъу къалэхэм, къуажэхэм дэс нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэри. ЦIыху мини 5 зэрыхуэ стадионым щагъэува сценэм къекIуэкI тIысыпIэхэр хуэмурэ яубыдырт. Фестивалыр щIидзэн гъунэгъу щыхъум, зэблэкIыпIэ имыIэжу цIыхур щызэхуэсат концерттыпIэм. Я Iуту тIыжт а махуэм ди лъэпкъэгъухэм, сыту жыпIэмэ, ахэр иджы япэу я лъэгу щIэплъэнут Къэбэрдей-Балъкъэрым и набдзэу ялъытэ, щытхъу зиIэ, къэрал куэдым къыщацIыху, адыгэм и щэнхабзэмрэ макъамэмрэ дахэу утыку къизыхьэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, абыхэм ящIыгъут лъэпкъым и IуэрыIуатэ-макъамэ гъуазджэр екIуу зыгъэIу, адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупыр.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIар Кфар-Камэ дэт Адыгэ музейм и унафэщI, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт **Тхьэухъуэ Зухьейрти**, абы къызэхуэса псоми сэлам гуапэ ярихри, утыкум иригъэблэгъащ Кфар-Камэ жылэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие**, Израилым щIыналъэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ и министр **Къарэ Iэюб** (друз лъэпкъым щыщщ), Рихьэние къуажэ хасэм и тхьэмадэ **Гъыш Сулеймэн**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** сымэ.

- Сэлам гуапэ фызох адыгэм и бынхэ! - къызэIуихащ пщыхьэщхьэр Нэпсо Закарие. - Нобэ ди махуэшхуэщ, дэ къытхуеблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм я къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэр. ФIыщIэ яхудощI фэ фыкъэзыутIыпща, гуп дахэу гъуэгу фыкъытезыгъэхьа, адэжь лъахэу къэтлъытэ хэгъуэгухэм я тхьэмадэхэм. Щэнхабзэм дызэрызэпищIэ лъэмыжыр нэхъ быдэ тщIын мурадкIэ дызэхыхьащи, Тхьэм къыдигъэхъулIэ. Израилым ис адыгэхэм ди щхьэр лъагэу дывгъэлъагъужащ, ди щIыбагъ уардэу фыкъызэрыдэтыр дызыхэс лъэпкъхэм дахэу евгъэлъэгъуащи, фIыщIэ мыухыж фхудощI.

Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, адыгэр сыт и лъэныкъуэкIи фIыкIэ псоми къазэрыхэщыр, я хабзэкIэ, зэхэтыкIэкIэ зэрыдагъуэншэр, я щэнхабзэм и беягъым и гуапэу зэрыкIэлъыплъынур жиIащ щIыналъэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ министр **Къарэ Iэюби**.

- Адыгэ зэрыс хэгъуэгуищми, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я тхьэмадэхэмрэ щыпсэухэмрэ къабгъэдэкI сэлам гуапэ фызохыж Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ дэсхэм, - захуигъэзащ Битокъу Владимир къызэхуэсахэм. – РеспубликитIым щыщу щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр ди гъусэу гупышхуэ дыкъыфхыхьащ фызэрыдиIэр, дызэрывиIэр тщIэжын щхьэкIэ, адэжь лъахэм исхэр къызэрыфкъуэтыр фщымыгъупщэн папщIэ, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ ди зэпыщIэныгъэр едгъэфIэкIуэн, ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ тхъумэжын, зедгъэужьын мурадкIэ. НыбжьэгъугъэкIэ, благъагъэкIэ, щэнхабзэкIэ, мурадхэмкIэ дызэпыщIауэ щытмэ, зэи дызэрыхэмыкIуэдэжынум шэч хэлъкъым.

Фестивалыр зэпыщIэныгъэ быдэм лъабжьэ хуэхъуну хъуахъуэу къэпсэлъащ **Къумахуэ Мухьэдинрэ Гъыш Сулеймэнрэ**.

ХьэщIэхэм Налшык ираха саугъэтхэр тыгъэ хуащIащ Нэпсо Закариерэ Къарэ Iэюбрэ.

«Кабардинка»-р нэхъапэм гуп мащIэурэ кIуами, ансамбль псор зэгъусэу иджыт Израилым щихьар. АтIэми, хамэ къэрал щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм я зэхуаку щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ дэлъынымкIэ а къэфакIуэ гупым игъэзэщIа къалэнхэр къыпхуэмылъытэнщ, къызэхикIухьа къэралхэм ис адыгэхэм ягу къызэрагъэгъуэтыжу. Ди бысымхэм ящIэрт «Кабардинка»-р лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм и налкъутрэ адыгэ жьэгум и дэп мыужьыхыу илъэс 80 хъуауэ къызэрыгъуэгурыкIуэр.

Дунейпсо, къэралпсо фестивалхэм я лауреат, Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и орден нэхъыщхьэу тIу, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр зыхуагъэфэща ансамблым концерт дахэ итащ а пщыхьэщхьэм. Iэгуауэм я нэхъ иныр зыхуаIэту деса «Кабардинка»-м Iэгу хуеуэр ди лъэпкъэгъухэм я закъуэтэкъым, атIэ журтхэри, хьэрыпхэри, друзхэри, бедуинхэри къыдихьэхат. ХьэхъупащIэ Iэмырхъан игъэзэщIа уэрэдхэм, бэрэбаным гухэхъуэу еуа щIалэхэм, пшынауэхэм, накъырапщэхэм, къэфакIуэхэм я зэфIэкIыр щIэщыгъуэт абыхэм еплъхэм я дежкIэ.

ГуфIэгъуэр зыIэтыр къафэмэ, фестивалыр зыгъэбжьыфIар «Ислъэмейм» и уэрэдхэрщ. Макъамэ IэмэпсымэхэмрэуэрэджыIакIуэ макъ жьгъырухэмрэ къуажэ псом щызэхахырт. Ахэр нэхъапэми щыIат Израилым, фIыуэ къалъагъунуи хунэсати, Iэгуауэр мыухыжт.

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ ХъуакIуэ Сусаннэ, АР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Шэшэным щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Агъыржанокъуэ Саниет, АР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Къумыкъу Шамсудин, Щамырзэ Къазбэч, пшынауэ Iэзэ, АР-м и цIыхубэ артист Мыщэ Анзаур сымэ ягъэзэщIа уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ гуимыхужт, лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэр гурэ псэкIэ зыхозыгъащIэт.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я жэрдэмкIэ фIащауэ «Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ» цIэ лъапIэр зезыхьэ «Кабардинка»-мрэ «Ислъэмеймрэ» ягъэгушхуащ а пщыхьэщхьэм Израилым ис адыгэхэр, апхуэдэуи ахэр зыхэс нэгъуэщI лъэпкъхэм я нэгу зрагъэужьащ.

Хэхэс гъащIэр я натIэ хъуами, зи бзэмрэ зи щэнхабзэмрэ хуэсакъыпэу зыхъумэ ди лъэпкъэгъухэми а пщыхьэщхьэм дагъэлъэгъуащ адыгэ къафэмрэ макъамэмрэ зэрыхуэпэжыр, ныбжьыщIэхэри сабийхэри зыхэт къэфакIуэ ансамбль зэраIэр. Кфар-Камэ щыпсэу, щылажьэ къэбэрдей щIалэ Iэпщэ Рустам игъасэ гупищри екIуу утыку итащ. «Ди псэ» ансамблым и гуп нэхъыжьым фащэ дахэхэр ящыгъыу къэфэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыхуэIэзэр къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ. Гур хэзыгъахъуэр нэхъ цIыкIу дыдэхэрат. КъакIухьыф хъуамэ, къэмыфэф къуажэм зэрыдэмысыр сабий гъэсапIэм щытлъэгъуат, ауэ гуп хэту, утыкушхуэм иту къэфэныр иджы щыщIэдзауэ зэращIэм дыщыгъуазэтэкъым. Гухэгъуэт а цIыкIухэм уакIэлъыплъыну. Нэхъыщхьэрати, хэкурыс къэфакIуэ Iэзэхэмрэ хэхэс къэфакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ зы утыку зэрызэдитымрэ я зэфIэкI зэрызэхалъхьэмрэ уамыгъэгушхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Аракъэ зэпыщIэныгъэ хъужри, аракъэ щIыпIэ куэдым щикъухьа адыгэр зэзышэлIэжри?!

*(КIэухыр 7-нэ нап.)*


УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ ХъуакIуэ Сусаннэ.


Джения Астамур утыкур ейщ.


«Ди псэ» гупым хэт цIыкIухэр.

# НЭПСО Закарие: Ди зэпыщIэныгъэм и лъабжьэр адыгэбзэращ

***Кфар-Камэ и псэукIэм, абы дэсхэм я гупсысэхэмрэ IуэхущIафэхэмрэ, къуажэ администрацэм и лэжьыгъэр зыхуэдэр къэтщIэн мурадкIэ, зыхуэдгъэзащ Кфар-Камэ жылэ Хасэм и тхьэмадэ Нэпсо Закарие.***

**- Закарие, жэнэт щIыналъэ цIыкIу хуэдэ, Израилым ит мы адыгэ къуажэм нобэ и Iуэху зыIутымрэ дэсхэм я бжыгъэмрэ дыщыбгъэгъуэзамэ арат.**

- Кфар-Камэ унагъуэу дэсщ 1130-рэ, цIыху псори къапщтэмэ, 3330-м щIегъу. Къуажэм мыадыгэ щыпсэуркъым. Шапсыгъхэр процент 90 мэхъу. Абазэхэ, бжьэдыгъу, къэбэрдей мащIи къытхэтщ. Ар къыфхуезбжэкI щхьэкIэ, лIакъуэ зэхэдз диIэкъым, псори дыадыгэщ. Сабий гъэсапIэрэ курыт еджапIэрэ щолажьэ къуажэм. Сабийр илъэсищ хъуа нэужь, и адэ-анэр лажьэмэ, гъэсапIэм иратри, пщIэншэу щыIэщ. Курыт еджапIэм класси 6-р къыщаух. Абы и унафэщIри, щылажьэ егъэджакIуэхэри адыгэщ. Дызэрыс къэралым журтыбзэращ и нэхъыщхьэри, япэ классым ивриткIэ ирагъаджэ, зэрымуслъымэным щхьэкIэ хьэрыпыбзэр яджу щIадзэ 2-нэ классым. Ауэ унэм щIэсыху сабийм адыгэбзэ фIэкIа ищIэркъым. Ещанэ классым инджылызыбзэр къыхохьэ. Етхуанэ классым кириллицэр зрагъащIэу яублэ. Ар зыжетIэхэм ягъэщIагъуэ, апхуэдиз бзэр дауэ зрагъэщIэфрэ жаIэри. Гугъуехь къыхэкIыркъым. АдэкIэ 9-нэ классыр къауха нэужь, 12-нэ классым нэс район курыт еджапIэм щеджэу аращ. Нэхъыбэр журт школщ здэкIуэр, процентм 7-10-р хьэрып школым макIуэ. Ар диным нэхъ тегъэщIауэ еджэну хуейхэрауэ жыпIэ хъунущ. Курыт школыр къаухауэ, нобэкIэ университетым щIэс щIалэгъуалэм я бжыгъэр 180-м ноблагъэ. Ахэр IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым хуоджэри, IэнатIэ пэроувэ. Сэ мы къулыкъум сызэрыпэрыхьэрэ илъэсищым нэблэгъащи, еджэну, лэжьэну хуейхэр нэхъыбэ хъу фIэкIа хэщIыркъым.

**- Еджэн къэзыухахэр, къуажэдэсхэр гъунэгъу къалэхэм лэжьакIуэ кIуэуэ ара, хьэмэ езы къуажэми лэжьыгъэ дэлъ?**

- Нэхъапэм нэхъыбэр мэкъумэш Iуэхурат зэлэжьыр, гектарипщI хуэдиз щIы зимыIэ зыри къытхэттэкъым. Нобэ апхуэдэу жылэм къыдэнар унагъуэ зыхыблщ, адрейхэм бэджэнду яту аращ щIыр. Ныбжь яIэу, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрамыгъэгъуэтауэ къуажэм дэс ди къуэшхэри Iуэхуншэкъым, ахэр заводхэм щолажьэ. ЩIалэгъуалэращи, инженер, архитектор, дохутыр, экономистхэр куэду диIэщ, къэралым пщIэ къыщыхуащIу мэлажьэ. Ахэращ дигу къыдэзышейр. Къапщтэмэ, къытщIэхъуэ щIэблэрщ ди гъуэгур зыгъэнэхури, лъагъуэщIэ пхызышри. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, хьэрып, журт къалэхэм IуэхущIапIэхэм я унафэщIу ди лъэпкъэгъу куэд щолажьэ, уеблэмэ бзылъхугъэ къудейуэ банкхэм я унафэщIу щы диIэщ. Жылэдэсхэм пашэу, пэрыту къахэщыр нэхъыбэ мэхъури, абы дегъэгуфIэ.

**- Мы махуэхэм гу зэрылъыттамкIэ, цIыхур зыхуей хъу Iуэхутхьэбзэ псори мы жылэм удэмыкIыу бгъуэтынущ, сымаджэщ, шхапIэ, зыщагъэдахэ IуэхущIапIэ, нэгъуэщIхэри дэтщ. Ахэр фи закъуэ къэзыгъэсэбэпыр?**

- Дэ насыпу тхьэм къыдитахэм ящыщщ ар. Ди районым адыгэу исыр дэ зыращ, адрейхэр журтхэмрэ хьэрыпхэмрэщ. А зи гугъу пщIы IуэхущIапIэхэм къекIуалIэр жылэдэсым я закъуэкъым, атIэ ди гъунэгъухэм ящыщ куэд къокIуэ. Ди тыкуэнхэм щощахуэ, ди шхапIэхэм щошхэ, загъэхъужын хъуми, загъэдэхэн хъуми, ди жылэм дэт IуэхущIапIэр нэхъ къыхах. Апхуэдэ Iуэхухэмкlэ лъэпкъ зэхэгъэж тщIыркъым икIи зыми нэмыплъ еттыркъым. Адыгэр фIыуэ дыкъалъагъу, уеблэмэ завод зиIэхэм лэжьакIуэ къыщащтэкIэ, адыгэщ къалъыхъуэр, ямыгъуэтрэ - итIанэ нэгъуэщI лъэпкъхэм хэплъэну аращ.


Нэпсо Закарие и псалъэ.

**- Абы щхьэхуэу сыщIэупщIэну сыхуейт. Къуажэм дэсыр адыгэ защIэ щхьэкIэ, и хъуреягъкIэ къыщысыр журтхэмрэ хьэрыпхэмрэщ. Дауэ факъыдэгъуэгурыкIуэрэ?**

- Дэ абыхэм еджэныгъэкIэ, IуэхукIэ, лэжьапIэкIэ дапыщIащ. Зэи хьэлэбэлыкъ ди зэхуаку къыдэхъуауэ сщIэжыркъым. Фестивалым къэкIуащ абыхэм ящыщ куэд. Хамэ лъэпкъым щыщхэм я дзыхь къыдагъэз, абыхэм ялъагъу ди щэнхабзэм и беягъымрэ и дахагъымрэ. Сыт щыгъуи апхуэдэу дызэкIэлъокIуэ, дэри дахохьэри, ди къалэн догъэзащIэ.

**- Кфар-Камэ дэсхэр псори зэрыадыгэм, я нэхъ цIыкIу дыдэри адыгэбзэкIэ зэрыпсалъэм сызэрыщыгуфIыкIам нэмыщI, фи уэрамхэм адыгэцIэ зэрызэрахьэр, ар адыгэбзэкIэ зэрытетхар щIэщыгъуэ сщыхъуу къэнэжакъым, атIэ сигу хигъэхъуащ. Ар дауэ къызэвгъэпэща хъуа, нэхъыщхьэращи, дауэ щыпхывгъэкIа мы къэралым?**

- А Iуэхур пасэу кърахьэжьащ, сэ мы къулыкъум сыпэрымыувэ щIыкIэ. ИтIанэ, етхьэлIэн хуей псори зэфIэдгъэкIа нэужь, хъарзынэу къыддаIыгъри, уэрамыцIэхэр зытет пкъохэр хэттIащ. Сэ сыт щыгъуи жысIэ зэпытщ: сыадыгэну сыхуейщ жыпIэмэ, зыри къыщыппаубыдынукъым мы къэралым. Уеблэмэ, зыгуэр ухуущыщIэмэ, къыбдэIэпыкъунущ. Къыдыхьэ псоми ягъэщIагъуэ ар. КъикIыр зрагъэщIэну хуейуэ щIоупщIэ. Ахэр щIэупщIэ щыхъукIэ, уэрамыцIэм къикIыр щыхуаIуатэкIэ, Iэмал имыIэу адыгэр нэхъри къызэрыпцIыхун щхьэхуэныгъэ гуэрхэр къыдокIуэ. Апхуэдэу мащIэ-мащIэурэ нэхъыбэм нэхъыфIу дыкъацIыху мэхъу. Абы къищынэмыщIауэ, ди щIэблэм я дежкIи сэбэпщ ар. КъыдэкIуэтейрэ гу лъитэмэ, Iэмал имыIэу щIэупщIэнущ, апхуэдэ цIэр къыздитхамрэ ар щIыфIэтщамрэ.

Тхыдэм теухуауэ дигу хэзыгъахъуэ зы Iуэхугъуи щыIэщ. Дэ иджыпсту догъэхьэзыр ди къэралым и тхыдэр школым зэрыщрагъэджыну тхылъым адыгэхэм теухуауэ хагъэхьэну Iыхьэр. Абы мы зэманым цIыхуищ йолэжь. 9-нэ классым щегъэжьауэ 12-нэм нэс яджынурэ, школыр къыщаухкIэ къэрал экзаменхэр ятыжынущ.

**- Закарие, уэ узиунафэщI мы IуэхущIапIэр, ХасэкIэ фызэджэр, дэ администрацэ жыхуэтIэращ, къуажэ Iуэхур щызэфIахыу, абы и гъэпсыкIэм, къыбдэлажьэхэмрэ тхьэмадэмрэ зэрыхахым мащIэу укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- Илъэситху къэс щIэрыщIэу хэхыныгъэ идогъэкIуэкI. Апхуэдэхэм деж ди жылэм щыщу тхьэмадэ хъуну хуейуэ, зыхуэфащэу щыIэхэм зрагъэтхри, хэхыныгъэхэм хэтщ. ЦIыхухэм хахращ Хасэ тхьэмадэ хъур, абы и къуэдзэхэри IэIэткIэ къыхах. Мазэ къэс тIэу зэIущIэ дощIри, длэжьын хуейхэр догъэпс, ар и лъабжьэу программэ зэхыдолъхьэри, абы дытету долажьэ. ЦIыху 50 хуэдиз щолажьэ мыбы, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм я нэIэ тету. Дэтхэнэ зыми и къалэныр щхьэхуэщи, егугъуу егъэзащIэ.

**- Дэ зэрытлъэгъуамкIэ, къуажэдэсыр зыщыщIэ щымыIэу псэу хуэдэщ, ауэ гуныкъуэгъуэ гуэр зимыIэ зэрыщымыIэм тепщIыхьмэ, сытым нэхъ игъэпIейтейрэ фи къуажэгъухэр, сыткIэ защIэвгъакъуэмэ нэхъ къащтэрэ?**

- Дызэрыс къэралым ущыпсэуным нэхъ гугъуу хэлъыр унэ къэщэхуныр, щIыныр арагъэнщ. Нэхъапэм нэхъ гугъуехь пылъу щытащ щIы кIапэ къеIыпхыу унэ тепщIыхьыным. Ауэ иужьрей илъэсхэм ухуитщ дэнэ дежи щIы къыщыпщэхуу лъапсэ ипщIыхьыну. Абы къыкIэлъыкIуэу цIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтейр щIалэгъуалэм щIэныгъэ егъэгъуэтынращ. Курыт еджапIэр къыщаухкIэ, еджапIэ нэхъыфI къызэрыхахыным пылъхэщ. Ещанэу, ди еджапIэм щIэс цIыкIухэм я шэджагъуэ нэужьыр зэрагъэкIуэнум дытегузэвыхьу щытащ. Иджы спортымкIэ, щэнхабзэмкIэ дунэтIауэ, зыхуей псори къахузыдогъэпэщ. А цIыкIухэм адыгэбзэр зэраджым нэмыщI, тхьэмахуэм тIэу егъэджакIуэхэр адыгэ хабзэм яхутопсэлъыхь, къафэм хуагъасэ. Дэ гупсысэ нэхъыщхьэу диIэр адыгэу дыкъызэтенэнырщ. ЩIэблэм адыгэ гупсысэкIэ иIэмэ, адыгэм и тхыдэмрэ анэдэлъхубзэмрэ ищIэмэ, абы лъэпкъыр игъэгъуэщэнукъым, адэжьхэм я хабзэм тету псэунущ.

**- Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. Къапщтэмэ, уэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм ухэтщ Кфар-Камэ дэсхэм къабгъэдэкIыу. Нобэ хэкум дауэ фыпыщIа, дауэ фадэлажьэрэ?**

- Сэ мы къулыкъум сыкъытемыхьэ щIыкIэ, Израилым ис адыгэхэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр пIалъэ гуэркIэ зэпыуауэ щытащ. Ар си гукъеуэхэм ящыщт лэжьэн щыщIэздзагъащIэм. Ауэ иджы дгъэзэкIуэжащ ари. Тхьэм игъэпсэу ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Тхылъ зэрыхуедгъэхьу, зи чэзу зэIущIэм дригъэблагъэри, хабзэм тету, дыхагъэхьэжащ. Израилыр, къапщтэмэ, адыгэхэр щикъухьа дунейм и центру къэплъытэ хъунущ. Дэ сыт щыгъуи къыдогъэблагъэ хамэ къэралхэм щыхэхэс ди къуэшхэри, хэкум исхэри. Апхуэдэуи ди сабийхэри Тыркум щыIащ. КъищынэмыщIауэ, ДАХ-м и фIыгъи хэлъу ди ныбжьыщIэхэр адэжь лъахэм зыплъыхьакIуэ ныдогъакIуэ. Нэгъабэ зы гуп Адыгейм щыIащ. Мы гъэм сабий 11 Налшык щыхьэщIащ. Дэ сыт ди Iэ къихьми ди сабийхэм яхуэтщIэн хуейщ. Ахэращ щIэгъэкъуэну диIэнур къэкIуэнум дызыщыгугъыр.

*(КIэухыр 7-нэ нап.).*





# Лъэпкъ тхыдэм и джэлэс


Адыгэ музейм и унафэщI Тхьэухъуэ Зухьер.

***Кфар-Камэ дэсхэм я тхыдэмрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэмрэ щахъумэу яIэщ Адыгэ музейр. Ар тIууэ зэтет унэшхуэщ, езы къэралыгъуэм нэхърэ нэхъыжьу - 1900 гъэм ящIауэ щытащ. Гъэщ Iэгъуэнщ илъэсих ипэкIэ музей ящIыжа унэшхуэм и хъыбарыр. Ар Щхьэлахъуэхэ ейуэ щытт. Къуажэдэсхэм зэрыжаIэжымкIэ, зэкъуэшхэу Iэсхьэдрэ Саидрэ хуабжьу къулейуэ, щIэныгъэ яIэу щытат. Тырку къэралыгъуэм къикIыу Кфар-Камэ къэкIуауэ зы министри, генерали, сатуущIи кIуэжыртэкъым, Щхьэлъахъуэхэ емыблэгъауэ. Зэшхэм щхьэлитху ягъэлажьэрт, щIыгу гектари 100-м щIигъу яIыгът, унэIут щэ ныкъуэ яIэт.***

***Иджы музейуэ ягъэпсыжа а унэм и тхьэмадэу щыта Щхьэлахъуэ Iэсхьэд къытехъукIыжахэр Иорданием щопсэу, абы и къуэш Саид къытекIахэми Иорданиемрэ Америкэмрэ псэупIэ яхуэхъуащ. Кфар-Камэ жылэ Хасэм унэмкIэ хуитыныгъэхэр къыдихри, музейуэ ягъэпсыжауэ, къуажэдэсхэми къакIуэ туристхэми адыгэм и хъыбар щыхуаIуатэу мэлажьэ.***

***Музейм и къалэн нэхъыщхьэм, лъэпкъ тхыдэм и джэлэсу иджырей гъащIэм зэрыхэтым тедгъэпсэлъыхьащ абы и унафэщI, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт Тхьэухъуэ Зухьейр.***

**<u>- Зухьейр, музейр къызэрызэIуфхам, ар зи жэрдэмым утезгъэпсэлъыхьынут.</u>**

- Музейр къызэрызэIутхрэ илъэсипщI мэхъу. 2006 гъэращ къежьапIэ хуэхъуауэ къэплъытэ хъунур. Сэ си унэкъуэщ щIалэ Тхьэухъуэ Закарие куэд щIауэ зэхуихьэсырт адыгэ хьэпшыпхэр. Адэжь щIэиным мыхьэнэ езымытхэр щыIэми, Закарие хуабжьу дихьэхырти, езым ейхэм нэмыщI куэд зэхуихьэсат. Абы сыт щыгъуи къызжиIэрт, си унэ щIэлъхэм къакIуи еплъ, жиIэурэ. Зы махуэ гуэр сыкIуащ. Слъагъур си фIэщ хъуртэкъым, самэу зэтелъу хьэпшып дэлът и адэшхуэм и пщIантIэм. «Сыт мы къомым епщIэн уи гугъэр?», - щыжысIэм. «СщIэркъым, ауэ зэи сщэжынукъым, мыр ди адэжьхэм я щIэинщ», - къызжиIащ Закарие. Мис абы щыгъуэм ди щхьэм къихьащ Кфар-Камэ музей дэтщIыхьыну. Ауэ абы щхьэкIэ куэд ухуейт. Нэхъыщхьэрати, унэ диIэтэкъым, ахэр щIэтлъхьэну. Зы илъэскIэ дылъыхъуащ хьэпшыпхэр зыщIэтлъхьэн, музей цIыкIу хуэдэу дгъэпсын гуэр. Хэт зыхуэдмыгъазэми, зыри къыдитыну хуейтэкъым, хьэрычэт Iуэху гуэр зетхьэу къащыхъурт. Музей къызэрызэIутхынур щажетIэкIэ, «сыт абы къыфхуихьынур? Фи мылъку хэфлъхьэну фIэкIа зыри къыхэфхынукъым», - къыджаIэрт. Зыми дакъыгурымыIуэурэ, дэри ди Iуэхур тхузэфIэмыгъэувэурэ зэман дэкIащ. Иужьым зыгуэр къэдгъуэтри, хьэпшыпхэр дахэу щIэдгъэзэгъащ. МазищкIэ бадзэ щымыдыму дыщIэсащ абы. Си унагъуэ къудейр къэкIуатэкъым абы щыгъуэ. Зы махуэ гуэрым журт унагъуэ япэ дыдэу къыщIыхьащ музейм. Абыхэм яжетIащ Израилым ис адыгэхэр къыздикIар, езыхэм я хэку, я тхыдэ яIэжу зэрыщытыр, зи лъахэ кърахуахэм къащIэна хьэпшыпхэр зэрызэхуэтхьэсыжар. ЯгъэщIагъуэ пэтми яхуэухыртэкъым ди щхьэм къриКIуамрэ ди хабзэм щыщу яхуэтIуэтахэм я дахагъымрэ. «Израилым лъэпкъ куэд исщ, дэтхэнэми и тхыдэм мащIэу дыщыгъуазэщ, журтхэмрэ хьэрыпхэмрэ я къекIуэкIыкIам фIыуэ хыдощIыкI, ауэ адыгэр сыту лъэпкъ телъыджэ. Ар апхуэдэу къэвгъанэ хъунукъым, рекламэ фщIы, радиокIэ, телевиденэкIэ къэфт мыпхуэдэ музей зэрыщыIэр. Мыбы къекIуалIэхэм ящIэнщ фэ лъэпкъ щхьэхуэу фызэрыщытыр. Армыхъумэ, хьэрыпхэм журту фрагугъэщ, журтхэм хьэрыпу фрагугъэщ», - апхуэдэ псалъэхэр къыщыджаIэм, нэхъри дытригъэгушхуащ. Израилым щыхэхэс адыгэхэм Iэмал имыIэу музей диIэн зэрыхуейр хьэкъ тщыхъуащ. Ди лэжьыгъэм хэдгъахъуэ зэпыту илъэсищкIэ дыщIэсащ а унэ цIыкIум. Зы махуэм нэхърэ адреим музейм къыщIыхьэ цIыхухэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъурт. Иджы дэ дыхуэныкъуэт апхуэдиз цIыхур зыщIэупщIэм жэуап езытын, музейм щызекIуэн хуей хъыбарыр яхуэзыIуэтэн цIыху. Апхуэдэурэ лэжьыгъэр зэтедублауэ, 2009 гъэм иджыпсту музейр зыщIэт уардэунэр аукционкIэ ящэну мурад ящIащ. МылъкукIэ бей куэдым ар къащэхуну загъэхьэзырт, дэри дехъуапсэрти, ди насып къихьынур дгъэунэхунщ, жытIэри, къуажэ унафэщIым етIуэтылIа гупсысэр, депутатхэр и щIэгъэкъуэну къулыкъущIапIэхэм я деж нигъэсащ. ИлъэсищкIэ тщIа лэжьыгъэмрэ ди мурадхэмрэ къалъытэри, ди кIэн къикIащ - унэр дэ къыдатащ. Къыдатар фIыуэ зэгъэпэщыжын хуейт, унэшхуэр кхъахэ хъуат, пщIантIэм зы мыви дэлътэкъым. Абы щыгъуэ хуабжьу сэбэп къытхуэхъуауэ щытащ КъБР-м и Iэтащхьэу лэжьа Къанокъуэ Арсен. «СыткIэ сывдэIэпыкъун?» - жиIэри, етIуанэ псалъэу аращ зыкъызэрытхуигъэзар ар къыщыкIуам. Абы къыдита мылъкумкIэ музейр гъуэгу тедгъэувауэ жыпIэ хъунущ. ЦIыхухэр адыгэ фильм щедгъэплъ пэшым Къанокъуэм и цIэр фIэтщащ.

Музейр къызэрызэIуфхрэ сыткIэ зиужьа жыпIэмэ, зы илъэсым цIыху 1-1,5-рэ къакIуэу щытамэ, нобэ ар мин 50-м нэсащ. Зы махуэ ди куэбжэр зэхуэтщIыну хуитыныгъэ диIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абдеж къыIухьэ туристыр илъэс зытIущкIэ Кфар-Камэ къэмыкIуэнкIэ мэхъу, уеблэмэ къимыгъэзэжыхэнри хэлъщ. ИтIанэ дэнэ къыщищIэн хамэ къэралым къикIам адыгэм и хъыбар?

Гугъущ дызыпэрыт Iуэхур. Музейм и пщIантIэм къыдыхьэхэм ди бзэ яIурылъкъым, ди хабзэ яхэлъкъым. Дэ шыIэ тхэлъу псори къедгъэблэгъэн, мыбы зэрыдэт зы сыхьэтым ди гулъытэ ялъыдгъэсын хуейщ.

**<u>- Фи деж къакIуэхэр Израилым исхэр ара, хьэмэрэ хамэ къэрал къикIа туристхэри къыдыхьэ хабзэ Кфар-Камэ?</u>**

- ЗыплъыхьакIуэхэм я процент блыщIыр мыбы ис журтхэращ. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэм и хъыбар зэзыгъэщIэну хуейхэрщ. Процент 14 хуэдизыр хьэрыпщ. Ахэри я гуапэу къыткIэлъокIуэ, адыгэмрэ муслъымэнымрэ я гуапэщи, нэхъ гъунэгъуу дызрагъэцIыхуну, ди къекIуэкIыкIам зыщагъэгъуэзэну хуейуэ апхуэдэщ. Адрей къэнар уэ зи гугъу пщIы туристхэращ - итальян, урыс, нэгъуэщI лъэпкъхэрщ.

IуэхукIэ Тель-Авив, Иерусалим къэкIуа адыгэ кIуэж къыщIэкIынкъым, Кфар-Камэ дэс и лъэпкъэгъухэмрэ адыгэ музеймрэ зримыгъэлъагъуу. ЩIэх-щIэхыурэ къытхуокIуэ апхуэдэхэр.

- КъатитIу зэтет мы унэшхуэр пэш дапщэ хъурэ, сыт нэхъыбэу щIэлъыр?

- Мыр къатитIу зэтетщ, пэший хэту. Ауэ етIуанэ къатыр зэкIэ къэдгъэсэбэпыркъым, дэкIуеипIэхэр задэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, цIыхухэм я дежкIэ тыншкъыми. Езанэ къатым и пэшиплIым хьэпшыпхэр щIэдгуэшащ. Сэ музей IэщIагъэм сыхуеджауэ, ар дахэу зэрызэрагъэпэщым сыхуэIэзэу щыткъым. Си дежкIэ нэхъыщхьэр адыгэм и шыфэлIыфэр цIыхухэм я нэгу къыщIэзыгъэхьэн хьэпшыпхэр, абыхэм епха хабзэхэр наIуэ къэзыщIхэр зэхэхауэ щIэлъыныращ. Мыбы къакIуэхэм, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIауи щрет, упщIиплI къытхуагъэувырт сыт щыгъуи. Абыхэм тещIыхьауэ пэшхэр дузэдауэ жыпIэ хъунущ.

(КIэухыр 8-нэ нап.).









Кфар-Камэ дэт музейм и дыхьэпIэр.




Нэпсо Айбэч туристхэм адыгэ хабзэм яхутопсэлъыхь.

# Ди зэпыщIэныгъэм и лъабжьэр адыгэбзэращ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 5-нэ нап.).*

ЩIыпIэ куэдым щыпсэу адыгэхэр зэпыщIа хъунымкIэ сэбэпу къызолъытэ мы фестивалыр. КъищынэмыщIауэ, дыуджу дызэбгрыкIыж къудей мыхъуу, дызыхэсхэм дыкъаIыху. Уафэм дыкъехуэхауэ Израилым дису къащымыхъунымкIэ, хэкуи, бэракъи, тхьэмади, къуэши дызэриIэр ящIэнымкIэ сэбэпышхуэщ мыпхуэдэ ди зэхыхьэр.

**- Кфар-Камэ дыкъэкIуэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэр гъэ къэс евгъэкIуэкI а фестивалым и зи чэзу зэхыхьэгъуэрщ. Ар къуажэ Хасэм и закъуэкIэ къызэгъэпэща хъурэ, хьэмрэ къэралым зыкъыфщIигъакъуэрэ?**

- Жылэм и ахъшэу зы соми хэтлъхьакъым. АтIэ къэралым къыдитащ. Уеблэмэ илъэс къэс зэредгъэкIуэкIыр ящIэрти, министерствэм драджэри къыджаIащ: «Дэри дынэкIуэнущ, вдэтIыгъынущ, фызыхуей щыIэмэ, къыджефIэ». Мылъку хъарзынэ зэрытхухахам къыдэкIуэу, иджыри зыгуэркIэ зыкъытщIагъэкъуэну хуейуэ къытщIэупщIэжу апхуэдэщ илъэс къэс. Абыхэм фIыуэ къагурыIуэ ди хабзэ, ди тхыдэ тхъумэжын папщIэ щэнхабзэм гулъытэ хэха хуэтщIын зэрыхуейр. Абы ипкъ иткIэ сыт и лъэныкъуэкIи къыддоIэпыкъу. Дэ хэтлъхьар сыт жыпIэмэ, къуажэдэсхэм я унагъуэхэм щагъэIащ хьэщIэхэр.

**- ХьэщIэр Тхьэм и щIасэщ жаIэ, уи къуажэгъухэр къызэрытхуэгуапэмрэ къызэрытхуэгумащIэмрэ жытIэ пэтми тхуэмыухыу докIуэж, апхуэдизкIэ дигу хагъэхъуащи. Фи жылэм къыдыхьэ хьэщIэхэр апхуэдэу сыт щыгъуи я щIасэ унагъуэхэм, егъэзыгъэ гуэри хэмылъу яфIэфIу зэрызэбграшым гу лъыттащ дыкъыщыкIуа пщыхьэщхьэм.**

- ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди къуажэдэсхэм. Ар къызыхэкIыр абыхэм я гукъабзагъэрщ, я адыгагъэрщ. Фэ фыкъэкIуэн и пэ зы гуп дэсащ ди къуажэм, ахэри едгъэжьэжри, фэ фыкъытхыхьащ. УнагъуэкIэ гъэхьэщIэныр ди хабзэщ дэ. Десащ. Ди жылэм удэсмэщ, унагъуэхэм уахэсмэщ ди псэукIэр нэхъыфIу къыщыпщIэнур.

Дэ дызэрыщIэн хуейщ. Ди къуажэ зэ щыIауэ нэгъуэщI къэрал кIуэжа адыгэхэм а зэныбжьэгъугъэм телефонкIэ, интернеткIэ къыпащэ. А зэпыщIэныгъэм и лъабжьэр адыгэбзэращ. Ди бзэр дгъэкIуэдрэ журтыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, урысыбзэкIэ псэлъэн щIэддзэмэ, дызэфIэкIуэдыжынущ. Дызэрыпсэлъэн хуейр адыгэбзэращ, абы и пщIэр къэтIэжын хуейщ.

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

★★★ ★★★



«Кабардинка»-м хуэдэу дахащэу уэркъ къафэ зыгъэзащIэ щыIэкъым.



Утыкум итщ «Ислъэмей» гупым (Мейкъуапэ) и уэрэджыIакIуэхэр.

★★★ ★★★

# Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 4-нэ нап.).*

«Кабардинка»-м и къафэр, «Ислъэмейм» и уэрэдыр, «Ди псэм» и гуащIэр, Кфар-Камэ и Iэгуауэр щызэхыхьэм уэгур «къигъачэрт», жэщыр игъэнэхуу къыпщыхьурт. Фестивалым кърихьэлIахэм сыхьэтитIым щIигъукIэ загъэпсэхуам, я нэгу зиужьам и закъуэкъым, атIэ иджыри куэдрэ яхурикъун къаруrэ дэрэжэгъуэрэ яIэу зэбгрыкIыжащ.

Къафэм и мыхьэнэр, уэрэдым и купщIэр, лъэпкъым и щIыхьыр, бзэм и къарур - а псор хьэщIэхэми бысымхэми нэхъ кууж зыхащIауэ иухащ Кфар-Камэ щекIуэкIа Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр!

* * *

КФАР-КАМЭ жылэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие**:

- Хуабжьу дигу щыхэхъуа пщыхьэщхьэщ нышхьэбз. Израилым ис адыгэ мащIэм зэрыдимызакъуэр евгъэлъэгъуащ фестивалым кърихьэлIахэм. Ди хъуреягъым щыс жылэхэм лIыкIуэ къызыдэмыкIа къинакъым. Мыбы кърихьэлIащ журтхэри, хьэрыпхэри, друзхэри, бедуинхэри, муслъымэни, чыристэни. «Кабардинка», «Ислъэмей» гупхэр пашэу куэдрэ Тхьэм щигъэт. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ КъэбэрдейБалъкъэрымрэ Адыгеймрэ я IэтащхьэхэуКIуэкIуэ Юрийрэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ. Абыхэм я фIыгъэщ мы къетхьэжьа Iуэхур къызэрыдэхъулIар. Ахэращ дунейм адыгэу тетыр зыхуеплъэкIыр, ахэращ дэ ди тхьэмадэхэу, лъэпкъым и пашэхэу къэтлъытэр. Зауи, бани, узи, жьыбгъи дымылъагъуу, ди уэгур къащхъуэрэ ди щIылъэр щхъуантIэу куэдрэ Тхьэм дызэдигъэпсэу!

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**:

- Егъэлеяуэ гум дыхьэу, екIуу екIуэкIащ фестивалыр. «Ди псэ» ансамблым хэтхэр, къэфакIуэ Iэзэхэм зыкъыкIэрамыгъэхуу, къызэрыфар гуапэ тщыхъуащ. А ныщхьэбэ тлъэгъуа цIыкIухэращ хэхэс адыгэм и щэнхабзэр пщэдей нэзыхьэсынур, и къэкIуэнум щIэгъэкъуэн лъэщу иIэнур, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри зыгъэбыдэнур. КъищынэмыщIауэ, фIыщIэ хэха яхуэсщIыну сыхуейщ мы къуажэм дэс дэтхэнэ зыми. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къытхуащIэр яфIэмащIэу дагъэхьэщIащ. Дызэкъуэтмэ, дызэрыщIэмэ, лъэпкъ уардэу дунейм дытетынущи, Тхьэм къытхузэпищэ.

Кфар-Камэ щыщ, егъэджакIуэ **Нэпсо - Натхъуэ Симэ**:

- Ныщхьэбэ тлъэгъуам ди гур хигъэхъуащ. Къафэ дахэхэр дагъэлъэгъуащ, макъэмэщIэхэр зэхыдагъэхащ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэр дымыгъэкIуэдыжу тхузэхьэтэмэ, тхузэфIэкIрэ ар нэхъри едгъэфIэкIуэтэмэ, си фIэщ мэхъу, жыжьэ дыщыпсэу щхьэкIэ къэмынэу, ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр, ди бзэр зэрытхуэхъумэжынур. Нобэ утыку итахэр зылъэгъуа ди щIэблэми абыхэм зэрызэрагъэщхьэнум иужь итынущ, адыгагъэр зэи яфIэкIуэдынукъым.

Рихьэние щылажьэ Адыгэ Хасэм хэт **Тырку Наим**:

- Дэ гупышхуэу Рихьэние дыкъикIащ. Лъэщу дигу хигъэхъуащ тлъэгъуам. Хабзэ хъуа мы фестивалыр дгъэуыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Мыр хуабжьу Iуэху щхьэпэщ. Илъэсий и пэкIэ Рихьэние и «Iуащхьэмахуэ» ансамблыр хэкум натшэри, Къэбэрдейми Адыгейми дыщыIауэ щытащ. Абы щыгъуэм ди сабийхэм ялъэгъуар нобэр къыздэсым ягу ихужыркъым.

Кфар-Камэ и къэфакIуэ цIыкIухэр зыгъасэ **Iэпщэ Рустам**:

- Ныщхьэбэ «Кабардинка»-мрэ «Ислъэмеймрэ» зэрыт утыкум къидгъэхьа цIыкIухэм куэдкIэ дащогугъ. «Кабардинка»-мрэ «Налмэсымрэ» я хъыбар жыжьэу зыщIэ а цIыкIухэр хуейщ езыхэри къэфакIуэ Iэзэ хъуну. Ахэр зи гугъу тщIы ансамблхэм яхумыгъэдэфынуми, налкъут шыру аращи, я бгъэм адыгэгу къызэрыщеуэм ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Гупищ щызогъасэ сэ иджыпсту Кфар-Камэ, абы нэмыщI, адыгэ къафэр апхуэдизкIэ я псэм хэлъщи, сабий гъэсапIэм сыкIуэрэ илъэси 3-4 зи ныбжьхэр къызогъафэ. Мы зэхыхьэм сыт и мыхьэнэ жыпIэмэ, адыгэм и дунейм и дахагъыр нэхъыбэм къедгъэщIэныр аращ. Зы лIыжь Iущ гуэрым жиIэу зэхэсхат: «Тхьэм игъэпсэу пшынауэхэр!». «Ар сытым щхьэкIэ къыхэпха пшынауэр?» - жысIэу сыщыщIэупщIэм, жэуап къызитыжащ: «Пшынэм и гъусэу уэрэдыр макIуэ, уэрэдым и гъусэу бзэр макIуэ!». Бзэр щыIэмэ, лъэпкъыр кIуэдыжынукъым. Израилым исхэм дыкъацIыхункIэ пщыхьэщхьэ хъарзынэт мыр, уи щэнхабзэр ящIэмэщ, уи хабзэр ялъагъумэщ лъэпкъым лъытэныгъэ нэхъ щиIэр. УзыщыгуфIыкIын Iуэхугъуэу мыри диIэщ: Израилыр къэралыгъуэ зэрыхъуар, абы и тхыдэр, псэукIэр курыт школым зэрыщрагъэджыну тхылъыщIэ ягъэхьэзырырти, къэралым хуитыныгъэ къыдитащ мыбы адыгэхэр зэрисым, абыхэм я лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, щыIэкIэ-псэукIэм теухуаи хагъэхьэну. Мис апхуэдэурэ ди пщIэр нэхъ къэIэта хъунущ, нэхъыбэм дыкъацIыхунущи - ар узыгъэгушхуэщ.

«Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ **Битокъу Науркъан**:

- Дахэу екIуэкIащ пшыхьыр, дыкъызыхыхьахэм ягу зэрырихьар я Iэгуауэмрэ яIэ дэрэжэгъуэмкIэ тлъэгъуащ. Быдэу къызгурыIуащ зэкIэлъыкIуэным, зэрыщIэным, мис мыпхуэдэу зы утыку уздитыным иIэ мыхьэнэр. ДяпэкIэ дегугъун хуейщ хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу ди къуэшхэм нэхъыбэрэ дакIэлъыкIуэным, езыхэри ди хэкужь къедгъэблэгъэжыным. Кфар-Камэ къапщтэмэ, мыбы щыдгъэкIуа махуэхэр зэи дигу ихужынукъым. Ди бысымхэм я гуапагъыр псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, апхуэдизкIэ арэзы дыкъащIу, къытхуэсакъыу дагъэхьэщIащ, ди нэгу зрагъэужьащи. Уэрамым уздрикIуэм «ФыкъеблагъэI» къыбжезымыIэ урихьэлIэркъым. Псом нэхърэ нэхъ згъэщIэгъуар адыгэбзэ шэрыуэ зэраIурылъырщ, апхуэдэу зи щхьэ, зи лъэпкъ, зи бзэ зыхъумэжам пщIэ хуумыщIынкIэ Iэмал иIэкъым.

# Лъэпкъ тхыдэм и джэлэс



*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 6-нэ нап.)*

Адыгэ фащэр зэрызэрахьэр, адыгэм и къэшэкIэ-дэкIуэкIэр; адыгэ унагъуэм къыщыхъу сабий бжыгъэмрэ ахэр зэрапIымрэ; адыгэм и шхыныгъуэр къызыхищIыкIымрэ и ерыскъы нэхъыщхьэхэмрэ; адыгэр къызытехъукIамрэ нобэрей хэхэс гъащIэмрэ. Абыхэм цIыхухэр яфIэгъэщIэгъуэну йоплъ, яхуэтIуатэ хъыбархэми йодаIуэ.

**- Хьэпшыпхэр щывгъэлъагъуэ пэшиплIым нэмыщI, Къанокъуэ Арсен и цIэр зезыхьэ пэши фиIэу жыпIащ.**

- Нэхъапэм Шэрджэс хэкум и картэр едгъэлъагъуурэ ди щIыпIэхэр зыхуэдар, ди къэфэкIэр, ди хабзэ зехьэкIэр яжетIэжырт. Ар зыфIэгъэщIэгъуэн псори зыщIэмыупщIэ щыIэтэкъым, ди макъамэхэр зыхуэдэр, ди утыку итыкIэр нэхъ зэщхьыр... Абы щыгъуэ дегупсысащ фильм кIэщIу зэхэдгъэувэрэ едгъэплъмэ, нэрылъагъу зэращыхъунум, дэри нэхъ дызэрытыншынум. Ди щIыпIэхэри, ди джэгухэри, ди хъыбархэри щызэхэдухуэна фильм си ныбжьэгъу Нэпсо Айбэч зэригъэпэщауэ, мис абы идогъэплъ. Ар илъэсих лъандэрэ догъэлъагъуэ. Иджы сценарий стхащ ди тхыдэр нэхъ къыхэщу, хъыбар нэхъыбэ цIыхухэм я деж нэдгъэсыфын папщIэ. Ауэ а лэжьыгъэр иджыри и кIэм нэсакъым. Дакъикъэ 25-рэ хъу фильмыр куэдщ щэнхабзэ центрым щыбгъэлъэгъуэну, ауэ ар мащIэщ адыгэм и фIыпIэ псори кърибгъэлъэгъуэну. А жыхуэсIар щекIуэкIыр Къанокъуэ Арсен и цIэр зезыхьэращ.

**- Журтхэм дауэ къащыхъурэ фи псэукIэр? Музейм къакIуэу нэхъ гъунэгъуу фыкъэзыцIыхуахэм сыт жаIэу дэкIыжрэ?**

- Ди музейм зэ къэкIуа журтым Iэмал имыIэу зыгуэр къыздишэнурэ къытригъэзэнущ. Е апхуэдэу зэ щыIахэм я ныбжьэгъухэм, я благъэхэм жраIэжри, зэхэтхащ музей гъэщIэгъуэн зэрыщыIэр, жаIэу къокIуэ. Ди тхыдэм, ди хабзэм, ди щыIэкIэм фIыуэ щыгъуазэ тщIа журтым жиIэр пщIэрэ: «Фэ сабий нэхъыбэ къыфщIэхъуэн хуейщ, фэ фхуэдэхэр нэхъыбэу тетын хуейщ мы дунейм». Ар дэ догъэщIагъуэ, журтым, дэ муслъымэнхэм, ар къыджаIэ. Абы къегъэлъагъуэ цIыхур лъэпкъ, дин зэхэгъэж пщIы зэрымыхъунур.

Музейм и мыхьэнэр хуабжьу инщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы сыхьэтым къриубыдэу цIыхухэм мыбы къыщащIэр университетым щебгъэджкIэ яфIэмыгъэщIэгъуэнынкIэ хъунщ. Мыбы къакIуэр мыр зэзыгъэлъагъуну зи нэ къикIращ, музейр зей лъэпкъыр нэхъ гъунэгъуу зэзыгъэцIыхуну хуейращ. Мис абы нэхъ тынш, нэхъ щхьэпэ ещI дэ ди лэжьыгъэр.

**- Зухьейр, а къакIуэ къомым ядэлажьэм музейм щыжиIэну хъыбархэр ищIэн зэрыхуейм и мызакъуэу, адыгагъэ хэлъу, бзэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирипсалъэу щытыпхъэщ. Хэт уэ къыбдэлажьэр?**

- Нобэ музейм администрацэ иIэ хъуащ цIыху зыбжанэ щылажьэу. Тхылъ Iуэхухэр тхузэфIигъэкIыу, къулыкъущIапIэхэм япыщIауэ зы пщащэ диIэщ. Гидхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, ар япэ къэсым пщэрылъ щыпщI хъунукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езым адыгэгу кIуэцIылъын, зи гугъу ищI Iуэхум е хьэпшыпым гурыIуэгъуафIэу тепсэлъыхьын, шыIэныгъэрэ гуапагъэрэ хэлъын хуейщ. Апхуэдэу иджыпсту цIыхуищ догъэлажьэ. Сэри махуэ къэс сахэтщ абыхэм. Си дежкIэ нэхъыщхьэр ахъшэ къэлэжьынракъым. АтIэ сыкъызыхэкIа адыгэм и тхыдэр си къуэшхэм яхуэхъумэнырщ, хамэ лъэпкъ щыщхэм егъэщIэнырщ. Иджыпсту нэхъыбэу сызыпылъыр музейр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ, хьэпшыпкIэ бей щIынырщ. Адыгэм теухуауэ зы псалъэуха нэхъ имытми, дэнэ къыщыдэкI тхылъри зыIэрызгъэхьэну сфIэфIщ. Хамэ щIыпIэхэм щыщу мыбы къакIуэ туристхэм къагурыреIуэ, езыхэм дыкъамыцIыхуми, дыкъэзыщIэ, къытщытхъу зэрахэтыр.

**- Музейр лэжьэн щхьэкIэ, дэтхэнэ IуэхущIапIэми хуэдэу, мылъку гуэр иIэн хуейщ. Фэ зыгуэр къывдэIэпыкъурэ, хьэмэрэ туристхэм къеIыфх ахъшэмкIэ фи щхьэ Iуэху дэвгъэкIыжрэ?**

- ЗэкIэ ди щхьэ Iуэху зетхуэжу аращ. Туристхэм ахъшэ къаIыдох, мащIэ дыдэщ мыбы укъыдыхьэн папщIэ птын хуейр, ауэ куэд къызэрыкIуэм ахъшэр егъэнэхъыбэ. ЗэкIэ къэдлэжьымрэ дгъэкIуэдымрэ зэхуэдиз дыдэщ. Къэралым налог куэд идот, Хасэу щытамэ, зы шекели тIахынутэкъым. Иджыпсту иужь дитщ «Шэрджэс хасэ» къызэIутхыну, музейм ейуэ, итIанэ ди Iуэхур нэхъ тынш хъунущ. Щылэжьэну нэхъыби зыхуэтшэсыфынущ.



**- Уи мурадхэм дыщыбгъэгъуэзэн?**

- Си хъуэпсапIэм деж щезгъэжьэнщи, мыбы къыдыхьэхэм ди лъэпкъ хабзэмрэ ди Iэщэ-фащэхэмрэ апхуэдизкIэ ягъэщIагъуэу, ягъэхъыбарыжу зэхыдохри, нэхъыбэ къыткIэлъыкIуэну сыхуейщ. Ауэ нэхъыбэ къыпкIэлъыкIуэн папщIэ къыздэкIуэни, абыхэм япежьэни, ядэлэжьэни ухуейщ. КъищынэмыщIауэ, си лъэпкъыр схъумэжынымкIэ Iэмал хъарзынэщи, зезгъэужьмэ сщIэркъым, армыхъу хэзгъэкIуэдэжынукъым. Си лъэпкъым и къэкIуэнум теухуауэ си гур згъэкIуэдкъым, итIани илъэс 50 дэкIмэ, адыгэ щымыIэжыну къысщегъэхъу нобэрей зэхэтыкIэм. Адыгэ цIыхур кIуэдыжынукъым, ауэ ар адыгэу къызэрыпщIэ и бзэр кIуэдыжынкIэ шынагъуэ щыIэщ. Ди лъэпкъэгъухэр урысыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, журтыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ псалъэу щIадзэмэ, аракъэ хэкIуэдэжа хъужыр?

Сэ сыхуейт дэнэ къэрал ис адыгэми Адыгэ музей къызэригъэпэщыну. Iуэхум и пIалъэмкIэ дэ дагуэшэнт. Дэри ди Iуэху нэхъыфIу зэрыдэкIынум дыпылъынщ.

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

# Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэжраIэн я мащIэтэкъым

**Кфар-Камэ и хьэщIэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ зэрылъагъун, нэхъ гъунэгъуу зэрыцIыхун папщIэ зэIущIэ къызэрагъэпэщат фестивалым и пэ къихуэ махуэм. Абы кърихьэлIащ нэхъыжьыфIхэри щIалэгъуалэри.**

ЗЭХУЭСЫР къыщызэIуихым Адыгэ музейм и унафэщI **Тхьэухъуэ Зухьейр** жиIащ жылэдэсхэм «Кабардинка» ансамблым куэд щIауэ я нэр къызэрыхуикIыр, «Ислъэмейр» зыбжанэрэ щыIами, абыи зэрыхуэзэшар.

Кфар-Камэ жылэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ фестивалым къыхуеблэгъахэм хуабжьу зэрахуэарэзыр. Илъэс къэс екIуэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэм Тыркум, Иорданием я къэфакIуэ гупхэр, Адыгэ Республикэм и «Налмэс», «Ислъэмей» ансамблхэр зэрыщыIар, иджы япэу кIуа «Кабардинка» ансамблым я гур зэрыхигъахъуэр жиIащ. Апхуэдэ зэIущIэхэр хамэ щIыгум щыпсэухэм я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным зэрисэбэпыр, фестивалым еплъ щIалэгъуалэм ди щэнхабзэм и беягъым гу лъитэурэ и зэхэщIыкIым зэрызиужьыр жиIащ Закарие.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ хэкурысхэмрэ къабгъэдэкI сэлам гуапэ фызох, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** псалъэ щратым. - Израилым ис адыгэхэм я хъыбарыфI куэд зэхэтхырти, ди нэ къикIырт дыкъэкIуэну. Дызэрыфхэта махуэхэм тлъэгъуащ фи бзэри фи хабзэри фхъумэжу дахэу фызэрызэхэсыр. Тхьэм фригъэфIакIуэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** зи гугъу ищIар хамэ къэрал куэдым щызэбгрыпхъа адыгэхэм ящыщу иджыпсту зи Iуэху нэхъыфIыр журт хэкум исхэр зэрыарарщ, абы къуажэдэсхэм фIыщIэ яхуищIащ адыгагъэм хуэпэжу, лъэпкъ щIэиныр яхъумэу къызэрыгъуэгурыкIуэм щхьэкIэ. «Хэкум гъэзэжынмыгъэзэжыныр дэтхэнэ зыми и Iуэхужщ, ауэ фэ фIыщIэ хэха сыт щыгъуи фхуэфащэщ апхуэдиз илъэс бжыгъэм нэгъуэщI лъэпкъхэм фахэмышыпсыхьыжынымкIэ къыфлъыкъуэкIа зэфIэкIымрэ къарумрэ папщIэ. Къэралыбзэ зыбжанэ щадж мы хэкум бзиплI вгъэшэрыуэу фызэрисым фи пщIэр еIэт, ауэ ар нэхъри зыгъэлъагэр фи анэдэлъхубзэр зэрызыщывмыгъэгъупщэрщ», - жиIащ ХьэфIыцIэм.

- КъБР-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкIэ я лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу фIэхъус фызох, - къыпищащ адэкIэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. - Сыт хуэдэ лъэпкъри лъэпкъ зыщIыжыр нэхъыжь губзыгъэрэ щIэблэ узыншэрэ иIэнырщ. Фэ а тIури фызэриIэр тлъэгъуащ. Фи жылэм хуэдэу къабзэрэ дахэрэ зыщIыпIи сыщрихьэлIакъым. Ди къэфакIуэ гупым и утыку итыкIэр, адыгэ фащэм и дахагъыр, хэкурысхэм я дуней тетыкIэр фэдгъэлъагъумэ тфIэигъуэу дыкъыфхыхьауэ аращи, дыкъыщIэкIуэр гуфIэгъуэ защIэу, фи накIуэр тхуэмахуэу куэдрэ Тхьэм дызэкIэлъигъакIуэ.

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и унафэщI **Атэбий Игорь** жиIащ езыхэм ягъэлъэгъуэну концертым нэмыщI, Кфар-Камэ иIэ «Ди псэ» ансамблым и зэфIэкIыр зригъэлъагъуну и нэ къызэрикIыр. КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ зэгъусэу зы утыку итыным сэбэпынагъ къызэрыпэкIуэнум шэч къызэрытримыхьэри къыхигъэщащ.

«Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэ **Агъыржэнокъуэ Саниетрэ** солисткэ **ХъуакIуэ Сусаннэрэ** жаIащ Израилым ис адыгэхэм пыщIэныгъэ быдэ зэрыхуаIэр, уеблэмэ зэблагъэу зэрыгъуэтыжахэр лъэныкъуитIымкIи зэрыщыIэр, сыт щыгъуи я гуапэу къызэрыкIуэр, Кфар-Камэ адыгэ щIыгу цIыкIу хуэдэу къазэрыщыхъур.

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъ быдэу зэпыщIа хъуным, хэкум гъэзэжын Iуэхум, лъэпкъым и къэкIуэнум теухуауэ бысымхэм я упщIэхэм жэуап иратащ ди гупым и унафэщIхэм.



Хэкужьым икIа гупым и пашэхэр.



Къуажэдэсхэр зэIущIэм кърихьэлIащ.

**ХЪУН Щэукъуий:**

• Рихьэние

# Адыгэ пшынэм сабиигур епсыхь

*ЕтIуанэ адыгэ жылэу Израилым итыр Кфар-Камэ и ищхъэрэ лъэныкъуэм хуозэ - Рихьэниещ абы зэреджэр. Ар Ливаным и гъунапкъэм пэгъунэгъущ. Жылэм цIыху 1000-м нэблагъэ дэсщ, къанэ щIагъуэ щымыIэу абазэхэхэщ, хьэрып унагъуэ зыбжанэ яхэсщ.*

*Ди лъэпкъэгъухэр зэрытIысхьа щIыпIэм исахэр фIыуэ къазэрыхущымытар наIуэ къещI Рихьэние къуажэм и пасэрей хьэблэм и ухуэкIэм. Кавказым унэхэр щхьэж зэрыхуейм хуэдэу щагъэуву щытамэ, мы хьэблэр быдапIэ щIыкIэу ухуащ, эллипс щытыкIэ иIэу, и гупэмкIи щIыбагъымкIи куэбжэ хэлъу. Унэхэм я щIыбагъ блынхэр быдапIэ блыным йоуалIэ. Зэгъунэгъухэри блынхэмкIэ зэпыгъэщхьэхукIащ, а блынхэм гъуанэ яIэщ, хъыданыжькIэ кудэжауэ. Шынагъуэ къэхъуамэ, а блын гъуанэхэмкIэ зым адрейм хъыбар иригъэщIэжырти, цIыхухъухэр псынщIэу унащхьэхэм щызэхуэсырт, бийм пэщIэтыну хьэзыру.*

*Рихьэние хуэдэу лъэпкъ тхыдэр къэзыгъэлъагъуэ, я адэжьхэм зэрахьа хьэпшыпхэм пщIэ хуэзыщI щыIэу къыщIэкIынкъым. Унагъуэ къэс ущрихьэлIэнущ апхуэдэ пасэрей Iэмэпсымэхэм. Ауэ къыдэкIуэтей щIэблэм къахуэсэбэпу, къуажэм къыдыхьэ хамэхэм адыгэ тхыдэр кърагъащIэу дэт музейращ нэхъыбэу дигу ирихьар. Ар къызэIузыхар, зыгъэлажьэр Хъун Щэукъуийщ. Музей ищIыжа а унэращ Щэукъуий къыщалъхуар. Пэш зыбжанэу зэхэт унэм хьэпшып, дэфтэр, видеофильм зэмылIэужьыгъуэхэр щIэлъщ тхыдэр къыпхуаIуатэу. Видео щагъэлъагъуэ пэшым, кинотеатр хуэдэ, шэнтхэр щIэтщ. Рихьэние щыдгъэкIуа махуэр Щэукъуий къытхуэзэригъэпэщащ, къуажэм дыкъыщришэкIащ, я унагъуэ дришэри, и щхьэгъусэ Iэсмэхъан и ерыскъы Iэфl дигъэшхащ. Езым депсэлъылIащ Рихьэние и псэукIэмрэ къуажэр къозыгъэцIыху музеймрэ теухуауэ.*

**- Щэукъуий, сыт и псэукIэ нобэ Рихьэние?**

- Рихьэние унагъуэ 250-рэ дэсщ, псори зэхэту цIыху 1000 щопсэу. Сыт хуэдэ адыгэ къуажэми ещхьу, джэдкъаз ягъэхъу, бжэн яIэщ, щIыгум толэжьыхь, хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыкуэдщ. Нэхъапэм щIым нэхъ делэжьу щытащ. Ауэ иджыпсту ди щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэт, компьютерым ирилажьэ, егъэджакIуэ куэд диIэщ, дзэм къулыкъу щащIэ.



Рихьэние и дыхьэпIэр

**- Сэ зэрызэхэсхамкIэ, мыбы мыадыгэ унагъуэхэри дэсщ.**

- Израилыр къэралыгъуэу зэраухуэ лъандэрэ дэсщ мыбы унагъуэ зыбжанэ. Ауэ абыхэм я щIэблэми дыдейхэм я гъусэу адыгэбзэр ядж, иропсалъэ, уеблэмэ я унагъуэхэм щапщэфIыр адыгэ шхыныгъуэщ. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, мыадыгэу забжыжыркъым.

**- Уэ къызэIупха музейм утезгъэпсэлъыхьынут. Абы щIэлъ хьэпшыпхэр уэ зэхуэпхьэса, хьэмэрэ къуажэдэсхэм я адэжьхэм я щIэинхэри къыщIалъхьауэ ара?**

- Музейр иджыпсту щылажьэ унэр Кавказым къикIыу мыбы къэIэпхъуа си адэжьым ищIа унэщ. Сэ езыр сыкъыщалъхуар, сыкъыщыхъуар мыращ. Илъэс 20 и пэкIэ къызэIусхащ мыр. ЩIэлъхэм я гугъу пщIымэ, сэ зэхуэсхьэса защIэщ. Иджы си мурадщ музейм тIэкIу зезгъэубгъуну, унэм метр зэбгъузэнатIэ 200 хуэдиз къыпысщIыхьыну. Адыгэм нэхъапэм къигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр згъэхьэзырурэ щIэслъхьэнущ. Рихьэние къыдыхьэ, музейм къыщIыхьэ туристхэр зыщIэупщIэ хабзэхэм жэуап нэрылъагъу яIэн щхьэкIэ.

**- Музейм и къалэн нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, хамэ щIыпIэ щыхэхэсхэм я тхыдэр хъумэнымкIэ Iэмал хъарзынэщ мыр. Ауэ ди лъэпкъэгъухэм нэмыщIи, зыфIэгъэщIэгъуэну къыщIыхьэ нэгъуэщI цIыхухэр щыIэ?**

- Нэхъыбэу къыщIыхьэр хамэ лъэпкъщ. Ахэр журтхэмрэ хьэрыпхэмрэщ. Зы мазэм къриубыдэу цIыху 1500 - 2000 къыщыкIуэ щыIэщ. Абыхэм яжызоIэ адыгэм и къежьапIэр, и натIэ хъуар, нобэ и псэукIэмрэ и хэкужьым и хъыбарымрэ. Зи гугъу сщIыхэм дэ фIы дыдэу дыкъацIыху икIи дыкъалъагъу, мыбы дызэрисри, адыгэ къуажитI диIэу дызэрыщыпсэури ящIэ. Ауэ ди тхыдэмрэ Израилым дыкъызэрыщыхутамрэ хащIыкIыр мащIэщ. Мис абыхэм яфIэгъэщIэгъуэну къодаIуэ туристхэр. Сэ абыхэм картэхэр, дэфтэрхэр язогъэлъагъу, ди щэнхабзэр зэрыбейм, ди цIыхухэр зэрызэчиифIэм, ди хэкум и теплъэм дискхэмкIэ изогъэплъ.

**- Фи «Iуащхьэмахуэ» ансамблыр илъэсий и пэкIэ Налшыки Мейкъуапи зэрыщыIар, ди районхэм концертхэр зэрыщитар сощIэж. Абы щыгъуэщ уэри укъыщысцIыхуар. Ансамблыр щыIэж, хьэмэрэ а цIыкIухэр балигъ хъууэ зэбгрыкIыжа?**

- Балигъ хъур хэкIыж къудейуэ аращ, армыхъумэ адыгэ къафэм щIэблэр хуэгъэсэныр зэи Iэщыб тщIакъым. Сабийм щегъэжьауэ идогъасэ адыгэ макъамэмрэ къафэмрэ. Илъэс 15 хъуауэ ахэр тхуэзыгъасэр Налшык къикIыжу зи хэку къэзыгъэзэжа журт щIалэщ. Уэ зи гугъу пщIы ансамблым ди къуажэр зыхиубыдэ районми нэгъуэщI щIыпIэхэми куэдрэ зыкъыщегъэлъагъуэ, дэ ди деж фестиваль щедгъэкIуэкIми дахэу хэтщ.

**- Рихьэние сыкъыщыдыхьэм згъэщIэгъуар я нэхъ цIыкIу дыдэхэри адыгэбзэкIэ зэрыпсалъэрщ. Кфар-Ками апхуэдэщ. Сыт абы и щэхур? ЛIэщIыгъуэрэ ныкъуэм къыпхрыфха адыгэбзэр апхуэдэу къабзэу сабийхэм яIурылъыныр зи фIыгъэр хэт?**

- Псом япэу унагъуэращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къалъхуагъащIэ цIыкIур и ныбжь нэса нэужь, къызэрыпсалъэр адыгэбзэщ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр? Зэхих бзэр аращи! Зы унагъуи дэскъым Рихьэние нэгъуэщIыбзэкIэ псалъэу. Псоми уэр-сэру ящIэ журтыбзэр, хьэрыпыбзэр, инджылызыбзэр къыщысэбэпыр къуажэ щIыбращ. Пэжыр зыщ: псэлъэн, къикIухьын щIимыдзэ щIыкIэ ди сабийм и адыгэгур адыгэ пшынэм епсыхь.

**- Гъэ къэс чэзууэ къызэвгъэпэщ фестивалым и мыхьэнэр уэ дауэ къызэрыбгурыIуэр?**

- Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ дызэхыхьэн, дызэрыщIэн хуейщ. Фэ дывдэплъеймэ, дэри дызыхэсхэм зэи дахэшыпсыхьынукъым. Аращи, сэбэпышхуэщ дыщыпсэу хэгъуэгум щхьэусыгъуэ зэмыщхьхэмкIэ фыкъихьэныр, дэри ди сабий ансамблхэр нэтшэныр. Апхуэдэ фестивалхэр зы махуэ мыхъуу, махуэ зыбжанэкIэ егъэкIуэкIын зэрыхуейри къыдгурыIуащ. Кфар-Камэ щекIуэкIа пшыхьым цIыху мини 5-м нэблагъэ кърихьэлIа щхьэкIэ, жэрдэм зиIэ псори нэкIуэфакъым. Куэд къэнащ емыплъу, къыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэ зи гугъу пщIыми, си гугъэщ куэд кърихьэлIэну, зэ еплъахэми къытрагъэзэну.

**-Тхьэм уигъэпсэу. Жылэ махуэ Тхьэм фищI!**

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**


Хъун Щэукъуийрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Кфар-Камэ щекIуэкI фестивалым йоплъ.


Израилым и премьер-министр Бегин Менахемрэ Рихьэние щыщ Къарзэдж Iэсхьэдрэ. *1979 гъэ*

## КЪАРЗЭДЖ Iэсхьэд

### Шапсыгъ пщIыхьхэр

Тиберие гъуджэ щхьэфэу
Хьисэ лъапIэр щызекIуам,
Сымылъхубынрэ сыIэщIджафэу
Хъалил лъахэ сыщалъхуам,
Жыг къудамэхэр дэщIыщIэу
Зы пщIыхь щхьэкIуэ къыщызоIэ.
Си жэщ гызхэр игъэхыщIэу,
Зы пщIыхь гуажэ щызэпоIэ...

ГъэдэщIыдэм и бжэIулъэу
А пщIыхь псыпсыр сфIощI жэщдауэ,
КъысщIэкIуар и набжьэ телъу
Зэман гъуэзри къожьэшхауэ.
Гъей гузасэм и нэхейуэ,
Псэр щызнакъым зауэ лыгъэм.
Жагъуэгъу хъуэным и нэхъуейуэ
Щхьэр хэслъхьакъым зэман Iугъуэм.

Шапсыгъ жыжьэм хуэзгъэш гъыбзэу,
Си пщIыхьэпIэ нэкурыт!
ГуащIэ лъэщым лъэр дэбгъабзэу
Жьы Iубыгъуэу зыкъызэт...
ПщIыхь дахащэу - щэIу-зэщIэвэм
Хы фIыцIэжьыр къыпогыз,
Зиущэхуауэ Псыжь и щхьэфэ
Си ныбжь щыгъуэр къыщоплъыз.

Гъунапкъэншэ а гурыгъур
Макъ зэпэджэу уэм изошэ.
Хэку уахътыншэ си Шапсыгъым
IукIуэтыху - сызыIэпешэ.

### НапIэзыпIэ

Лъахэжьым си псэ нэсхьэсауэ,
Къуршыбг и жьыбгъэр си уанэгут!
Лъэпкъыжь таурыхъыр къэтIысауэ,
Къафэ-уэрэдхэр схуигъэджэгут.

ЩIэлъэтырт си псэр къызэгиеу,
ЩIэлъэтти... Щатэурэ зиIэтт...
ХамэщI пхыдзауэ Рихьэние
Щисхар псэ тхъугъэу къызэIэжт.

ЕсшэкIырт IэплIэ гъуэгурыкIуэм,
СфIэмащIэт жысIэр, слъагъур... сщIэр!
ЗысхуэмышыIэу нэпс къызэкIуэм -
Алыхьым хуэзгъэтIылът шыкур...

Iупэ гъущIахэр щIэкIэзызэу,
Сызэрыт щIыгум сеIущащэрт:
«Уоу! Лъахэжь жьантIэу дыгъэ гъуазэ,
УIущщ! Улъэщщ! Тхьэм къыпхупищэ!».

Спыщэщу къумым къисха пшахъуэр
Къуршыпс и къабзэр къыщIэзгъалъэрт,
Алыхьу лъэщым сыхуэхъуахъуэу
Си лъахэм и цIэр хуэзгъэтIылъырт.

### Вагъуэ гъуазэ

Мухьэмэд и бзэ Iущыр фIыншащIэм щиткIухьым,
Мусэ щихъым и псалъэр гъэхуауэ согъаджэ.
ЩтэIэщтаблэу Инджылым и Щэху сыщыхыхьэм -
Гъадэ уаем и хьэкъыр псэ пкъынэм щожьачэ.

КъурIэн лъэщым и гуащIэр лъащIэншэу согъэфIри -
Гурыгъу хьэлъэ къыслъихьэм сщхьэщех IэтыгъуафIэу,
Ауэ... СиIэщ а псом къапекIуэкIыу щэджащэ:
Си лъэпкъыжьу IэфIыщэм и макъ тэмакъыщIэ!

Iуащхьэмахуэ и лъапэу псыхьэлыгъуэ Iущащэ, -
Iэхыныжьым и Iуфэу щIэщэщ мывэ кIэщхъ,
Аддэ, Лабэ и щыгу кърy закъуэу щыубзэ, -
Инжыджыщхьэ гъатхэпэм щыпэкIу дыгъэ уэшх...

СфIэкIуэда а лъахэжьыр Вагъуэ гъуазэу согъафIэ,
Зыхуэсшийрэ зысшэщIу, зэман кIагъуэр си гъуэгущ.
А хъуэпсапIэр лъэрыгъщи, сыщыпабгъэм - согуфIэ,
Адыгэбзэр си пщалъэщ! СимыIэжыр си Хэкущ!

*ЗэзыдзэкIар* **КЪАРМЭ Iэсиятщ.**


Зэанэзэкъуэхэу Натхъуэ Симэрэ Саусэррэ яхьэщIащ журналистхэу ТIэш Светланэрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ.


«Кабардинка» ансамблыр Бен-Гурион и цIэр зезыхьэ аэропортым (Тель-Авив) нэсащ.

## ХЬЭХЪУ Сафуан: Хэкум пэжыжьэу дызэрыпсэум нэхъ гуныкъуэгъуэ диIэкъым


Хьэхъу Сафуан

**Хьэхъу Сафуан Кфар-Камэ дэс нэхъыжьыфIхэм ящыщщ. И ныбжьыр илъэс 84-рэ хъуми, и акъылыр жанщ, езыри жыджэрщ. И унэбжэр сыт щыгъуи зэIухауэ хьэщIэ егъэблэгъапIэщ, и къуэрылъху-пхъурылъхухэр къепщIэпщIэкIыу жьыщхьэ махуэу мэпсэу. Кфар-Камэ дыщыщыIа махуэхэм Сафуан и унагъуэ дихьащ нэхъыжьыфIым дыбгъэдэсыну, Израилым щыхэхэс адыгэхэм я гугъу едгъэщIыну.**

- Хьэхъухэ шапсыгъщ, - къыддогуашэ Сафуан. - Хы Iуфэм Iусащ ахэр, иджыри Сочэ и Iэгъуэблагъэм къыщынауэ щопсэу ди унэцIэджэгъухэр. Хэкум къикIа си адэшхуэхэм я ещанэ лIакъуэр сэращ. Си адэ Алий и адэ Хьэрун и натIэ хъуауэ щытащ адэжь лъахэр ибгынэныр. Ахэр япэ щIыкIэ Тыркум къэкIуащ, Балканым щыпсэуащ, ауэрэ иджыпсту дызэрыс щIыпIэм дыкъыщыхутащ. Тыншу дыщопсэу Израилым, зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым Кфар-Камэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар адыгэ жылэщ, адыгэбзэ фIэкIа щызэхыумыхыу. Ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, иджыри къыздэсым хэкужьыр ди пщIыхь хэту допсэу.

Сафуан зэрыжиIэжымкIэ, ар адэжь лъахэм зыбжанэрэ къэкIуащ. Уеблэмэ Израилым къикIыу япэ дыдэу Кавказым къэкIуа гупым езыри яхэтащ.

- Сэ сыт щыгъуи жылагъуэ Iуэхум жыджэру сыхэтащ, - жеIэ Хьэхъум. - Кавказым кIуэ гъуэгур мащIэ дыдэу зэIуха щыхъум, щIалэ гуп дызэгурыIуащ зэ дыкIуэцIрыкIыну. Мы къэсIуатэр нобэрей хъыбаркъым, илъэс 66-кIэ узэIэбэкIыжмэщ къыщыхъуар. А лъэхъэнэм Кавказым укIуэн сщIэртэкъыми, зы жьыбгъэ гуэри къикIыртэкъым. Ауэрэ зэманым зихъуэжри, 1990 гъэм Тыркум щыщ адыгэ гуэрхэм кIуэну загъэхьэзырати, дэри апхуэдэ мурад дызэриIэр щызэхахым, гъусэ дызэхуэхъуащ. Япэ дыдэу Израилым дикIри цIыху 11 дыкIуат абы, паспортхэр, визэхэр зэдгъэпэщри. Хэкум ущIэхъуэпсу укъэхъуамэ, дэсхэр гуапэу къуэш хуэдэу къыпIущIамэ, сыт хэлът... Къэдгъэзэжыну дыхуэмейуэ дыдихьэхат. Хуабжьу гу пцIанэу къытIущIащ Сочэ щыпсэухэр, адыгэ жылэхэм дыдашэурэ зыдагъэплъыхьащ, къуажэдэсхэм дыхуагъэзащ, гуфIэгъуэрэ тхъэгъуэкIэ дыщагъэIащ, дэри дэрэжэгъуэ ин дгъуэтауэ дакъыхэкIыжащ. Абы иужькIэ Адыгейми дыкIуат.

Япэ «зекIуэр» зэфIэдгъэкIыу дыкъэкIуэжа нэужь, журтхэм яхэс дэ хэкум къикIыу япэу къытхыхьар Хьэдэгъэл Аскэрщ. ЖэщIри махуэри тхуримыкъуу, ди адэжьхэр щыпсэуа щIыналъэм и хъыбар къедгъэIуатэрт абы. ИужькIэ нэхъ дызэкIэлъыкIуэ щыхъум, си благъэ дыдэу ди дежи къакIуэу, я дежи сыкIуэу щытащ Чэпай Мурат.

Хьэхъу Сафуан и псалъэхэр щыхьэт техъуэрт а махуэхэм Кфар-Камэ щытлъэгъуам. Зи бзэр апхуэдэу къабзэу зыхъумэжа нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм яхэмыту къысщыхъурти, Сафуани абы арэзы дэхъуащ.

- Сэ Тыркум, Иорданием, Европэм хыхьэ къэралхэм, нэгъуэщI щIыпIэ куэдым сыщыIащ. Дэни щызэзгъэлъэгъуащ адыгэр зэрыщыпсэур. Кфар-Камэ и закъуэщ зэлъэпкъэгъухэр нэхъ гъунэгъуу щызэхэсу, адыгэбзэкIэ щыпсалъэу сызрихьэлIар. Ар зи фIыщIэр адыгэгу якIуэцIылъу, къызыхэкIар ящIэжу мыбы ис цIыхухэращ, къащIэхъуэ щIэблэм зи анэдэлъхубзэр яIурызылъхьэ адэ-анэращ. КъищынэмыщIауэ, дызыхэс къэралым и нэIэ къыттет зэпытщ, ди бынхэр ди бзэкIэ едгъэджэжыну хуит дыкъызэрищIым фIэкIа нэхъ хэмылъми, дыхуэарэзыщ. Хьэрыпхэмрэ журтхэмрэ ди къуажэ дэмыс щхьэкIэ гъунэгъу дыдэу къыщысхэщ ди хъуреягъым. Абыхэм ди сабийхэр ядоджэ, ди балигъхэр ядолажьэ. ЩызэгурымыIуэрэ лъэпкъкIэ зэбиин щIыхуей щхьэусыгъуэрэ я зэхуаку зэи къыдэхъуакъым. Хэкум пэжыжьэу дызэрыпсэуращ, армыхъумэ, дэ нэгъуэщI гуныкъуэгъуэ диIэкъым. Ди щIалэхэр нэхъыбэу дзэм хохьэ, сэри аращ си къулыкъуу щытар. ИужькIэ жылэ Хасэм секретару сыщыIащ. Зауэ, банэ щымыIэмэ, хъарзынэу дыпсэунущ, ди гъуэгухэр мыпхуэдэурэ зэIухауэ щытамэ, тыншу дызэкIэлъыкIуэфынут.

## Лэжьыгъэм хуэщхьэхыркъым

**Кфар-Камэ дэсхэм Iуэхуншэ зэрахэмытыр тлъэгъуащ дызэрыщыIа тхьэмахуэм къриубыдэу. Къэрал IуэхущIапIэхэм щылажьэу, улахуэ хъарзынэхэр къахьми (мазэ улахуэр ику иту доллар мини 3 мэхъу), куэдым уней сатущIапIэхэр, шхапIэхэр, щхьэц щIэщапIэхэр яIэщ, щIыгум толэжьыхь.**


Лейлэ игъэкI удзхэр.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу жыпIэмэ, дэ дыщыIащ Нэпсо Яхья и хэщIапIэм. Абы теплицэхэм щегъэкI помидор, нащэ, шыбжий, апхуэдэуи хъарбыз, хъэуан хесэ. Езы хадэхэкIхэр ищэм къыщымынэу, абыхэм жылэ къахех. Яхья игъэкIхэр хамэ къэрал куэдым ящэху, щIалэ зыбжанэ и дэIэпыкъуэгъуу зэрехьэ и Iуэхур.

- ТехникэкIэ тэмэму къызэбгъэпэщрэ епхьэлIэнухэр уиIэмэ, гугъукъым хадэхэкIым уелэжьыну, - жеIэ Яхья. - Ауэ сыт хуэдэ лIэужьыгъуэми щхьэхуэу уелэжьын хуейщ. Помидорыр къапщтэмэ, ар щагъэкIым щыгъын хэхакIэ фIэкIа ущIыхьэ хъунукъым, хадэм цIыхури техникэри щидгъэхьэкIэ, бактериер зыукI псы зэхэщIам хыдогъэувэ. Арыншамэ, упэлъэщынукъым, уз гуэрым иубыдынурэ Iуихынущ. ХадэхэкIыр илъэсым тIэу къыдохьэлIэж. Ар зыщэхухэри диIэщи, гугъу дыдехьыркъым.

Апхуэдэу дэ дыщыIащ удз дахэ куэд зыгъэкI Щхьэгъум Лейлэ деж. Кфар-Камэ и уэрамхэри, дэс унагъуэхэм я пщIантIэхэри зэрыдахэр куэдкIэ и фIыщIэщ Лейлэ. Абы и удз щапIэм щIэмыт гъэгъа лIэужьыгъуэ щыIэ хъункъым. А псоми яхуэсакъыу, елIалIэу зэрехьэ Лейлэ икIи зыщэхуну жэрдэм зиIэ псоми зыхуейр къахуегъуэтри, арэзы ещIыф.

- Илъэсих хъуащ мы Iуэхум иужь сызэрихьэрэ, - жеIэ Лейлэ. - Си щхьэгъусэ Сэлимрэ сэрэ дызэдэIэпыкъужу долэжь, ди малъхъэри къыддолажьэ. Ди удз гъагъэхэм яхэтщ пэш кIуэцIыр зэрагъэдахэхэри, пщIантIэм дагъэувэхэри. Уеблэмэ ди къуажэ къыдэлъэдапIэм деж щыфлъэгъуа дахагъэхэри дэращ зи Iэрыкlыр.

Удз гъэгъам сызэрыдихьэхрауэ къыщIэкIынщ мыхэр згъэкIыныр, сщэныр къызыхэкIар. Удзым езым псэ хэтым хуэдэщ, ахэр фIыуэ плъагъумэ, уемылIэлIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дэтхэнэми гулъытэ хэха хуэпщIу сабийм хуэдэу убгъэдэтын хуейщ. ЖьауапIэ зыфIэфIыр жьауэм щIэтын хуейщ, дыгъэм хэтын зи щIасэр жьауэм пхьы хъунукъым, унэ кIуэцIым щагъэкI гъагъэхэри щхьэхуэу зызохьэ. Ди жылэм дэсхэм я закъуэкъым дгъэкIхэр зыщэхур, атIэ хамэ къуажэхэми къокIри, яфIэфIу къащтэ. Абыхэм Iэмал имыIэу яжепIэн хуейщ удзым фIэфIыр, фIэмыфIыр. Ар къалъытэрэ егугъумэ, куэдрэ псэунущ, я унэмрэ лъапсэмрэ игъэдахэу.


Мыпхуэдэ удзхэмкIэ ягъэдахэ Кфар-Камэ.

## НЭПСО Айбэч:

# Уи анэдэлъхубзэм хуэпщI пщIэращ псоми лъабжьэ хуэхъур

**Километр мин бжыгъэ зэпыбупщIу, кхъухьлъатэхэр зэпхъуэкIыу нэгъуэщI къэрал укъыщыхутауэ къыпщыхъуркъым Кфар-Камэ ущыдэткIэ. Абы и хьэуами адыгэмэ хэтщ. Зи бзэ пщIэ хуэзыщIыж хэхэс адыгэ дунейм тетмэ, ар Израилым исхэрщ. Адыгэбзэр зэраджыр дэ къэдгъэсэбэп алфавитырщ - кириллицэрщ. Ар нэхъ къыщIыхахари я адэжь щIыналъэм щыпсэухэм а алыфбейр къызэрагъэсэбэпыр аращ. Щыпсэу къэралыгъуэр фIыуэ къазэрыхуущытыр къагъэсэбэпурэ, абы щыпсэу адыгэхэр я бзэм и пщIэр къызэраIэтыным хущIокъу.**



КЪУАЖЭМ ущыдыхьэкIэ гъуэгугъэлъагъуэхэм тет псалъэхэр журтыбзэкIи адыгэбзэкIи тетхащ, Iуэхущ IапIэу дэтми, уэрамхэми я цIэр адыгэбзэщ зэрытетыр икIи адыгэцIэщ зэрахьэр - Къэбэрдей, Шапсыгъ, Iуащхьэмахуэ, Хъан гъуэгу, Налшык, Псы, Мазэ...

Кфар-Камэ щыпсэухэр зэрыпсалъэр шапсыгъ диалектырщ. Я бжэкIэми зы гъэщIэгъуэн хэлъщ. Псалъэм папщIэ, дэ щэщI, плIыщI жытIэмэ, абыхэм пщIырыпщIыбжэр ящIэркъым: щэщIым и пIэкIэ тIощIрэ пщIырэ, щэ нықъуэм щхьэкIэ тIощIитIрэ зыпщIрэ жаIэ.

Абы дыщыIэху гугъу зыкъыддезыгъэхьахэм ящыщщ Израилым ЭкономикэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ, Кфар-Камэ щыIэ Адыгэ Хасэм жыджэру хэт Нэпсо Айбэч. ЗыплъыхьыпIэхэмрэ щIыпIэ дахэхэмрэ я хъыбарыр къыджиIэурэ дишащ икIи дигъэлъэгъуащ абы. Айбэч ящыщщ къуажэ уэрамхэм адыгэцIэ зэрахьэнымкIэ жэрдэмыр къыхэзылъхьэу ар пхызыгъэкIахэм.

- Илъэс зыбжанэ и пэкIэ щIалэ гуп дызэхэсу ди хъуэпсапIэу къэтIуэтауэ щытащ, ди уэрамхэм адыгэцIэ зэрахьэныр насыпышхуэу къызэрытлъытэр. Ди щIалэгъуэт, ди къару илъыгъуэти, дызэрыгъэгушхуэри Iуэхум дыхуежьащ. УэрамыцIэхэм ятеухуауэ Израилым и къэрал хабзэхэр зэдгъащIэщ, абы папщIэ зызыхуэгъэзапхъэхэм депсалъэри, ди мурадым яужь дихьэмэ, зэрытхузэфIэкIынур къыдгурыIуащ. ЩIалэ хъарзынэхэр хэтт Хасэми, дызэхэтIысхьэри, къэдгупсысащ уэрамхэм цIэуэ хуэдгъэфащэхэр. Нэхъыщхьэу хэтлъагъуэр уэрамым и цIэм укъеджэмэ, адыгэр уигу къигъэкIын зэрыхуейрт, ди сабийхэм ялъагъурэ щыщIэупщIэкIэ, псалъэм къикIымрэ ар къыздитхамрэ яхуэтIуэтэныр щхьэпэнут. Хабзэм тету, программэ дгъэпса нэужь, Хасэм етхьэлIэри, тхузэрагъэзэхуащ, здегъэхьыпхъэхэм ирагъэхьащ. Зэман текIуэдащ, ауэ зыми къытпиубыдаIакъым, зэрыфлъагъуэщи, нобэ нэр игъэгуфIэу, гур хигъахъуэу фIэлъщ.

**- ЩIалэгъуалэм я гугъу щыпщIакIэ, сыщIэупщIэнут, сыт хуэдэ IэщIагъэхэм нэхъ хуеджэрэ?**

- Ди щIалэгъуалэм я нэхъыбэр гъунэгъу къалэхэм дэт университетхэм щIотIысхьэ. Зыхуеджэр сыт жыпIэмэ, дохутыр, уэчыл, инженер, егъэджакIуэ IэщIагъэхэр нэхъ къыхах. Дэ куэд диIэщ заводхэм, фабрикэхэм инженеру щылажьэу, бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ егъэджакIуэу, унафэщIу IуэхущIапIэхэм щыIэу. Нэхъыбэр щылажьэр Хайфэрэ Тибериерэщ, ахэр нэхъ ди гъунэгъущи. Ди щIалэ куэдым дзэм, полицэм къулыкъу щащIэ.

**- Я нэхъ цIыкIу дыдэри адыгэбзэкIэ зэрыпсалъэм, фи къуажэм нэгъуэщIыбзэ зэрыщызэмыкIуэм хуэдэ нэгъуэщI зы къэрали ущрихьэлIэнукъым, Урысей Федерацэри яхэту. Сыт абы и щхьэусыгъуэу уэ къэплъытэр.**

- Пэжщ ар! Ар тхэлъщ! Къуажэ щIыбым ди Iуэху щыдэдгъэкIыу хамэбзэкIэ дыщыпсалъэ щхьэкIэ, дыкъызэрыдыхьэжу адыгэбзэм дытохьэж. Ар къыщежьар нобэкъым икIи дыгъуасэкъым. АтIэ ди адэжьхэм къытхалъхьам дытету аращ. Уи анэдэлъхубзэм хуэпщI пщIэращ псоми лъабжьэ хуэхъур, армыхъумэ нэгъуэщI лъэпкъ ухэс щхьэкIэ ар пфIэкIуэдын хуейкъым. Дэ, адыгэхэм, ивритыр фIыуэ къыдощтэ, зыдогъэщIэф, уеблэмэ езы журтхэм ягъэщIагъуэу нэхъ пэжу дропсалъэ. Ауэ абы къикIыркъым бзэ ныкъуэу дыщытын хуейуэ, уи бзэр умыщIэжу, дауэ «сыадыгэщ», - жыпIэн?!

**- Уэ экономикэмкIэ министерствэм ущолажьэ. Узыхуей IэщIагъэр зэбгъэгъуэта нэужь, лэжьапIэ тыншу къэбгъуэтрэ?**

- ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ уиIэмэ, уIэщIагъэлI хъарзынэмэ, укъагъэщIэхъунукъым. Уеблэмэ, узэрыадыгэр къащIамэ, нэхъ гулъытэ, дэчых къыпхуащIынущ. Сэ нэгъуэщI лъэпкъ щыщхэм жаIэу куэдрэ зэхэсхащ адыгэр зэрыцIыху пэжыр, и лэжьыгъэр гугъэзагъэу зэрызэфIигъэкIыр, дзыхь хуэпщIар езым и щхьэ Iуэху хуэдэ зэрызэфIихыр. «Iуэху гуэр адыгэм и пщэ дэплъхьамэ, угъуэлъыжу ужей хъунущ», - жаIэ журтхэм.

Айбэч лэжьыгъэ зэманым къыщыдэхуэкIэ, Адыгэ музейми щолажьэ. Бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрищIэм къыхэкIкIэ, Кфар-Камэ къыдыхьэ туристхэми адыгэм и блэкIамрэ нобэ и щыIэкIэмрэ ирегъэцIыху, музейм щIэлъ хьэпшыпхэм я мыхьэнэмрэ къызэрагъэсэбэпу щытамрэ яжреIэ, адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я къулеягъыр яхуеIуатэ.


Нэпсо Айбэч адыгэ Iуэхум хуэжыджэрщ.


Выщхьэ зэадэзэкъуэхэу Iэдэмрэ Iэсаирэ Мыщэ Анзаур я хьэщIащ.

# Щэджащэхэрэ ХъутIэжьхэрэ благъэ зэхуохъу


Рудинрэ Динэрэ унагъуэ хъуащ.

**Дэнэ щIыпIэ укIуэми лъэпкъ хабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ кърипщIэну Iэмал хъарзынэщ хьэгъуэлIыгъуэр, гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр. Кфар-Камэ дыщыдэса махуэхэм къриубыдэу Щэджащэхэрэ ХъутIэжьхэрэ благъэ зэхуэхъуащ. Къуажэм хьэщIэ зэрыдэсыр ящIэрти, щIалэм и лъэныкъуэм - Щэджащэхэ - хъыбар къыдагъэщIащ. Нысашэр телевиденэрэ газеткIэ хэкурысхэм я деж нэдгъэсыжыну щажетIэми, дыкъагъэщIэхъуакъым. Абыхэм яшэ пщащэр ди бысым унагъуэм къабгъурыс ХъутIэжьхэ япхъути, хъыджэбзым деж щекIуэкI Iуэхухэми дыхэплъащ.**

ЖУРТХЭМ яхэс ди лъэпкъэгъухэм я гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр зэрыдахыр ди деж щекIуэкIым техуэртэкъыми, тлъагъу псори тфIэгъэщIэгъуэну дыхэтащ. Щауэми нысащIэми я унэхэм махуэм шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, IэфIыкIэхэр щагъэхьэзыр. Щауэм и Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ щауэм и унэм, пщащэм ейхэр - пщащэм деж пщыхьэщхьэм щызэхуос. Япэу дыздэщыIар щIалэм и унагъуэрщ, щауэр зэдгъэцIыхун мурад диIа щхьэкIэ, ар унэм истэкъым, и ныбжьэгъу щIалэм я деж щыIэт, джэгу хуащIу...

А пщыхьэщхьэм нэхъыщхьэр нэчыхь тхынырти, ар муслъымэн диным къызэригъэувым хуэдэу ятхащ. Хэкужьым ис ди лъэпкъэгъухэм нэчыхь щатхыр нысащIэр щауэм и унэ ихьа нэужьмэ, Израилым щыщ адыгэхэм нэчыхьытхыр псом япэ ирагъэщ. ЗэгуэкIуа щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэгурыIуа нэужь, адэ-анэм нэчыхьытх махуэр яубзыхури, къуажэдэсым хъыбар ирагъащIэ. Гу зылъыттари гъэщIэгъуэнщ, телефони, унащхьэ чэзуи хэткъым, конвертым дэлъу егъэблагъэ тхылъыр зэбграгъэхыу аращ.

Нысэ къэзышэ Щэджащэхэ я пщIантIэм къуажэдэсхэри Рихьэние щыщ я благъэхэри щызэхуэсырт. ХьэщIэхэм адэ-анэм я Iэр яубыд, куэд щIауэ зэрымылъэгъуахэр зэщIоупщIэ, благъэ зэхуэхъухэр куэдрэ зэрыIыгъыну мэхъуахъуэ. АпщIондэху молэр щыхьэтитI и гъусэу, нысащIэм и унэм кIуэри, арэзырэ мыарэзырэ еупщIащ, тхылъым Iэ щIрагъэдзащ. ИтIанэ молэмрэ щыхьэтхэмрэ щауэм деж кIуэри, апхуэдэ дыдэу абыи щIрагъэдзащ. Ар зэфIэкIа нэужь, Щэджащэхэ къагъэзэжри, лъэныкъуитIми я щыхьэтхэр щысу, нэчыхьыр ятхащ. Апхуэдэ махуэхэм Iэнэ къаузэдыркъым, атIэ IэфIыкIэ, псы, шей, кофе хуэдэхэр пщIантIэм щагуэшу аращ.

А зэманым къриубыдэу щIалэр здэщыIэ унагъуэм джэгушхуэ щокIуэкI. Абдеж дэри щауэ Рудин щызэдгъэцIыхури дехъуэхъуащ. СыхьэтитI хуэдизкIэ джэгури, щIалэм и ныбжьэгъу гупыр и гъусэу хъыджэбзым я деж кIуащ.

ХъутIэжьхэ я пщIантIи уэрами гъэщIэрэщIат. Европей щыгъынкIэ хуэпа нысащIэр и ныбжьэгъухэм ящIыгъуу къафэу дэтт. Щауэр и ныбжьэгъухэр и гъусэу къэсри, нысащIэм сэлам ирихащ, Iэлъыни IэритIэгъащ. Хабзэр арати, Динэ дыщэхэкIхэр тыгъэ хуищIащ. Сурэтхэр зытрагъэхщ, ныбжьэгъухэр бгъэдыхьэурэ ехъуэхъури, торт яупщIэтащ. НыбжьыщIэхэм я Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ торт яшхыну ирагъэблагъэри, нысащIэм и ныбжьэгъу хъыджэбзхэм къахьа IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэри ягуэшащ.

Нэхъапэм мыпхуэдэ пщыхьэщхьэм щIалэр хъыджэбзым я деж жэщым къыщынэу щытащ, иджы махуэ зыбжанэкIэ нэгъуэщI къалэ макIуэ загъэпсэхуну.

КъыкIэлъыкIуэ махуэхэм зэблагъэхэм яубзыху кIэух хьэгъуэлIыгъуэр - нысэишыж джэгур - щыщыIэнур. Дэ хьэгъуэлIыгъуэм дыхэтакъым, ауэ дыкъэкIуэжа нэужь, Рудинрэ Динэрэ я сурэтхэр къытхурагъэхьащ. Абы щыщ адыгэхэм я хьэгъуэлIыгъуэр щекIуэкIыр ресторанращ, цIыху мин нэблагъэ кърихьэлIэу.

# Пэ зиIэм кIэи иIэу жаIэми...



Къумыкъу Шамсудин



Агъыржэнокъуэ Саниет



Щамырзэ Къазбэч

**Адыгэ щэнхабзэм и фестивалыр дахэу щекIуэкIащ Кфар-Камэ. Джэгумрэ къафэмрэ я закъуэкъым мы Iуэхум хэлъар, аратэкъым къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъыщхьэу халъагъуэри. АтIэ фестивалыр Iэмал хъарзынэщ хамэщIым щыпсэу хэхэс адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэнымкIэ, анэдэлъхубзэр яIурылъынымкIэ, хабзэр зэрахьэнымкIэ. Апхуэдэуи а зэхыхьэшхуэм и фIыгъэкIэ зэхуозэ, зэроцIыху дуней псом щикъухьа адыгэхэм я лIыкIуэхэр.**

АЖЫЛЭМ щыдгъэкIуа тхьэмахуэм мыхьэнэшхуэ иIащ ди дежкIи. Дэ тлъэгъуащ журтхэм яхэс адыгэхэм я бзэр зэрышэрыуэр, я хабзэм зэрытетыр, я пщIэр яIыгъыжу хамэ лъэпкъым зэрахэсыр. Языныкъуэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр ягъуэта пэтми, шэч къызытумыхьэжыныр зыщ - адыгагъэр яIэщIэхуакъым, журтхэм нэхъыщхьэу къызэрацIыхури арауэ жыпIэ хъунущ. Ахэр къабзэхэщ, цIыхуми Iуэхуми хуэпэжхэщ, зэгурыIуэ я зэхуаку дэлъхэщ, хамэхэм къэзэуатыншэу ядогъуэгурыкIуэф, я щхьэ яхъумэжыф, я щIэблэр къызыхэкIам хуэфащэу ягъасэ.

Къуажэдэсхэр хуейтэкъым дыкъаутIыпщыжыну... ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, дэри дыдахьэхати, куэд щIауэ зэрымылъэгъуа зэблагъэхэр зэрыгъуэтыжауэ фIэкIа умыщIэну дызэхэтащ. Махуэ псом ди нэгу зрагъэужьу, дагъафIэу дыкърашэкI пэтми, жэщми загъэпсэхуну хуейтэкъым.

Фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм я фIыгъэкIэ, щIыпIэ дахэ, лъапIэ куэд зэдгъэлъэгъуащ. ЩIыкурытыхым и Iуфэм Iус Израилым зыщуплъыхьынрэ уи нэгу зыщебгъэужьынрэ и куэдт. КъэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ а махуэхэм щыIащ хы Iуфэм Iут Рош-ха-Никра бгъуэнщIагъ телъыджэм. А бгъуэнщIагъым метр 200 хуэдиз и кIыхьагъщ. Абы и щIыпIэ зэхуэмыдэхэр хы толъкъунхэр къыжьэхэуэурэ гъуанэ ящIауэ ЩIыкурытыхым ухэплъэрт. Хуэмурэ бгым къеуалIэ хы щхъуантIэм и макъыр бгъуэнщIагъ кIуэцIым щышынагъуэт. ИтIани, къуэгъэнапIэ къэс узыщрихьэлIэ бгы гъуанэмрэ абы къыщIэуэ толъкъунымрэ нэр пIэпахыу дахэщ.

Пасэрей быдапIэхэр, члисэхэр, лIыхъусэжь пэш гъэщIэгъуэнхэр, мэжджытхэр зыдэт Акко къалэмрэ абы и лъабжьэм къыщагъуэтыжу зэфIагъэувэжа, иджы туристхэм я зыплъыхьыпIэ хъуа щIыщIагъ къалэжьымрэ гъэщIэгъуэн куэд къыщытщIащ. Пэш къэс зы тхыдэ къыщыпхуаIуатэ абы.

Динищым я къалащхьэу ялъытэ Иерусалим зыхуэбгъадэ хъун къалэ куэд дунейм теткъым. Ислъамым и унэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм хабжэ, уеблэмэ абыхэм я ещанэу къалъытэ аль-Акса мэжджытышхуэм дыщIыхьащ, зэдгъэлъэгъуащ иудейхэм, чристэнхэм я тхьэелъэIупIэ нэхъыщхьэхэри.

Жеякъым Кфар-Камэ а махуэхэм. Пщыхьэщхьэм дыкъекIуэлIэжа нэужьи, жэщщысхэр тхузэхашэрт. Дэ зи унагъуэ дыщыхьэщIа Нэпсо-Натхъуэ Симэ пщыхьэщхьэ къэс хьэщIэ и куэдт, и Iэнэр зэтетт. Ди гъусэ къэфакIуэхэм, пшынауэхэм, бэрэбэнауэхэм зыкъыкIэрагъэхуртэкъым къуажэдэсхэми. Езыхэм я пшынэхэр, бэрэбанэхэр, пхъэцIычхэр яIыгъыу къакIуэрти, зэгъусэу джэгухэрт, къафэхэрт. Пшынэ емыуэфрэ къэмыфэфрэ Кфар-Камэ дэскъым. Я нэхъ цIыкIури адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэм хуэIэзэщ. Выщхьэ Iэдэм и къуэ Iэсаи цIыкIу «Кабардинка» ансамблым и бэрэбэнауэм бгъурытIысхьэрти, зыкъыкIэримыгъэхуу еуэрт, езым и пхъэцIычыр дэгъуэу игъэбзэрабзэрт, къэфэнкIи хуэмыхутэкъым, «Ислъэмейм» и пшынауэ Iэзэ Мыщэ Анзаур и пшынэ еуэкIэми кIэлъыплъырт.

Мис апхуэдэу нэгузыужьу екIуэкIащ махуэхэри жэщхэри, «Кабардинка»-р зыщигъэпсэхуми къафэрт, «Ислъэмейм» уэрэд жиIэрт, къуажэдэсхэрати, я дэрэжэгъуэр кIэншэт.

Иужьрейуэ Кфар-Камэ щыдгъэкIуа пщыхьэщхьэм жылэм джэгу щытхузэхашат. ЦIыкIуи ини къеблэгъати, «Кабардинка» ансамблым хэт щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ щIалэ-гъуалэр къагъэуджащ. Гъуни нэзи иIэтэкъым къуажэм дэлъ гуфIэгъуэм, псалъэкIэ къахуэIуатэртэкъым бысымхэм я гум щыхъэр... Жэщыбг хъуху екIуэкIа джэгум иужь унагъуэхэм екIуэлIэжахэр нэхущ хъуху зэбгъэдэсыжащ.

Ди гупым хэтхэр зыхэсахэр унагъуэ етIуанэ яхуэхъуат. Дыкъыщежьэжыну пщэдджыжьым щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ къыдэзышыж цIыхухъухэр, цIыхубзхэр, щIалэгъуалэр нэщхъейт. Хуейтэкъым къаутIыпщыжыну. ApхуэдизкIэ зэсати, сэлам зрахыжхэр къэзылъхуа, къыдалъхуа фIэкIа пщIэнтэкъым. «Дывгъэтхъэжащ», «Ди тхьэмахуэр пщIыхьым хуэдэу кIуащ», - жаIэрт бысымхэм. Къызэрытпежьа гуапагъэмрэ къыдаха хьэщIагъэмрэ фIыщIэ дагъэщIыртэкъым, абы насыпыфIэ ирихъуар езыхэрауэ ялъытэрти. НапIэдэхьеигъуэу блэлъэтащ а махуэхэр. Ауэ зэи тщымыгъупщэну дигу къинащ ныбжьэгъу, къуэш, шыпхъу тхуэхъуауэ Израилым къыщыдгъэна ди лъэпкъэгъухэр. Сэлам зэтхыжу дызэбгъэдэкIыжа пэтми, километр мин бжыгъэхэр ди зэхуаку дэлъми, дызэрызэпыщIа лъынтхуэр зэрымымахэр хьэкъ сщыхъуащ. БлэкIа лъэхъэнэхэм елъытауэ нобэрей зэпыщIэныгъэр фIыкъэ?! Налшык дыкъыщетIысэхыжа пщэдджыжьым щегъэжьауэ зэпыуркъым ди зэхуэтхэнымрэ зэпсэлъэнымрэ. Нобэ телефоным дызэпищIэу арами, пщэдей ахэри ди унагъуэ къеблэгъэнущ, дэри иджыри тедгъэзэнущ. Пэ зиIэм кIэи иIэщ жаIэ, ауэ Кфар-Камэ щекIуэкIа фестивалым зэпищIа псэхэр зэи зэрыутIыпщыжынукъым!

## КъыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырам теухуауэ



*НэщIэпыджэ Замирэ Лиуан и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ФилологиемкIэ и институтым щеджащ, «Филолог. Редакцэм и литературэ лэжьакIуэ» IэщIагъэр иIэу ар 2002 гъэм къиухащ. ИужькIэ Белгород къалэм дэт университетым и къудамэу Налшык щыIэм экономист IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ.*

*2002 гъэм щегъэжьауэ «Адыгэ псалъэм» щолажьэ, иджыпсту газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ.*

*Замирэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президентщ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ НэщIэпыджэм мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ республикэм и министерствэ, нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэ куэдым я щIыхь тхылъхэр, ар Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ.*

## Адыгэ жылэхэм узыщрихьэлIэ унагъуэцIэхэр

**Кфар-Камэ къуажэм:**

Абэзэхэ
(Щхьэгъум)
ЛIыIув
ЛIыбий
Гуэркъуэжь
Бжьэдыгъу
(Бгъуащэ)
Хьэхъу
Хьэтыкъуей
Абрэдж
Выщхьэ
Нэпсо
Жэмыфэ
Щоджэн
Ачмыжь
БатIэ
БланэгъапцIэ
Бгъанэ
Куэблэ
ХъутIэжь
Натхъуэ
Нагъуэ
Тхьэухъуэ
(Гъуагъуэ)
ХыдзэлI
Хьэдищ
Хъуран
Щэджащэ
Щхьэлъахъуэ
ТIэщ
Джэндар
Къуаджэ
Хъуран
Къалэ
КIытIыжь
Къарзэдж
Фаджэ
Бошнакъ

**Рихьэние къуажэм:**

Гъыш
ЛIыщэ
Хьэпэпх
Щхьэгъум
Шэгуж
Хъуажь
Къуэш
ГутIэ
Пщыбий
Цей
ХъутIыжь
Абэзэхэ
Хьэжы
Къарзэдж
(Шапсыгъ)
Мэлыщ
Хъун
Хьэхъу
Мусэ
МышкIур
БатIэ
Хъуршыд
Ростом
Бэлагъ
Нэгъуей
Тэтэр
Индрис



Фестивалым хэта къэфакIуэ гуп.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетыр №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Индексыр 51531
Тираж 4.000
Заказ №1327